**O`zbekistan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı**

**Tariyx fakulteti**

# «Garezsizlik – Ozbekstan xalqiniń tariyxiy jeńisi»

**Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi**

**PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI**

**İlimiy basshı:**

**doc. Z. Seytova**

**No`kis - 2017**

Pitiriwshi talaba Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi « Garezsizliq – Ozbekstan xalqinin' tariyxiy jen'isi» temasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı «Milliy ideya, ruwxıylıq tiykarları ha`m huqıq ta`limi» kafedrasının` 2017-jıl «______» _________ ku`ngi «____»-sanlı protokolı tiykarında ma`mleketlik attestatsiya komissiyasının` qorg`awına jiberiwdi usınıs etedi.

Milliy ideya, ruwxıylıq tiykarları
ha`m huqıq ta`limi kafedrası baslıg`ı: A.Embergenov

Pitiriwshi talaba Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi « Garezsizliq – Ozbekstan xalqinin' tariyxiy jen'isi » temasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı «Milliy ideya, ruwxıylıq tiykarları ha`m huqıq ta`limi» kafedrasının` 2017-jıl «______» _________ ku`ngi institut rektorının` «____»-sanlı buyrıg`ı menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasına qorg`awg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyası qararı menen Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi pitkeriw qa`nigelik jumısına ____ ball qoyıldı.

# Garezsizliq – Ozbekstan xalqinin, tariyxiy jen,isi

**Jobası:**

**Kirisiw……………………………………………………………………**

**I-BAP G`A`REZSIZLIK - XALQI`MI`ZDI`N` ULLI` TARIYXI`Y JEN`ISI**

I. 1. O’tiw da’wiri h’a’m elimizdin’ qıyınshılıqları, jetiskenlikleri………

I. 2. G`a`rezsizlik ha`m milliy-ruwxi`y tikleniwdin` a`hmiyeti, mazmuni` ha`m maqsetleri…………………………………

1.3.G`a`rezsizlik ha`m milliy-ruwxi`y tikleniw ushi`n ali`p bari`lg`an gu`resler..............................................................

I. 4. G’a’rezsizliktin’ jan’a da’wiri jetiskenlikleri h’a’m wazıypaları

**II-bap. G’a’rezsizlik jıllarındag’ı Watani`mi`zdın’ kelbeti**

II.1. Biyg’a’rez elimizdin’ ruwxi`y h’a’m ma’deniy qayta tikleniwleri….

II.2.Biyg’a’rez elimizdegi erkin rawajlanıwlar h’a’m do’retiwshilikler........

II.3 Watani`mi`zda milliy-ruwxi`y tikleniw boyi`nsha a`melge asi`ri`lg`an iygilikli isler**…………………………………………………………..**

Juwmaq……………………………………………………

Paydalani`lg`an a`debiyatlar ……………..……………………………

## Kirisiw

G’a’rezsizlik xalqımızdın’ a’sirler dawamında a’rmanı, ko’p jıllıq gu’reslerdin’ na’tiyjesinde qolg’a kirgizilgen ullı tariyxıy jen’is bolıp tabıladı. Jigirma bes jıldan berli elimiz o’z ta’g’dirin o’z qolına alıp, elimizdin’ jan’a turmıs, jan’a ja’miyet qurıw ushın, pida’kerlik penen miynet etpekte. G’a’rezsizlik jılları Birinshi Prezidentimiz İslam Karimovtın’ basshılıg’ında mine usı iygilikli maqset jolında erisilgen salmaqlı tabıs h’a’m na’tiyjeler, ken’ ko’lemli o’zgerisler, sheksiz imkaniyatlar menen xalqımız bu’gin qanshelli maqtansada arzıydı.

**Temamizdi`n` aktualli`g`i`.** Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov 2012-ji`li` 9-mayda Eslew ha`m qa`dirlew ku`nine bag`i`shlap o`tkerilgen ma`resimde o`sip kiyati`rg`an jas a`wlad g`a`rezsizligimiz tariyxi`n teren` u`yreniwi, bunday ku`nlerge an`satli`q penen erisilmegenin tu`sinip an`lap jetiwi za`ru`rligin ayri`qsha ko`rsetip o`tken edi.[1] Birinshi Prizidentimiz elimizdi rawajlandi`ri`u, xalqi`mi`zdi`n` bu`gingi ha`m erten`gi turmi`si` ti`ni`shli`q ha`m turaqli`li`qti` saqlaw, regioni`mi`z ha`m du`n`ya ju`zindegi jag`dayg`a baylani`sli`li`g`i` haqqi`nda, usi` pikirlerdi ba`rinen buri`n jaslardi`n` qa`lbi ha`m sanasi`na sin`diriw bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli ma`selelerinen ekenine ayri`qsha itibar qaratti`.

Ja`ne de ruwxi`yli`q ma`selelerine toqtali`p o`ter eken Jurtbasshi`mi`z o`zinin` «Joqari` ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh» degen miynetinde: «Babalari`mi`zdi`n` oy-pikiri ha`m danali`g`i` menen jarati`lg`an en` ertedegi tas jazi`wlar ha`m bitikler, xali`q awi`zeki do`retiwshilik u`lgilerinen tarti`p, bu`gingi ku`nde kitapxanalari`mi`zdi`n` g`a`ziynelerinde saqlani`p ati`rg`an mi`n`-mi`n`lag`an qol jazbalar bizin` ulli` ma`nawiy bayli`g`i`mi`zdur. Bunshali`q u`lken miyrasqa iye bolg`an xali`q du`n`yada kemnen-kem tabi`ladi`»[2] degen edi. Solay eken bunday biybaha miyraslari`mi`zdi` asi`rap-abaylawi`mi`z ha`m keleshek a`wladlarg`a jetkiziwimiz lazi`m.

---

[1] «Инсон хотираси – боқий, қадр-қиммати - улуғ», «Ўзбекистон овози» газетаси №58 (31490), 10 май 2012 йил.

[2] И.А.Каримов. «Жоқары мэнаўият-жеңилмес күш».Нөкис «Қарақалпақстан» 2008-ж, 41-бет

Ma`mleketimizde ruwxi`y tikleniw tarawi`nda islenip ati`rg`an jumi`slardi`n`, reformalardi`n` barli`g`i` tikkeley g`a`rezsizligimiz benen baylani`sli`. O`z gezeginde g`a`rezsizligimizdi bekkemlew ushi`n da ruwxi`y ta`repten bay, ku`shli ma`mleket du`ziwimiz kerek. Sonli`qtanda g`a`rezsizligimiz ha`m ruwxi`y tikleniw bu`gingi ku`nde ha`r qashang`i`dan ha`m aktual ma`sele boli`p tabi`ladi`.

**Pitkeriw qa’nigelik jumisimizdin` ob`ekti.** O`zbekstanni`n` rawajlani`wi`ni`n`, ja`miyetimizdegi socialli`q-siyasiy, ruwxi`y- ideologiyali`q qubi`li`slar ha`m processler. **Pitkeriw qa’nigelik jumi`si`ni`n` predmeti.** O`zbekstanni`n` g`a`rezsizlikke erisiwi, milliy ruwxi`y tikleniwde ma`mleketimiz ta`repinen ali`p bari`lg`an reformalar, ja`ne de olardi`n` na`tiyjelerinin` a`hmiyeti. **Pitkeriw qa’nigelik jumisimizdin` maqseti ha`m wazi`ypalari`.** Ma`mleketmizde milliy-ruwxi`y tikleniw boyi`nsha a`melge asi`ri`li`p ati`rg`an reformalar, iygilikli islerde g`a`rezsizligimizdin` a`hmiyeti. Sonday-aq xalqi`mi`zdi`n` sanasi`nda jan`asha oylaw, ko`z-qaraslardi` qa`liplestiriw, g`a`rezsizligimizdin` bizge jarati`p bergen u`lken imkaniyatlari`nan aqi`lg`a ug`ras paydalana ali`w, a`sirese jaslardi`n` ha`r ta`repleme ka`mil insan boli`p ka`liplesiwin ha`m de ruwxi`y ba`rkamal insandi` ta`rbiyalaw boli`p esaplanadi`. Ja`miyettin` ruwxi`y turmi`si`ni`n` ma`mleket rawajlani`wi`nda qa`nshelli da`rejede a`hmiyetke iye ekenligin ko`rsetip beriw. **Pitkeriw qa’nigelik jumisimizdin` du`zilisi.** Diplom jumi`si` kirisiw, eki bap, jeti paragraf, juwmaq, paydalani`lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

# I-bap. I BAP G`A`REZSIZLIK - XALQI`MI`ZDI`N` ULLI` TARIYXI`Y JEN`ISI.

## I. 1. O'tiw da'wiri h'a'm elimizdin' qıyınshılıqları, jetiskenlikleri

Sonı atap o'tiwimiz tiyis, g'aressizlikke erisiw da'wiri h'aqqında, eski du'zimnin' kriziske ushırap, burıng'ı awqam tubalawshılıqqa ju'z burg'an bir payıtta ma'mleketimizde barg'an sayın keskin tu's alg'an siyasıy, sotsiallıq h'a'm ekonomikalıq jag'dayda, o'zligimizdi an'law h'a'm ayaq astı etilgen milliy ruwxımızdı tiklewge qaray umtılıwshılıq ku'sheyip barg'anı, watanımız g'a'rezsizligine erisiw qanday sharayatta keshkeni h'aqqında Birinshi Prezidentimiz o'zinin' 2008-jılı ja'riyalang'an «Joqarı ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» atlı miynetinde izbe-iz bayanlap beredi h'a'm keleshek wazıypalarg'a jol ko'rsetedi.

Ma'mleketimiz o'tmishte bastan keshirgen qıyın jag'dayda qanday maqsetlerdi go'zlep, qanday a'meliy ilajlardı a'melge asırg'anın, bul h'a'reketlerdin' ilimiy-tarıyxıy, logikalıq h'a'm nızamlıq negizi ja'ne printsipleri, kerek bolsa g'a'rezsizlik o'zbek xalqına sawg'a sıpatında berilmegeni-bulardın' h'a'mmesi h'aqqında h'a'r ta'repleme teren' su'wretlep h'a'm sıpatlap beretug'ın izleniw h'a'm talqılaw bu'gingi ku'ni de o'zinin' a'h'miyetli joyıtpag'anın atap o'tiwimiz za'ru'r. Respublikamızdın' basıp o'tken g'a'rezsiz rawajlanıw jolın h'a'm aldımızda turg'an wazıypalardın' mazmunı h'a'm a'h'miyeti h'aqqında so'z etkende, bul joldı o'z aldına eki da'wirge bo'liw durıs boladı. Bul da'wirlerdin' h'a'r biri ma'mleketimizdin' tariyxında o'zine ta'n h'a'm o'zine say a'h'miyetli orın tutatug'ın gu'mansız.

Bu'gin jigirma jıl dawamında basımızdan keshirgen ku'nler, h'a'pteler, aylardı mine usı ko'z-qarastan bah'alar ekenbiz, bekkem isenim menen aytıw mu'mkin, o'tiw da'wiri h'a'm milliy ma'mleketshilik tiykarların qa'liplestiriw menen baylanıslı birinshi gezektegi reforma h'a'm o'zgerislerdi o'z ishine alg'an da'slepki basqısh 1991-2000 jıllar elimizdin' h'a'm xalqımızdın' turmısında

u’lken iz qaldırg’an o’tiw da’wiri shın ma’nisinde tariyxıy a’h’miyetke iye bolg’an da’wir boldı.

2001 jıldan 2002 jılg’a deyingi mu’detti o’z ishine alg’an ekinshi basqısh jedel demokratiyalıq jan’alanıwlar h’a’m elimizde modernizatsiyalaw da’wiri bolsa ekonomikamızdı turaqlı rawajlandırıw, siyasiy turmısımızdı, nızamshılıq sud-h’uqıq sisteması h’a’m sotsiallıq gumanitar salalardı izbe-iz reformalawdı ta’miynlewde og’ada a’h’miyetli rol oynag’an da’wir boldı.

Biz g’a’rezsizliktin’ da’slepki ku’nlerinen baslap-aq o’z o’mirin tawısqan eski sovet du’ziminen waz keship, elimizde sotsiallıq bag’dardag’ı bazar ekonomikasına tiykarlang’an ashıq demokratiyalıq ma’mleket qurıw h’a’m puqaralıq ja’miyetti qa’liplestiriwge bekkem bel bayladıq.

Jan’a ma’mleket h’a’m ja’miyet qurıwda is ju’zinde o’zin tolıq aqlag’an to’mendegi bes printsip tiykar etip alındı:

birinshiden - ekonomikanın’ ideologiyadan biyg’a’rezligi h’a’m onın’ siyasattan u’stinligi. Basqasha aytqanda da’slep ekonomika, keyin siyasat;

ekinshiden – ma’mlekettin’ o’zi eski du’zimnen jan’a du’zimge o’tiw da’wirinde bas reformator bolıwı, yag’nıy onın’ elimizdi ma’mleketshilik, sotsiallıq h’a’m ekonomikalıq salalarda jan’alawg’a qaratılg’an reformalardın’ baslawshıları bolıw wazıypasın o’z moynına alıwı;

u’shinshiden – nızamnın’ u’stinligi yamasa barlıq puqaralardın’ nızam aldında ten’ligi;

to’rtinshiden – ku’shli sotsiallıq siyasattı a’melge asırıw, ma’mlekettin’ xalıqtın’ sotsiallıq jaqtan a’zzi qatlam h’a’m toparların qollap-quwatlaw barısında juwapker bolıwı;

besinshiden - reformalardı basqıshpa-basqısh a’melge asırıw, «shok terapiyası» dep atalg’an tu’rli usılardan bas tartıw. Basqasha aytqanda, ma’mleket refolyutsiyalıq jol menen emes, ba’lkim evolyutsiyalıq jol menen rawajlanıw

kerek. Adamzat tariyxı h’a’r qanday revolyutsiyalıq jol barqulla xalıqqa zulımlıq, qan to’gispe h’a’m bu’lginshili alıp keletug’ınının’ guwası.

Usı printsipler ba’rinen burın bizin’ kommunistlik ideologiyadan pu’tkilley bas tartqanımızdın’ ayqın ko’rinisi bolıp jigirmalanshı a’sirdin’ 90 jıllarının’ basındag’ı h’aqıyqıy turmıstı o’zinde anıq sa’wlelendirdi ja’ne ma’mleketimizdi reformalaw boyınsha anıq printsipial maqset h’a’m wazıypalardı belgilep alıw imkaniyatın berdi. Biz mine usı printsiplerden kelip shıqqan h’alda, jan’a ma’mleket, jan’a ja’miyet tırnag’ın qalawg’a kiristik. Tap mine usı printsiplerdi a’melge asırıw za’ru’rligine bola «Jan’a u’y qurmay turıp, eskisin buzban’», «Reformalar-reformalar ushın emes, ba’rinen burın insan ushın, onın’ ma’pleri ushın» degen bu’gin ko’pshilikke yad bolıp ketken turmıslıq ibaralar payda boldı.

Sonı ayrıqsha atap o’tiwimiz kerek, ma’mleketimizdi reformalaw h’a’m jan’alawg’a qaratılg’an da’stu’riy wazıypalardı orınlawda biz milliy qa’driyatlarımız, u’rp-a’det h’a’m da’sturlerimizdi saqlawg’a, xalqımızdın’ a’sirler dawamında qa’liplesken mentalitetine h’u’rmet penen qarawg’a u’lken itbar berdik. Sonın’ menen birge tabıslı h’a’m turaqlı rawajlanatug’ın zamanago’y demokratiyalıq ma’mleket qurıwdın’ o’zin aqlag’an du’nya ju’zlik ta’jriybesin teren’ u’yreniw ja’ne qabıl etiw dıqqat orayımızda boldı.

Eski awqam pu’tkilley tarqap ketkennen keyin burıng’ı sovet awqamı aymag’ında ku’ta’ keskin h’a’m ka’weterli jag’day ju’zege kelgeni ma’lim. Bul bolsa o’z basımshılıqtın’ aldın alıw, h’uqıq ta’rtibin saqlaw h’a’m xalıqtın’ en’ za’ru’r, birinshi gezekte, azıq-awqat o’nimlerine bolg’an talabın qanaatlandırıw boyınsha da’rh’al tiyisli ilajlar ko’riwdi talap etti.

A’lbette, bul jag’day ba’rinen burın pu’tku’l sovet du’zimine ta’n bolg’an oraylastırılg’an usılda jobalastırıw h’a’m bo’listiriw illetlerinin’ ta’siri edi. Lekin, en’ jamanı, O’zbekstan ekanomikası tiykarınan shiyki zat tayarlawg’a bag’darlang’anı, bir ta’repleme rawajlanıw esabınan ku’ta’ awır awh’alg’a tu’sip qalg’an bolıp, ekonomikag’a, ekologiya h’a’m xalıqtın’ genofondına qa’wipli ta’sir

etetug'ın paxta monopoliyası elimizdegi jag'daydı jar jag'asına a'kelip qoyg'an edi. Bunın' aqıbetinde u'lken ta'biyiy, mineral-shiyki zat, miynet h'a'm adam potentsialına iye bolıwına qaramastan respublikamız burıng'ı awqamda xalıqtın' turmıs da'rejesi, sotsiallıq h'a'm gumnitar salalardın' rawajlanıwı boyınsha aqırg'ı orınlardın' birinde turar edi. Bunı xalıqtın' esabın alıw boyınsha 1989-jılda o'tkerilgen statistikalıq mag'lumatlar da tastıyıqlaydı. Qala berse, aylanıstag'ı sovet pulı o'z qunın joytqan, jan'a milliy valyutamız bolsa ele engizilmegen edi. Bunday sharayaatta ekanomikalıq qa'wipli ra'wishte kriziske bag'dar alıw h'a'm inflyatsiyanın' ku'ta' keskin, h'a'tteki jılına mın'lag'an protsentke o'sip ketiwin toqtatıw ayrıqsha a'h'imiyetke iye edi. Birinshi gezekte burın qa'liplesken xojalıq, o'ndirislik h'a'm qarjı baylanıslardın' pu'tkilley u'ziliske tu'siwin saplastırıw, g'alaba jumıssızlıqtın' aldın alıw za'ru'r edi.

İshki h'a'm sırtqı ka'wipsizlikti ta'miynlew sistemasının' ıdırawı na'tiyjesinde ja'miyette h'uquqıy boslıq payda bolg'anı, milletler h'a'm dinler aralıq, regionallıq h'a'm tu'rli toparlar, urıwlar arasındag'ı qarama-qarsılıqlardın' h'a'wij aldıp ketiw qa'wpi, radikal keypiyatlardın' a'sirese jaslar arasında ku'sheyiwi ayrıqsha qa'wip-qa'terge aylang'an edi. Qısqasha aytqanda tu'p-tiykarı sovet ma'mleketinin' son'g'ı jıllarına barıp tireletug'ın ishki h'a'm sırtqı kelispewshiliklerden ma'mleketimizdi saqlap qalıw talabı ku'ta' keskin tu's alg'an edi. Usı jerde ba'ririnen burın, elimiz basınan keshirgen 1984-1989-jıllardag'ı qorqınıshlı qara ku'nlerdi eslewdin' o'zi jetkilikli dep oylayman. Sol da'wirde respublikamızda ju'zege kelgen awır sotsiallıq jag'day sebepli xalıqtın' ku'sheyip baratırg'an nazarlıg'ının' aldın alıw h'a'm toqtatıw ushın KPSS Oraylıq Komitetinin' qararı menen O'zbekstang'a jiberilgen ju'da' orınlı «desantshılar» dep atag'an topar ta'repinen islengen nızamshılıq h'a'm zorlıq-zombılıqtı ko'pshilik jaqsı biledi.

Bul tuwralı so'z etkende, Kuvasay, Ferg'ana h'a'm Qoqand, Namangan, Buka h'a'm Parkent, Gu'listan, Tashkent h'a'm Oshta ju'z Bergen qayg'ılı waqıyalar adamlarımızdın' ju'regine salg'an pitpes jaralardı, jurtımızg'a sırt ellerdegi oraylar ta'repinen qarjılay ta'miynlengen h'a'm basqarılg'an terrorshı

toparlar Surxanda’rya h’a’m Tashkent wa’layatlarının’ tawlı rayonları arqalı kirip kelgen qa’weterli ku’nlerdi de eslewimiz tiyis. Eger de a’ne usı jawız niyetli ku’shlerdin’ jaman aqibetleri a’melge asqanında, elimiz puqaralar urısının’ jalını ishinde qalıp ketken h’a’m onın’ aqıbetleri pu’tkil Orta Aziyadag’ı awh’aldı qozdırıp jibereri gu’namsız edi.

Respublikamızda ju’zege kelgen bunday ku’ta’ kıyın h’a’m qayg’ılı sharayatta albıramastan, parasat, shıdamlılıq penen is tutıw, bekkem siyasiy erk-ıqrar ko’rsetiw, ma’mleketti teren’ tubalawshılıqtan alıp shıg’ıwg’a qaratılg’an, h’a’r ta’repleme puqta oylang’an strategiyanı islep shıg’ıw ja’ne onı a’melge asırıw ushın ja’miyettegi barlıq salamat ku’shlerdi ja’mlestiriw ayrıqsha a’h’miyetke iye edi.

Biz siyasiy h’a’m ekanomikalıq rawajlanıw, ma’leket h’a’m ja’miyet qurıw strategiyasın belgilewde xalqımızdın’ a’sirler boyı qa’liplesken milliy h’a’m ma’deniy o’zgeshiliklerin esapqa alg’an, ma’mleketimizdin’ bar ta’biyiy-ekonomikalıq, mineral-shiyki zat h’a’m adam potentsialın qalıs ja’ne anıq bah’alag’an h’alda, jer ju’zlik xojalıq baylanısları sistemasında o’zimizge mu’na’sip orın iyelewdi maqset etip, bunday jetiskenliklerge erisiwdi tiykarg’ı waziypamız sıpatında belgilep aldıq.

Usı jerde elimizdi reformalaw h’a’m milliy ma’mleketshilik tırnag’ın qalaw boyınsha qabıl etilgen mine usı strategiyanı a’melge asırıwdag’ı birinshi qa’demlerimiz nelerden ibarat bolg’anın ja’ne bir ma’rte eslew orınlı.

Ba’rinen burın, tariyxıy jaqtan ku’ta’ qısqa mu’ddette tiykarg’ı nızamımız - O’zbekistan Respublikasının’ Konstitutsiyası islep shıg’ıldı h’a’m qabıl etildi. Bul tiykarg’ı h’u’jjette elimizde ma’mleket h’a’m ja’miyet qurılısının’ negizgi printsipleri anıq sıpatlap berildi, ma’mleket h’a’kimiyatının’ nızam shıg’arıwshı, atqarıwshı h’a’m sud tarmaqlarına bo’liniwi en’ a’h’miyetli printsip sıpatında belgilendi. Sonday-aq, insan h’uqıqların ma’mleket ma’plerinen, wlıwma moyınlang’an xalıqaralıq h’uqıq normalarının’ bolsa milliy h’uqıqıy o’lshemlerden u’stinligi de Konstitutsiyada anıq belgilep qoyıldı.

Tiykarg'ı nızamımızda h'esh qanday ideologiyanın' ma'mleketlik idiologiya sıpatında ornatlıwı mu'mkin emesligi h'a'm ja'miyetlik –siyasiy turmıs siyasiy institutlardın' ra'n'-ba'ren'ligi, ideya h'a'm pikirlerdin' h'a'r qıylılıg'ına tiykarlanıwı belgilep berildi. Sol payıtta barlıq menshik formalarının' ten' h'uqıqlılıg'ı sharayatında jeke menshiktin' u'stinliligi Konstitutsiyalıq tiykarda bekkemlendi.

A'ne usı printseplerdi inabatqa alıp, ma'mleket h'a'm ekonomikanı basqarıwdın' totolitar, oraylastırg'an sistemasın saplastırıw, g'a'rezsiz O'zbekistannın' jan'a siyasıy h'a'm ma'mleketlik du'zilisi tiykarların, ba'rinen burın nızamshılıq sistemasın qa'liplestiriw, orayda h'a'm orınlarda wa'killikli h'a'kimiyat uyımlarının' birden-bir sistemasın sho'lkemlestiriwge bag'darlang'an jumıslar anıq maqsetti go'zlep basqıshpa-basqısh a'melge asırıldı.

Ekinshiden, qıyın o'tiw da'wirinde qabıl etilgen nızamlardın' is ju'zinde orınlawın ta'miynley alatug'ın puqaralardın' h'uqıq h'a'm erkinliklerin qorg'aw, siyasiy h'a'm ekonomikalıq reformalardı a'melge asırıwg'a uqıplı atqarıw h'a'kimiyatının' na'tiyjeli sistemasın h'a'm strukturaların du'ziw ayrıqsha a'h'miyetke iye edi. Usı maqsette tu'pkilikli administrativlik reformalar a'melge asırıldı. Oraylastırılg'an jobalastırıw h'a'm bo'listiriw sistemasının' tiregi bolg'an Ma'mleketlik plan komiteti, ma'mleketlik ta'miynat komiteti, ma'mleketlik bah'a komiteti, ma'mleketlik agrosanaat komiteti h'a'm ko'plegen tarawlıq ministrlikler saplastırıldı, jergilikli h'a'kimiyat uyımları qayta sho'lkemlestirildi. Wa'layat, rayon h'a'm qalalarda h'a'kimshilik institutları engizildi. Jergilikli o'zin-o'zi basqarıw uyımları sisteması - ma'h'a'lle institutın rawajlandırıw h'a'm bekkemlewge ayrıqsha itibar berildi.

U'shinshiden, sudlardı jazalawshı h'a'm tek ma'mleket ma'plerin qorg'awshı uyımnan nızam u'stinligin ja'ne insan h'uqıqların qorg'awdı ta'miynlewshi uyımg'a aylandırıwg'a bag'darlang'an birden-bir sud h'a'kimiyatı sistemasın qa'liplestiriw wazıypası qoyıldı h'a'm tabıslı orınlandı. Konstitutsiyalıq

sud, Joqarg'ı sud, Ulıwma yuriditsiya sudları, Xojalıq sudları engizildi. Jınayat, jınayat - protsessual, sud - h'uqıq h'a'm basqa sistemalardın' nızamshılıq tiykarların du'ziwshi baza jaratıldı.

To'rtinshiden, qısqa mu'ddetlerde ma'mleketimizdin' suverenitetin h'a'm aymaqlıq pu'tinligin, Konstitutsiyalıq dizimdi isenimli qorg'aytug'ın, ja'miyetlik ta'rtipti ta'minleytug'ın, xalıqaralıq terrorshılıq, ekstremizm h'a'm narkogressiya sıyaqlı ku'sheyip baratırg'an qa'wip-qa'terlerge qarsı gu'resetug'ın milliy qa'wipsizlik uyımları sisteması qa'liplestrildi.

Regiondag'ı ja'miyetlik – siyasiy jag'dayda, elimizdin' qa'wipsizligine do'nip turg'an h'a'zirgi zamandag'ı qa'wip-qa'terlerdi teren' talqılaw tiykarında «O'zbekstan respublikasının' milliy qa'wipsizlik Kontseptsiyası h'aqqında»g'ı nızam h'u'jjetleri qabıl etildi. Solay etip, elimizdi tınıshlıq, paraxatshılıq h'a'm turaqlıqtı saqlawg'a xızmet etetug'ın qa'wipsizlikti ta'miynleudin' birden-bir sistemasının' jumısın jolg'a qoyıwg'a bag'darlang'an bekkem h'uqıqıy baza jaratıldı.

Sonday-aq, puqaralıq h'a'm ja'miyetshilik institutları, atap aytqanda parlament Ombutsmanı, İnsan h'uqıqları boyınsha milliy oray h'a'm basqa bir qatar strukturalardı qa'liplestiriwge baylanıslı ma'seleler de barqulla bizin' dıqqat - itibarımızda boldı.

Biz insannın' h'a'm shan'araqtın' h'uqıqların ja'ne ma'plerin qorg'aw, xalıqtın' h'uqıqıy ma'deniyatın h'a'm sanasın o'siriw wazıypasın o'zimizge maqset etip qoyıw menen birge, bul ma'seleni shın ma'nisindegi demoratiyalıq h'uqıqıy ma'mleket h'a'm puqaralıq ja'miyet qurıwdın' a'h'miyetli sha'rti sıpatında belgilep aldıq.

O'tken da'wir ishinde milliy ekonomikanı qa'liplestiriw h'a'm onı tu'p - tiykarınan reformalaw elimizdin' g'a'rezsiz rawajlanıwının' en' a'h'miyetli printsipi ja'ne negizi bolg'anın ayrıqsha atap o'tiw za'ru'r. Bul boyınsha bizin' aldımızda respublikanın' h'a'm xalıqtın' ixtiyajların, birinshi gezekte janılg'ı-

energetika resurslarına, tutınıw h'a'm azıq - awqat o'nimlerne bolg'an talabın isenimli tu'rde qanaatlandırıwday en' a'h'miyetli turmıslıq wazıypa turg'an edi.

Elimizde janılg'ı-energetika h'a'm da'n g'a'rezsizligine erisiw a'h'miyetli strategiyalıq wazıypa sıpatında ku'n ta'rtibine qoyıldı. Usı jerde da'slep sonı aytıp o'tiw lazım, O'zbekstan taiyiy gaz, neft h'a'm gaz kondentsatı boyınsha anıqlang'an u'lken sanaatlıq qorg'awg'a iye bolıwına qaramastan burın ekonomika tarmaqlarının' h'a'm xalıqtın' itiyajların qanaatlandırıw ushın jılına 1-2 million tonna neft h'a'm neft o'nimlerin sırttan alıp keliwge h'a'm bunın' ushın ko'p mug'dardag'ı valyuta resursların sarplawg'a majbu'r bolg'an edi.

Bul a'h'miyetli mashqalanı sheshiw maqsetinde qısqa waqıt ishinde o'zimizdegi uglevodorod shiyki zatın qazıp alıw h'a'm qayta islew boyınsha maqsetke bag'darlang'an programmalar islep shıg'ıldı h'a'm a'melge asırıldı. Jan'a neft-gaz ka'nlerin anıqlaw neft h'a'm tabiyiy gazdı qazıp alıw ushın za'ru'r bolg'an investitsiyalar tabıldı, atap aytqanda, sırt el investitsiyaları tartıldı. Buxarada neftti qayta isleytug'ın jan'a zamanago'y zavod qurıldı, Ferg'ana h'a'm Altıarıqtag'ı neftti qayta islew zavodları modernizatsiyalandı h'a'm rekonstruktsiyalandı, olardın' bir bapta h'a'm pisentli islewi ushın sharayatlar jaratıldı.

Sonday-aq o'zinin' o'ndirislik h'a'm ekonomikalıq potentsialı boyınsha ten'i-tayı joq Shortan gaz – ximiya kompleksi qurıldı. Bul ka'rxanada tayarlanıp atırg'an suyıtılg'an gaz, tu'rli markadag'ı polietilen h'a'm basqa o'nimlerge tek ma'mleketimizde emes, al sırt ellerde de talap ku'shli ekenin atap o'tiwimiz tiyis.

G'a'rezizlik jıllarında mine usınday iri ka'rxanalardın' qurılıwı h'a'm rekonstruktsiyalanıwı na'tiyjesinde h'a'zirgi waqıtta elimizde neft o'nimlerin islep shıg'arıw ko'lemi 1990-jılg'a qarag'anda u'sh ese o'sti. Bu'gingi ku'ni O'zbekstan bul boyınsha ma'mlekettin' h'a'm xalıqtın' o'sip baratırg'an talapların qanaatlandırıw menen birge, eksport ko'leminde ko'beytiwge eristi.

Asaka h’a’m Samarqand qalalarında avtomobil zavodların qurg’anımız sebepli g’a’rezsizlik jıllarında avtomobillerdin’ sanı keskin arttı h’a’m h’a’r bir ju’z shan’araqtın’ avtomobil menen ta’miynleniwi da’rejesi altı ese o’sti. Ba’rshemizge belgili bolg’anınday, respublikamızda benzin h’a’m janar may materiallarına bolg’an talapta usıg’an sa’ykes o’sip barmaqta.

Atap aytqanda, neft h’a’m neft o’nimlerin islep shıg’arıwdı arttırıw esabınan biz bu’gin respublikamızdın’ rawajlanıp baratırg’anın sanaattın’ h’a’m xalıqtın’ keskin o’sip atırg’an mine usınday talap h’a’m ıxtiyajların ta’miynlewge erisip atırmız.

G’a’rezsizliktin’ da’slepki ku’nlerinde xalıqtı nan h’a’m nan o’nimleri menen ta’miynlew boyınsha ku’ta’ awır qıyınshılıqlar h’a’m mashqalalar payda bolg’anı ma’lim. Bul mashqalanın’ sebebi ba’rinen burın sonda edi, O’zbekstan burıng’ı awqam h’a’m sotsialistik lagerge kiretug’ın ma’mleketler ushın tiykarınan paxta shiyki zatın tayarlaytug’ın da’n h’a’m un o’nimlerine bolg’an ishki talabımızdın’ 80 protsentten aslamın sırttan alıp kelinetug’ın o’nimler esabınan qanaatlandıratug’ın edik. Sonı da aytıp o’tiwimiz kerek, sol jıllarda jetistirilgen paxta shiyki zatının’ w protsenti g’ana elimizdin’ o’zinde qayta islep, qalg’an bo’legin ku’ta’ arzan bah’ada sırtqa shıg’arar edi.

Xalıqtı azıq-awqat tovarları, atap aytqanda go’sh h’a’m su’t, 100 protsent sırttan alıp kelinetug’ın qant o’nimleri menen ta’miynlew barısında da qıyın jag’day payda bolg’an edi. A’sirese, xalıqtı kartoshka menen ta’miynlewdin’ awxalı bug’an ayqın mısal boladı, sol waqıtta elimizge jıl sayın Rossiya, Belorussiya, Polsha h’a’m basqa ma’mleketlerden derlik 1 million tonna kartoshka alıp kelinetug’ın edi.

A’ne usınday qıyın bir da’wirde biz da’n g’a’rezsizligine erisiudey turmıslıq a’h’miyetke iye ma’seleni de aldımızg’a tiykarg’ı wazıypa etip qoydıq. Birinshi gezekte awıl-xojalıg’ın tu’p-tiykarınan reformalag’anımız, elimizdin’ ekonomikası h’a’m ekologiyasına u’lken zıyan keltirgen paxta monopoliyasın saplastırg’anımız sebepli bul wazıypanı da tabıslı orınlawg’a eristik. O’zbekstan

bu’gingi ku’ni o’zinin’ da’nge bolg’an talabın qanaatlandırıp g’ana qoymastan, G’a’rezsiz Ma’mleketler Doslıq Awqamı quramındag’ı qon’sı ma’mleketlerge, Awg’anıstan, İran h’a’m basqa ma’mleketlerge da’n h’a’m un o’nimlerin eksport etpekte.

## 1.2. G`a`rezsizlik ha`m milliy-ruwxi`y tikleniwdin` a`hmiyeti, mazmuni` ha`m maqsetleri.

Jer shari`ni`n` u`lken bo`legin iyelep ati`rg`an SSSR dep atalg`an u`lken ma`mleket 70 ji`ldan arti`q waqi`t o`z o`mirin jasap, XX a`sir aqi`rlari`na kelip i`di`rap ketti. Adamlarg`a ma`ngi ten`lik, pa`rawanli`q wa`de qi`lg`an, du`n`yada jen`ilmes, qu`diretli boli`p tani`lg`an ulli` ma`mleket jer menen jeksen boldi`. Oni`n` tu`rli xali`qlar ayaqli`ri`n baylap qoyg`an, biraq shiriy baslag`an qulli`q shi`nji`rlari` u`zile basladi`. Xali`qlar, elatlar qa`pesten quti`lg`an qus kibi erkin na`pes ala basladi`.

G`a`rezsizlik-bul insan ushi`n joqari` o`nim. Tek g`ana g`a`rezsizlik arqali` xali`q o`z azatli`g`i`na, erkinligine, o`z ta`g`dirin, o`z turmi`si`n o`zi quri`w imkani`na iye bola aladi`. G`a`rezsizlik ha`r qandi`y xali`q , elat ha`m millettin` ta`biyiy, ni`zamli` za`ru`rligi, joqari` maqseti esaplanadi`. Xali`q ushi`n g`a`rezsizlikten ko`re arti`qi`raq joqari` baxi`t, quwani`sh joq ha`m bolg`an emes. G`a`rezsizlik ha`r bir insan, ha`r bir milletin` hesh na`rse menen sheklenbegen erkinligi.

G`a`rezsizlik so`zinin` so`zlik ma`nisine itibar beretug`i`n bolsaq, bul so`z arabsha so`z boli`p, «bag`i`ni`n`qi` emes, erkin» degen ma`nini bildiredi. G`a`rezsiz ma`mleket degende bolsa, sol ma`mlekettin` o`zine ta`n en` a`hmiyetli belgileri ko`z aldi`mi`zg`a keledi: yag`ni`y, ma`mlekettin` qol qati`lmaytug`i`n o`z aymag`i`na, o`z shegarasi`na iye boli`wi`; Puqaralari`n` o`zi puqarali`qqa qabi`l ete ali`wi` ha`m puqarali`qtan shi`g`ari`wi`; O`z konstituciyasi`na iye boli`wi`; ha`kimiyatti`n` u`sh tarmag`i`-ni`zam shi`g`ari`wshi`, atqari`wshi`, sud

ha`kimiyati`na iyeligi; O`z a`skeriy du`zilmesi ha`m milliy armiyasi`na iyeligi; G`a`rezsiz ma`mleket si`pati`nda si`rt el ma`mleketleri menen ha`r ta`repleme baylani`slar ornata ali`w; O`z ma`mleket byudjeti, mu`lki ha`m finans sistemasi`na iye boli`wi`; O`z ma`mleketlik belgilerine iyeligi ha`m ma`mleket tiline iyelik huqi`qi`n qolg`a kiritiwi ha`m de o`z rawajlani`w joli`n o`zi erkin belgiley ali`wi` kibi huqi`qlarg`a iye boli`wi` esaplanadi`. Usi` belgilerden barli`g`i` 1991-ji`l 31-avgustta ja`ha`nge o`z g`a`rezsizligin ja`riyalag`an O`zbekstan Respublikasi` qolg`a kiritken erkinlikler edi.

G`a`rezsizlik hesh bir jerde an`satli`q penen qolg`a kiritilgen emes Qaysi` ma`mlekette g`a`rezsizlik a`melge asi`ralar eken, ol sol xali`qti`n` qani` ha`m muqaddes jani` esabi`na erki, sabi`r-taqati`, bati`lli`g`i` arqali` a`melge asqan. Soni`n` ushi`nda g`a`rezsizliktin` da`slepki ji`llari`nda ma`mlekette bir qatar ta`rtipsizlikler boli`p o`tti: 1989-ji`l Bwkhara ha`m Parkentte, 1990-ji`l Osh ha`m Wzganda, 1991-ji`l 8-dekabr` Namanganda, 1991-ji`l oktyabr` Oliy Kengashti`n` XII-sessiyasi`nda Prezidentke hu`jim, 1992-ji`l Tashkentte-Talabalar qalashasi`nda, 1992-ji`l 16-fevrali`nda Tashkenttegi qopari`wshi`li`q ha`reketleri, sonday-aq, A`ndijan waqi`yalari` usi`lar qatari`na kiredi.

Biraq bunday jawi`z ku`shler qanshelli ha`reket qi`lmasi`n, xalqi`mi`z o`zinin` sabi`r-taqati` arqali` buzg`i`nshi` ku`shlerdin` jawi`z maqsetleri izinen ermedi. Kerisinshe a`sirler dawami`nda arzi`wg`a aylani`p ha`m mi`n`lag`an perzenteleri ko`re almay ketken g`a`rezsizligin o`z qollari`nda saqlap, oni` ja`ne de bekkemlew ushi`n pida`karli`q penen miynet etti.

O`zbekstanda G`a`rezsizlikti qolg`a kiritiw ha`m oni` saqlap qali`wda Birinshi Prezident I.Karimovti`n` xi`zmetleri u`lken. Ol Prezident si`pati`nda sol quramali` bir da`wirde ha`kimiyatqa kelgen edi. Ol isbilermen basshi`, qa`biletli diplomat, teren` bilim iyesi ha`m uzaqti` ko`re alatug`i`n Prezident si`pati`nda ma`mleket xalqi`n da`wirdin` barli`q si`nawlari`nan hesh bir jog`alti`wlarsi`z ali`p shi`g`a aldi`. En` awi`r jag`dayda xali`q penen birge boldi`, oni`n` da`rtlerin esitti ha`m sog`an qarap is ali`p bardi`.

G`a`nimler o`z ha`reketleri, buzg`i`nshi`li`qlari`nan u`lken na`tiyjeler ku`tken, O`zbekstandi` bo`leklep, o`zleri qa`legen ma`mleketti qurmaqshi` boldi`. Sol da`wir waqi`yalari` haqqi`nda «Vek» gazetasi` to`mendegishe jazg`an edi: “SSSR bo`leklenip ketkennen son` en` qorqi`nshi`li` waqi`ya O`zbekstanda boli`wi` kerek edi. Biraq bunday bolmadi`. I.Karimov birde-bir qa`tege jol qoymadi`».

Islam Karimovti`n` o`zi bolsa bul haqqi`nda bayanatlari`ni`n` birinde, O`zbekstanni`n` rawajlani`wi` ushi`n qanday is qi`lg`an bolsam usi` xali`qti`n` saylap qoyg`an wa`kili, xali`qti`n` perzenti si`pati`nda a`melge asi`rdi`m. Mennen basqa adam bolg`anda ha`m usi`nday qi`lar edi, dep kishipeyillik penen pikirin bildirgen edi.

O`zbekstan o`z g`a`rezsizligin qolg`a kiritkennen keyin, ma`mlekette ekonomikali`q, sociyalli`q, ma`deniy-ma`nawiy tarawlarda a`ste-aqi`ri`nli`q penen o`zgerisler, reformalar a`melge asi`ri`wg`a kirisildi.

G`a`rezsizlik ji`llari`nda ma`mleketimizde a`melge asi`ri`li`p ati`rg`an reformalardan go`zlengen tiykarg`i` maqset rawajlani`p barati`rg`an bazar ekonomikasi`na tiykarlang`an erkin demokratik ja`miyet quri`w. Mine usi` maqset joli`nda barli`q tarawlar si`yaqli` ma`nawiy tarawda ha`m bay ma`nawiy miyrasi`mi`zdi` u`yreniw, asi`rap-abaylaw, ilim-pa`n jetiskenliklerin a`meliy isler menen bayi`ti`p bari`w, o`zligimizdi teren`irek an`law, milliy ideologiya princplerin xalqi`mi`z qa`lbi ha`m sanasi`na sin`diriw, muqaddes dinimiz ha`m tariyxi`mi`zdi` qa`lbekilestiriw, olardan siyasiy maqsetlerde paydalani`wg`a jol qoymaw tiykarg`i` wazi`ypalardan esaplanadi`.

O`zbekstan o`zinin` biybaha ta`biyiy bayli`qlari`na, su`yegi miynetke qatqan miynetkesh xalqi`na, a`yyemgi ha`m umi`ti`lmas tariyxi`y ta`jriybesine iye. Soni`n` ushi`n, g`a`rezsizliktin` da`slepki ku`nlerinde-aq o`zine ta`n rawajlani`w joli`n belgilep aldi`. A`jdadlar ta`jriybesi, u`giti, pa`ndiw-na`siyatli`ri`na su`yenip, rawajlani`p ati`rg`an du`n`ya ma`mleketlerinen aldi`n`g`i` jetiskenliklerin qabi`l etken halda g`a`rezsizlik joli`nan barmaqta.

Jurtbasshi`mi`z o`z miynetlerinde, bayanatlari`nda O`zbekstanni`n` keleshegi, rawajlani`w joli`, a`melge asi`ri`li`wi` lazi`m bolg`an jumi`slari`n ilimiy-teoriyali`q jaktan tiykarlap berdi ha`m rawajlandi`ri`p keldi.

Ol ma`mleket keleshegi haqqi`nda mi`naday degen edi: «G`a`rezsiz O`zbekstanni`n` ku`sh-qu`direti deregi xalqi`mi`zdi`n` uli`wma insani`y qa`diriyatlarg`a sadi`qli`g`i`nda. Xalqi`mi`z a`dalat, ten`lik, awi`zbirshilik, jaki`n qon`si`shi`li`q ha`m insanpa`rwarli`qti`n` na`zik bu`rtiklerin a`sirler boyi` asi`rap-abaylap kelmekte. O`zbekstandi` jan`alawdi`n` joqari` maqseti, a`ne usi` da`stu`rlerdi qayta tiklew, olarg`a jan`a mazmun bag`i`shlaw, diyarami`zda ti`ni`shli`q ha`m demokratiya, pa`rawanli`q ha`m ma`deniyat, hu`jdan erkinligi ha`m ha`r bir adamni`n` kamal tabi`wi`na erisiw ushi`n za`ru`r bolg`an sha`rt-sha`rayatlar jarati`w esaplanadi`».

O`zbekstan o`zinin` g`a`rezsizliginen son`g`i` rawajlani`wi` dawami`nda u`lken jetiskenliklerdi qolg`a kiritti. Ma`mlekettin` siyasiy tarawi`nda huquqi`y ma`mleketti du`ziw ha`m bekkemlew a`melge asi`ri`ldi`. Birinshi gezekte, O`zbekstan Konstituciyasi` proekti uli`wma xali`q dodalawi`na qoyi`ldi` ha`m O`zbekstan Respublikasi` Oliy Kengashi`ni`n` XI sessiyasi`nda 1992-ji`li` 8-dekabrinde qabi`l qilindi. O`zbekstan Respublikasi` Konstituciyasi` o`zinin` mazmun-ma`nisi boyi`nsha xali`qshi`l, uli`wma insani`y qa`diriyatlar ha`m milliy princplerge iye hu`jjet esaplanadi`. Parlamentimiz du`n`ya rawajlani`wi`na say ra`wishte eki palata boldi` ha`m usi` tiykari`nda o`z isin dawam ettirmekte. Qabi`l qi`li`ni`p ati`rg`an ni`zamlar xali`q maqseti ha`m ma`plerine tiykarlang`an halda islep shi`g`i`lmaqta.

Sonday-aq siyasiy partiyalarg`a ko`plegen imkaniyatlar jarati`lg`an, ma`mleketimizde demokratiya, plyuralizmge ken` jol ashi`lg`an.

Ma`mleketimiz ekonomikasi`nda a`melge asi`ri`li`p ati`rg`an reformalar mu`lkshilik ha`m isbilermenlikti, jan`a ta`jriybeler ha`m ekonomikali`q jan`ali`qlardi` qoshametlew, ka`rxanalar, fermerlerge erkinlikler, jeke u`y qaptali`

jerlerine ja`rdem beriw boyi`nsha da bir qansha ni`zamlar qabi`l qi`li`w menen izshil dawam etpekte.

Ma`deniy-ma`nawiy tarawda da bir qatar jumi`slar a`melge asi`ri`ldi`. G`a`rezsizliktin` da`lepki ku`nlerinde-aq bir waqi`tlar isimleri qaralani`p, xali`q dushpalari`na aylang`an, milliy-azatli`q gu`resi joli`nda repressiyag`a ushi`rag`an ata-babalari`mi`zdi`n` isimleri aqlandi`, olardi`n` o`miri, miynetleri ken` jari`ti`ldi`. Chwlpon, Fitrat, Abdulla Qodiriy, Maxmudxwja Behbudiy ja`ne ko`plegen usi` si`yaqli` ag`arti`wshi`lardi`n` miynetleri qayta-qayta basi`p shi`g`ari`ldi`. Olardi`n` esteligin ma`n`gilestiriw maqsetinde «Repressiya qurbanlari` esteligi» muzeyi ha`m "Shahidler xotirasi" estelik kompleksi sho`lkemlestirilip, 31-avgust` «Repressiya qurbanlari`n eske ali`w ku`ni» dep ja`riyalandi`.

Milliy ha`m diniy qa`driyatlari`mi`z qaytadan tiklendi. Bir waqi`tlar qadag`an etilgen Nawri`z, Hayt bayramlari`mi`z ja`ne turmi`si`mi`zg`a qaytari`ldi`. "Qurani Karim", "Ha`dis" ha`m basqa muqa`ddes kitaplari`mi`z o`zbek tiline awdari`li`p, xalqi`mi`zg`a jetkizildi. Ahmet Yassawiy, Suwpi` Allayar ha`m basqa islam dini ulamalari` miynetleri baspadan shi`g`ari`ldi`.

Barli`q milliy–ma`nawiy qa`driyatlari`mi`zdi`n` turmi`si`mi`zg`a qaytari`li`wi`, xali`q o`z da`stu`rlerin emin-erkin a`melge asi`ri`wi` tek g`ana g`a`rezsizlik da`wirinde ori`nlandi`.

O`zbekstan Respublikasi` o`zine tiyisli barli`q ma`selelerdi o`zi sheshe alatug`i`n ma`mleket si`pati`nda g`a`rezsizlik sharapati` menen du`n`yag`a tani`ldi`. Oni` du`n`yani`n` ko`plegen ma`mleketleri ta`n aldi`. Ju`zge jaqi`n ma`mleketler menen ha`r ta`repleme diplomatik baylani`slar ornati`wg`a miyassar boldi`. O`z ara ten` huqi`qli` g`a`rezsiz ma`mleket si`pati`nda du`n`yani`n` ko`plegen ma`mleketleri menen birge islesiwdi dawam ettirmekte.

Mine usi`lardi`n` barli`g`i` milletimiz, xalqi`mi`z rawajlani`wi`nda u`lken rol oynaydi`. Ma`mleketimizdin` ha`r qi`yli` tarawda jetiskenliklerge erisiwinde ha`r

birimiz o`z pida`ka`rana miynetimiz benen u`lesimizdi qosi`wi`mi`z ha`m qolg`a kiritken g`a`rezsizligimidi ko`z qarashi`g`i`nday asi`rap-abaylap saqlawi`mi`z kerek.

"Joqari` jetiskenliklerge erisiw ushi`n, hesh kimnen kem bolmaytug`i`n turmi`s do`retiwimiz ushi`n o`zimizdin` ku`sh-quwat ha`m ha`reketlerimizdi ayamawi`mi`z kerek. En` a`hmiyetlisi, jurti`mi`zda o`z ara hu`rmet ha`m awi`zbirshilik, mehir-aqi`bet ortali`g`i`n ja`ne de bekkemlew, aldi`mi`zda turg`an barli`q wazi`palardi` a`melge asi`ri`wda en` u`lken fundament boli`wi`n umi`tpawi`mi`z za`ru`r» degen edi I.Karimov.

**G`a`rezsizliktin` tariyxıy a`hmiyeti.** Tariyxtan ma`lim bolg`anınday, bir xalıqtı o`zine bag`ındarıwdı qa`legen ku`shler en` da`slep onın` o`tmishinen, tariyxınan, ma`deniyatınan ju`da` etiwge umtıladı. Basıp alıng`an ma`mleket xalıqlarının` ma`deniy- ruwxıy rawajlanıwın tunshıqtırıw, joq qılıw arqalı o`zlerinin` koloniyalıq ta`rtiplerin saqlap turıwı koloniyalıq siyasattın` tariyx sınawınan o`tken da`stu`riy jollarınan biri bolıp sanaladı. Basqınshı ma`mleket boysındırılg`an xalıqlardı bara-bara o`zine sin`dirip jiberiw, bunın` ushın o`z ideologiyası ha`m ideyaların olarg`a ma`jbu`riy zorlap engiziw ma`deniyatına zıyan keltiriw milliy tili, milliy u`rp-a`detleri ha`m milliy qa`diriyatların rawajlandırıwg`a jol bermeslikti o`z siyasatının` tiykarg`ı maqseti dep biledi.

A`yyemgi zamandag`ı qıtay filosoflarının` biri o`zinin` imperatorına mınaday ma`sla`hat bergen eken: «Menin` hu`kimdarım, eger qandayda bir ma`mleketti jawlap almaqshı ha`m sol elde uzaq hu`kim su`rmekshi bolsan`ız, birinshi na`wbette sol ma`mlekettin` xalqın ruwxıylıg`ın maxrum qılsan` yag`nıy juda etip ma`deniyatınan ayırın`. Ruwxıylıg`ınan juda bolg`an xalıqta aqıllılıq, birdemlik, ulıwma ma`plerdi anıqlawda awızbirshilikte bolmaydı. Olarda Watan ha`m xalıq aldında wazıypa, juwapkershilik tuyg`ıları ha`lsizlenedi. A`ne usınday jag`day

ju`zege kelse, ol ma`mleketti basıp alıw ha`m ol jerde uzaq hu`kimdarlıq qılıw mu`mkin boladı»[1].

Shın`g`ısxan o`z atlanısları waqtında Orta Aziya jerlerine iyelik qılıp atırg`an da`wirde o`z sa`rkardalarına: «qalalarg`a nadan, qorqaq, aqmaq adamlardan baslıq etip tayınlan`lar, olardı qollap-quwatlan`lar, ko`klerge ko`terip maqtay berin`ler. Jergilikli xalıqlardın` aqıllı, bilimli, abıroy-itibarg`a iye adamların joq etin`ler», dep tapsırma bergen eken. Bul siyasattın` da teren` oylang`an sebepleri bolg`an. O`z ma`deniyatınan, abıroylı dana wa`killerinen juda bolg`an xalıq ma`nawiy jarlılıqqa ushırap birigiwge ku`shi qalmay qalıwı so`zsiz.

Tariyxta basqınshılıq siyasatı ju`rgizilgen jerlerde Shın`g`ısxan ha`m Qıtay danıshpanı aytqanınday jag`daylardın` ju`z bergenliginin` gu`wası bolamız. İlim-pa`n ha`m ma`deniyattın` en` rawajlang`an oraylarınan bolg`an Tu`rkstandı zorlıq jolı menen basıp alg`an patsha hu`kimeti jergilikli xalıqtı qullıq, siyasiy bag`ınshılıq ha`m ruwxıy jarlılıq jag`dayında uslap turıwdı basqınshılıq siyasatının` oraylıq ma`selelerinen biri dep esaplaydı. O`zinin` jawız ha`m hiylekerlik siyasatın a`melge asırıwdın` tiykarg`ı jol jorıqların islep shıg`ıw ushın jumıstı neden baslaw kerekligi haqqında usınıs ha`m juwmaqlar beriw tapsırması menen patsha hu`kimeti ko`pshilik alımlar ha`m basqa da taraw adamların Rossiyadan Tu`rkstang`a jiberdi.

Basıp alıng`an ma`mlekette ilim-pa`n, ma`deniyat, ma`nawiyat basqınshı ma`mleketke qarag`anda bir neshe ma`rtebe u`stin bolsa, bunday jerlerde koloniyalıq ta`rtiplerdi saqlap turıw an`sat keshpeydi. Bizin` u`lke bolsa, basqınshı patsha Rossiyasınanda ruwxıy-ag`artıwshılıq ha`m ma`deniy rawajlanıw jag`ınan bir qansha u`stin turdı. Patsha hu`kimeti alımlar ma`sla`ha`tine a`mel qılıp, bizin` u`lkede qanday bolmasın o`zlerin jergilikli xalıqtan u`stinligin da`lillewge ha`m sol arqalı «u`zil-kesil» jen`iske erisiwge shıntlap kiristi. O`tmishtegi basqınshılar sıyaqlı patsha basqınshılıg`ı da bul tarawdag`ı isti Tu`rkistan xalqın bir neshe mın` jıllıq tariyxı ma`deniyatı, u`rp-a`detlerden ayırıw ruwxıy ma`nawiy jarlılıqka

[1] J.Bazarbaev. «Milliy ideya-bizin` ideyamız». No`kis «Bilim» 2003-j.104-b.

tu`siriw dep bildi. Bul uzaqtı oylag`an, rejelestirilgen siyasat edi. Bul siyasat tiykarında patsha hu`kimetinin` ma`plerin ha`r ta`repleme qorg`aw ha`m Tu`rkistan xalıqların, sonın` ishinde O`zbekistan xalqının` milliy o`zligin an`lawdan juda etiw, o`tmishin umıttırıw, Watanpa`rwarlıq tuyg`ısınan juda bolg`an o`z keleshegin ko`re almaytug`ın adamlar toparına aylandırıw wazıypası turg`an edi.

Tariyx millettin` haqıyqıy ta`rbiyashısı bizin` ullı babalarımızdın` jen`isleri ha`m isleri adamlardın` yadın oyatadı, puqaralıq sananı ha`wijlendiredi, a`dep-ikramlılıq ta`rbiyada tabıslardı eleklewdin` deregine aylanadı[3].

Ruwxıylıq ha`m ag`artıwshılıq xalıqtın` o`z o`tmishin biliwi ha`m keleshegin tu`sinip jetiwine ja`rdem beredi. Ruwxıylıq ha`m ag`artıwshılıqtan ajıralg`an xalıq milliy ta`repinen de o`zin an`lap ala almaydı, ta`g`dirge ta`n berip jasawdı, o`zine qolay ko`redi. Patsha Rossiyası bul u`lkede sawatsızlıq, bilimsizlik jag`dayın qa`liplestiriw ha`m ha`r ta`repleme bekkemlew ushın ha`reket etti. Tsarizmnin` kolonial siyasatın Shıg`ısta qan ha`m qılısh penen ja`riya etken generallardın` biri M.D.Skobelev «Milletti joq qılıw ushın onı qırıw sha`rt emes, onın` ma`deniyatın, tilin, ko`rkem o`nerin joq qılsaq bolg`anı, tez arada o`zinen-o`zi joq bolıp ketedi»,- dep «boljag`an» edi. Onın` sol «dana» ko`rsetpesi Tu`rkistandag`ı ma`nawiy ag`artıwshılıq ha`m ma`nawiyatqa qaratılg`an nadanlıqlar ha`m jawızlıqlar ushın qollanba bolıp xızmet qıldı. Tsarizm Tu`rkistan xalıqların sawatsızlıq, bilimsizlik jag`dayında uslap turıwdan ma`pdar edi.

Onın` maqseti g`a`plet uyqısında jatırg`an, zamanago`y ilim-texnika, ag`artıwshılıq tabıslarınan biyxabar, milliy sanası pa`s, milliy maqtanısh sezimleri taptalg`an xalıqtı talaw, eziwden ibarat edi. Patsha hu`kimetinin` kolonial u`lkelerdegi wa`killeri «yarım patsha» general-gubernatorlar Kaufman, Kuropatkin, ja`llad Golovanovqa uqsag`anlar Samarqand, Buxara, Xiywa, Qoqand, Tashkenttegi meshit-medreselerdi, bag`lar ha`m arqlardı toptan oqqa tutıp jer menen jeksen etti. Patsha imperiyasının` kolonialıq eziwshiligi Qaraqalpaqstanda

[3] J.Bazarbaev Milliy ideya-bizin` ideyamız. No`kis «Bilim» 2003 j 104 bet

da ha`dden tısqarı ku`sheyip, xalıq og`ada awır turmısta jasadı. U`zliksiz ko`beyip barg`an salıqlar ha`m basqada ma`jbu`riy to`lenetug`ın ha`r qıylı to`lemler ha`m minnetli tu`rde mutqa islep beretug`ın jumıslar xalıqtın` turmıs ahwalın to`menletip jiberdi. U`lkedegi xalıqtın` tiykarın quraytug`ın diyxanlar diyxanshılıq jumıslarının` derlik barlıg`ın orınladı. Bul jumıslar ushın Patsha ta`repinen g`a`rejet te bo`linbedi, qayta patsha ha`kimshiligi qazıw ha`m basqa da suwdan paydalanıw jumısların sho`lkemlestiriwde ko`plep nızamsızlıqlarg`a jol qoydı. Patsha hu`kimetinin` Tu`rkistandag`ı kolonial siyasatının` tu`p mazmunında qanday maqsetler jatırg`anın xalqımızdın` bilimli, ma`deniyatlı ziyrek, aqıllı dana perzentleri a`lle qashan tu`sinip jetken edi. Patsha hu`kimetinin` kolonial siyasatın a`shkara etken xalıqtı erkinlik ha`m azatlıqqa, bilim ha`m ma`deniyatqa baslag`an, milliy qa`diriyatlarımızdı qollap-quwatlag`an usı jolda azap shegip qurban bolg`an ullı qalib iyesi Abdirawf Fitrat o`zinin` «Tu`rkistanda ruslar» miynetinde ma`mleketler arasında Tu`rkistanımız sıyaqlı baxıtsız ma`mleket du`n`yada joq. Rus kapitalistleri menen, rus poplarının` sadıq isenimli qarawılları bolg`an eski Rossiya hu`kimeti son`g`ı eliw jıl ishinde Tu`rkstanlı balalardın` paydalarına bir is isledime yaki islemekshi boldı ma? Mine sol sawalg`a «joq!» degennen basqa bir juwaptın` o`zi joq. Jurtımız eliw bir jıl a`skeriy mekemeler qol astında turg`anı ushın biz Evropanın` ma`deniy rawajlang`an milletleri menen ko`rise almadıq, olardın` sotsiallıq ha`m ekonomikalıq pikirlerinen paydalana almadıq.

Bizin` ko`zlerimizdi ashırmaslıq rus siyasatının` tiykarg`ı printsipine aylang`anlıg`ı ushın, tatar ag`ayinlerimizdin` Tu`rkstannan jer alıw, Tu`rkistanda mektep saldırıw sıyaqlı usınıslarına qatan` tıyım saldırıldı. Bizin` diniy ha`m milliy sezimlerimizdi o`ltiriw tilegi menen Ustroutov sıyaqlı poplardın` idarasında gazeta shıg`arıldı, mektep ashıldı, biraq o`z milletimiz ha`m diyanatımızdı an`lamaq ushın o`z ta`repimizden ashılg`an mektepler ha`m gazetalarg`a tıyım salındı.»-dep jazg`an edi. Abdurawf Fitrattın` qa`lbinen shıqqan usı so`zlerde kolonializm siyasatının` ba`rshe tamanları ashıp ko`rsetilgenligin ko`riwge boladı. Solay etip «patsha hu`kimetinin` Tu`rkistan xalıqlarına qarsı qaratılg`an koloniyalıq siyasatı bul xalıqlar ortasındag`ı ha`r qanday ma`mleket ta`rtiplerin joq qılıw, olardın`

sotsial-ekonomikalıq, siyasiy- ma`deniy rawajlanıwın toqtatıw, olarg`a erkinlik bermew, milliy qa`diriyatlarımızdı jerge urıw, kemsitiw, milliy maqtanıshın, ruwxıylıg`ın qorlap, xalıqtı qorqıwda usladı. Bul siyasattı a`melge asırıw arqalı kolonial u`lkede hu`kimlik su`riwin ma`n`gilestiriwdi maqset qılg`an edi.

Rossiyada Oktyabr` awdarıspag`ınan keyin «Oray» ta`repinen ju`rgizilgen ma`mleket siyasatı arqalı milliy sanamız, milliy tilimiz, tariyxımız, u`rp-a`detlerimiz rawajlanıwımızg`a jol bermeytug`ın kommunistlik ideya payda boldı. Eger Patsha Rossiyası bizin` ma`nawiyatımızdı turg`ınlıqta, jarlılıqta tutıwg`a urıng`an bolsa, bol`shevik-shovinistler jergilikli xalıqlardı o`z milliy ma`deniyatınan pu`tkil jatlastırıw siyasatın alıp bardı. O`zbek ha`m qaraqalpaq xalqılarının` ma`deniyatı ha`m ma`nawiyatına, milliy sanasının` rawajlanıwına tosqınlıq etiw eski sovet ja`miyeti da`wirinde tsarizm zamanındag`ıdan ko`re ku`sheyse ku`sheydi biraq kemeymedi. Sovet ma`mleketi milliy shetki u`lke xalıqların eziw, baylıqların talaw maqsetinde patshanın` koloniyalıq siyasatın tikkeley dawam ettirdi. Shora du`zimi milliy birlik milliy tuyg`ının` rawajlanıwı ha`m jetilisiwine «milletshilik» dep qaradı. Shora zamanında xalqımızdın` mın` jıllıq tariyxı, isenimi ornına «shaxsqa sıyınıw» a`deti payda boldı.Birinshi Prezidentimiz İslam Karimov «Tariyxıy xotirasiz keleshek joq» miynetinde atap o`tkenindey` «Shoralar zamanında tariyxıy haqıyqattı biliwge umtılıw qollap-quwatlanbas edi, u`stinlikke iye ideologiya ma`plerine xızmet qılmaytug`ın derekler xalıq ko`zinen ilajı barınsha jıraq saqlanar edi».

İnsanlardın` ruwxıy, a`dep-ikramlıq jetilisiwine ko`meklesiwshi muqa`ddes kitaplar Quranı Ka`rim, ha`disi-sharif, Al-Buxariy, At-Termiziy, shayx Najmiddin Qubra, az-Zamaxshariy, Baxawaddin Naxshband sıyaqlı ulamalardın` miynetleri xalıqtan jasırıldı, olarg`a ot qoyıldı, suwlarg`a ag`ızıldı. Bag`ının`qılıq ha`m koloniallıq jıllarında payda bolg`an bul qorqınıshlı waqıyalar, O`zbekistan xalqının` milliy ma`nawiyatının` belgili da`rejede kriziske ushırawına sebep boldı. Shora hu`kimeti ha`m du`zimi qurıla baslag`an da`slepki jıllardan-aq, en` da`slep pu`tkil zıyalılar ha`tteki eski jergilikli jazıwlardı biletug`ın «molla» dep atalg`an eskiden sawatı bar adamlardı da qamaqlarg`a jo`netti, keyin ala u`yinde arab

a`lipbesi jazıwındag`ı kitap ha`m qol jazbalardı saqlag`an adamlar qattı qadag`alaw astına alındı. Qullası, o`zbek, qaraqalpaq xalıqlarının` aldın`g`ı qatarlı wa`killeri zıyalılarına usı sıyaqlı ko`plep qaralar jag`ılıp awır soqqılar berildi. Bunday qatag`anlıq siyasatı o`tken 70 jıl dawamında ol yaki bul da`rejede u`zliksiz ra`wishte dawam etti. 30-jıllardın` ortalarına barıp milliy ma`nawiyatımızdı tolıq joq qılıp, jenship taslawg`a qaratılg`an siyasat izshil a`melge asırıla basladı. Sholpan, Abdulla Qadiriy, Abdurauf Fitrat, Usman Nasır, Allayar Dosnazarov, Qasım A`wezov, Seyfulg`abit Majitov sıyaqlı xalqımızdın` onlap, ju`zlep a`diwli perzentleri repressiya qurbanları boldı.

Ba`rshege ma`lim, 1937-1953-jıllarda eski SSSR aymag`ında qorqınıshlı siyasiy repressiyalar a`melge asırılg`an edi. Onın` qayg`ılı aqıbetlerin ko`z aldımızg`a keltiriw ushın bir g`ana O`zbekstan boyınsha 100 mın`nan aslam adam repressiyag`a ushırap, sonnan 13 mın` adam atıp taslang`anlıg`ın eslewdin` o`zi jetkilikli. İnsaniylıq qa`dir-qımbatı taptalg`an, o`mirden ju`da` etilgen bul adamlar arasında tek g`ana ma`mleketlik g`ayratkerler menen zıyalılar emes, ba`lki ju`zlep a`piwayı insanlar, elimizde jasap atırg`an derlik ba`rshe milletlerdin` wa`killeri bar edi. Qarqalpaqstanda repressiyalaw siyasatı xalıqtın` belgili wa`killeri, el basqarg`an basshılar, jazıwshılar, ko`rkem o`ner xızmetkerleri ha`m mug`a`llimlerdi repressiya qurbanlarına aylandırdı. Ayırım mag`lıwmatlarg`a qarag`anda Qaraqalpaqstanda 1934-39-jıllarda 10 mın`nan aslam adam repressiya etildi. Sol da`wirde qanshadan-qansha adamlardın` o`z shan`arag`ınan ju`da bolg`anlıg`ı, hayallar qul qalıp, go`dekler jetimlikke shatılg`anın, mın`lap za`berdes diyqanlardın` qulq sıpatında alıs u`lkelerge su`rgin qılıng`anlıg`ın inabatqa alsaq, xalqımız basına tu`sken bul apatshılıqtın` qayg`ılı aqıbetleri ja`ne de anıg`ıraq ko`rinedi.

Bag`ınıshlılıq ha`m koloniyalıq jıllarda Oraylıq Aziya xalıqlarının` Orta a`sirlerde ja`ha`n ilimi, ma`deniyatı rawajlanıwına u`les qosqanı haqqında so`z etiw tariyxtı ideyalastırıw dep ko`rsetildi. O`tmishtin` u`lken miyrası biybaha ruwxıy qa`diriyatı menen qol jazbaların u`yreniw, baspadan shıg`arıw imkaniyatı sheklenip qoyıldı. Bol`shevikler ha`kimiyattı iyelewi menen aq ko`p variantlı

bilimlendiriw sistemasın ornatıwg`a qaratılg`an jol anıq ko`zge taslandı. Jeke hu`kimdarlar ma`mlekettin` ekonomikalıq ha`m a`skeriy ku`sh qu`diretinen paydalanıp, xalıq bilimlendiriw tarawında qattı baqlaw ornatıwg`a kiristi. Bul tu`rdegi sovet mekteplerin zorlıq penen ko`beytiriwge umtıldı, bul mektepler jaslarg`a kommunistlik du`n`yag`a ko`z-qarastı qa`liplestiriwshi tayanısh quralı bolıp qalıwı lazım edi.

O`zbekstanda barlıq dinlerdin`, birinshi na`wbette islam dininin` ko`zge ko`ringen iri wa`killeri quwdalawg`a alınıp su`rgin qılındı. Bir a`sirge shamalas da`wir dawamında diniy ruwxıy ta`rbiyag`a orın berilmedi. Diniy a`dep-ikarmlılıq ha`m ma`deniyattın` zıyanı haqqında aytılmag`an ga`p qalmadı. En` qorqınıshlısı islam792 dininde u`lken ataq abıroyg`a eriskenlerdin` qoyımshılıqlarına ot qoyıldı. Ken`es hu`kimeti xalıqları, a`sirese sanı jag`ınan az bolg`an xalıqlar o`zlerinin` tariyxıy ha`m ma`deniy apat jag`dayında qalg`anın seze basladı. Repressiyalar ju`rgiziw arqalı g`ana ma`mleket basındag`ı bol`shevikler xalıqtı qorqınıshta uslap turıwg`a eristi. Bol`sheviklerdin` ma`mleket basına keliwden-aq olardın` is usılının` totalitarlıq rejim ekenligi belgili boldı. Ken`es hu`kimetinin` aldına qoyg`an maqsetin iske asırıwda burın`g`ı patsha aymag`ındag`ı xalıqlardın` pu`tkil barlıg`ı qarsı bolıwı menen sanaspadı. Ol haqqında oylap otırmastan, olarg`a qarsı qatan` jazalawlar ju`rgizildi. Na`tiyjede ma`mleket boylap Ken`es hu`kimetine qarsı milliy azatlıq ha`reketleri payda boldı. Bol`sheviklik oray ta`repinen oylap tabılg`an ha`r bir qararlar, ha`r bir jazalaw ilajlarının` tolqınları tolıq, ha`tteki ku`sheygen formada jetip kelip, xalqımız ko`plegen qurbanlardı beriwge duwshar boldı.

Repressiyalıq ha`reketlerge sın ko`z benen qarag`anda bul ha`reketler bol`sheviklerdin` a`melge asırmaqshı bolg`an baslı qararları menen bir qatarda ju`rgizilgen. Da`slep bul qararlardı iske asırıw ushın ku`sh isletip, xalıqtın` bir qatlamı qatan` jazalawg`a duwshar bolg`an bolsa, son`ınan qarardag`ı ko`rsetilgen ilajlar a`melge asırılmag`anlıg`ının` ayıpkerleri izlenip ja`ne bir ma`rte jazalawlar ju`rgizilgen. Bunday jazalaw mapazları az sanlı qaraqalpaq xalqı ushın ornı tolmas jog`altıwlarg`a alıp keldi.

Xalqımızdın` pa`k hu`jdanlı perzentlerine «milletshilik tan`bası» basılıp quwdalandı. Qasım A`wezov, Qazaqbay Allabergenov, Jaqsımurat Janaliev, J.Raxmatullaev, Bekman Tajiev, Xakim Nasrullaev, X.Temirxanov sıyaqlı g`ayratkerler atıw jazasına hu`kim etildi.

Kommunistler, basshı adamlar ata-anaları, jaqın-adamlarının` janazasına barıwg`a qorqıp qaldı. Xalqımız arasında dinge qarsı gu`res nıqabı astında orta a`sir arxitekturasının` ta`kirarlanbas u`lgisi bolg`an mın`lap meshitler, medreseler, xalqımızdın` maqtanıshı bolg`an tariyxıy estelikler, xan ha`m a`mir sarayları buzıp taslandı ha`m paxta keptiretug`ın orınlarg`a, mal qoralarg`a aylandırıldı. Bul sıyaqlı unamsız isler «feodal o`tmish, eskilik sarqıtlarınan tazalaw» su`reni astında alıp barıldı. G`a`rezsizlik sebepli diniy qa`diriyatlarg`a bolg`an bunday unamsız qatnasıqlarg`a shek qoyıldı.

Totalitar du`zim da`wirinde xalqımızdın` a`yyemgi qa`driyatları, xalıq awız eki do`retpelerinin` joqarı u`lgisi sıpatında a`sirden-a`sirge ruwxıy miyras sıpatında o`tip atırg`an a`psana, ertek, maqalları «Alpamıs», «Edige», «Qırıq qız», «G`o`rug`lı» sıyaqlı da`stanlarg`a klasslıq, partiyalıq ko`z-qarastan turıp baha beriliwi qaraqalpaq, o`zbek xalıq awız eki do`retpelerinin` kommunistlik ideologiya ko`z-qarasınan kelip shıqqan halda baha berildi. Olarda milliy ha`m ulıwmainsanıy qa`diriyat ha`m ideyalar na`zerge alınbadı. Sebebi Alpamıs da`stanında xanlar bekler maqtaladı, basqınshılıq ha`m zorlıq iske asırıladı, islam dinine tiyisli bolmag`an basqa xalıqlarg`a jaman qatnasıqlar su`wretlenedi degen pikirler ha`wij aldırıp, bul biybaha miyraslardın` qunın tu`siriwge ha`reket etildi. Olardı da`stannın` bas qaharmanı Alpamıs miynetkesh xalıqtın` insanıylıq pa`ziyletlerin ha`m arzıw-u`mitlerin o`zinde sa`wlelendire almaydı, ol ha`kim, qanxor bek, zalım sıpatında ha`reket qıladı dep ko`rsetildi. Na`tiyjede bul kitaptı kitapxanalardan du`kanlardan jıynap alındı. Anıg`ıraq aytqanda, bul o`zbek xalqına jala, onı bay o`tmishten ajıratıp taslaw, milliy qa`diriyatlardı jerge urıw edi. G`a`rezsizlik sebepli ruwxıy miyrasımızg`a bolg`an unamsız ha`reketler toqtatıldı. Bunın` da`lili sıpatında 1999-jılı «Alpamıs» da`stanı jaratılg`anlıg`ının` 1000 jıllıg`ı ma`mleketimizde ko`terin`ki ruwxta nıshanlandı.

Til - ha`r bir xalıq ha`m millettin` milliy o`zligin ko`rsetiwshi a`hmiyetli qural esaplanadı. İygilikli pa`ziyletler insan qa`lbine da`slep ana ha`yiwi menen sin`edi. Ana tili-bul millettin` ruwxı, o`z tilin jog`altqan ha`r qanday millet o`zliginen ajıraladı. Joqarı ruwxıy kamalatqa erisiwdin` za`ru`r sha`rtlerinin` biri bul o`z ana tilin biliw bolıp esaplanadı. Til bilmeytug`ın adam xalıqtın` dilinde bilmeydi. Qanday da bir sebep penen xalıq tili joq bolsa, millet de bara-bara jog`alıp ketedi. Burıng`ı Sovet awqamı hu`kimlik su`rgen 70 jıldan ko`birek waqıt dawamında milliy shetki u`lke xalıqları, solardan o`zbekler menen qaraqalpaqlardın` milliy tilleri, tariyxı ha`m ma`deniy rawajlanıwına tosqınlıq qılıw ushın isletilmegen hiyleleri qalmadı. Jeke insang`a sıyınıw jıllarında milletlerdin` bir birine qosılıp, jalg`ız Sovet xalqına aylanıwı haqqındag`ı «teoriya» ları payda boldı. «Milliy tiller joq boladı, jalg`ız til boladı», dep boljaw qılındı. Bunday qa`lbeki qa`te nazariya Stalin ta`repinen ortag`a taslang`an edi. 1930-jıllardan baslap 60 jıl dawamında burıng`ı oray milletler ha`m milliy tillerdi qosıp jiberiw siyasatın turmısqa engiziwge ha`reket etti. O`zbek ha`m qaraqalpaq tillerine qaratılg`an sotsiallıq a`dilsizlik, a`sirese tu`rli tu`s aldı. Bul na`rse ma`mleket siyasatının` birinshi da`rejesine ko`terildi. Na`tiyjede awız-eki ha`m jazba so`zligimiz artıq da`rejede buzıldı. Sotsiallıq turmısta o`zbek, qaraqalpaq tilinen paydalanıw ken`eyip barıw ornına a`ste-aqırın tarayıp bardı.

Ha`kimshilik buyrıqpazlıq jumıs usılları ha`wijge minip bardı. Ja`miyet ushın qa`legen jumısta kishkene ma`sele bolsa da «Oray»dın` razılıg`ın almay islew mu`mkin emes edi. Bazı basshı lawazımdag`ı jergilikli millet wa`killeri de rus tilinde jaqsı so`ylewdi ma`deniyatlıqtın` ko`rinisi sanalıp ha`tteki ma`kemelerde o`tkerilgen ma`jlislerde rus tilinde alıp barıldı. Ja`miyetlik turmısta o`zbek ha`m qaraqalpaq tillerinen paydalanıw ken`eyip barıw ornına qısqarıp bardı. O`zbek tili puqaralıq ha`m a`skeriy hawa flotlarında, ishki islerden, armiyadan su`rip shetke shıg`arıldı. O`zbek tili, qaraqalpaq tili  saatları oqıw orınlarında jıl sayın qısqarıp bardı. Barlıq jıyınlar, ma`jlisler, ma`mleketlik hu`jjetler rus tilinde alıp barıldı, dissertatsiyalar, kitaplar, maqalalar, arzalar, basqa da qatnas qag`azları rus tilinde jazılatug`ın boldı. Bolmasa abıroylı sho`lkemler ta`repinen qabıl etilmedi.

Milletti qorg`aw ushın onın` tilin de qorg`aw za`ru`r. Til ma`mleket ta`repinen qorg`almas eken, ol rawajlana almaydı. O`zbek ha`m qaraqalpaq tiline ma`mleketlik til da`rejesinin` beriliwi an`satlıq penen bolmadı. Til ma`selesi og`ada na`zik ha`m juwapkerli ma`sele bolıp, onı sheshiwde İslam Karimov basshılıg`ında ken` ko`lemde sho`lkemlestiriwshilik ideyalıq siyasiy ta`rbiyalıq isler alıp barıldı. Uzaq dawam etken tartıslardan keyin O`zbekstan Joqarg`ı ken`esinin` XI-sessiyasında 1989-jıl 21-oktyabr`de «O`zbekstan SSRnin` ma`mleketlik til haqqında»g`ı Nızamı qabıl etildi. Na`tiyjede sovet da`wirinde milliy til ma`selesinde jol qoyılg`an qa`te ha`m kemshiliklerdi du`zetiw ushın ken` jol ashıldı. Usı nızamg`a baylanıslı o`zbek tili O`zbekstan Respublikasının` ma`mleketlik tili dep ja`riyalandı.

«El jurtımız qa`dirine baylanıslı bolg`an tariyxıy a`dillikti tiklew, xalqımız ha`m milletimizdin` jaqın o`tmishtegi jabıq betlerin tolıq ashıp beriw, sol tariyxtan sabaq shıg`arıp, bu`gingi ha`m keleshek turmısımızg`a sanalı ko`z-qarastı qa`liplestiriw, biygu`na` qurban bolg`an insanlar yadnamasın ma`ngilestiriw biz ushın ha`m qarız ha`m parız edi».

## I. 3. G`a`rezsizlik ha`m milliy-ruwxi`y tikleniw ushi`n ali`p bari`lg`an gu`resler.

G`a`rezsizlikke erisiw, a`jdadlari`mi`zdi`n` bay milliy ma`nawiyati`n tiklew, milliy ma`nawiyati`mi`zdi` joqari`lati`w ba`rqulla xalqi`mi`zdi`n` a`sirlik arzi`w-a`rmanlari` boli`p kelgen. Bizge belgili a`yyemnen u`lkemiz o`zinin` ta`biyiy resurslari`, materialli`q ha`m ma`nawiy bayli`qlari` menen ko`plegen ma`mleketlerdin` di`qqat-itibari`n o`zine qarati`p, ha`wesin ku`sheytip, basqi`nshi`li`q uri`slari`n ali`p bari`wg`a sebepshi bolg`an. Bul jurtqa qanshadan-qansha dushpanlar basti`ri`p kelip, xalki`n qi`yi`n awhalg`a sali`p, materialli`q ha`m ma`nawiy bayli`qlari`n ayaq asti` qi`lg`an. Ha`r sapari` bul jerdin` watanpa`rwar xalqi` o`z watani` g`a`rezsizligi ushi`n ti`ni`msi`z gu`res ali`p bari`p, ko`plegen bati`r, watanpa`rwar perzentlerinen ayri`ldi`.

Tu`rkistan en` a`yyemgi da`wirlerden beri dushpanlarg`a qarsi` gu`reste ulli` ma`rtlik maydani` boli`p kelgen. Erami`zdan aldi`n`g`i` 104-101 ji`llarda Ki`tay basqi`nshi`li`g`i`, Iran shahlari` ha`m Grek-makedon, arablar ha`m mong`ollardi`n` basqi`nshi`li`q ha`reketlerin eslep o`tiwdin` o`zi jetkilikli.

Dushpanlarg`a qarsi` ali`p bari`lg`an gu`resler haqqi`nda ayti`p o`tkenimizde, Kir basshi`li`g`i`ndag`i` Iran basqi`nshi`lari`na qarsi` gu`reste o`zi hayal boli`wi`na qaramastan, xalqi` ushi`n ma`rtlik ha`m qaharmanli`q ko`rsete alg`an Tumaristi eske almay o`tiwimiz mu`mkin emes. Hesh na`rseden qaytpay o`z xalqi`n qorg`ag`an, ana topi`rag`i`n ha`mme na`rseden u`stin qoyg`an bul hayal ma`rtligi tariyxta o`z aldi`na u`lken ori`n iyeleydi.

Watan ta`g`dirin, jurt ti`ni`shli`g`i`n muqaddes biliw, oni`n` azatli`g`i` keleshigi ushi`n gu`res tuyg`i`si` xalqi`mi`zdi`n` qan-qani`na, ruwxi`na teren` sin`ip ketken. Olar qulli`qtan ko`re, erkinlik ushi`n, azat jasaw ushi`n Watanni`n` azatli`g`i` ushi`n jan pida` qi`li`wdi` arti`q ko`rip jasag`an.

Usi` ori`nda Birinshi Prezidentmimiz I.Karimovti`n` to`mendegi so`zin eslep o`tiwimiz lazi`m: «Ulli` shaxslardi` tariyx jaratadi`, deydi. Bug`an qosi`msha ki`li`p saqi`pqi`ran babami`zdi`n` suranli` o`mirin qi`yal aynasi`nan o`tkerip, ulli` shaxslardi` millet kayg`i`si`, xali`q da`rti jaratadi` dewimiz mu`mkin».

Haqi`yqattanda, Amir Temurdi`n` Tu`rkistan tariyxi` aldi`ndag`i` xi`zmeti sonnan ibarat, ol Turan u`lkesin mong`ollar basshi`li`g`i`nan azat etti, og`an jan`adan o`mir bag`i`shladi`. Jurti`mi`zg`a basti`ri`p kirgen dushpanlar o`z maqsetlerine erisiw joli`nda a`jdadlari`mi`zdi` a`skeriy tarawda jen`iwge, olardi` materialli`q ta`repten jarli` qi`li`wg`a uri`ni`w menen birge, tu`pkilikli jer xalqi`n ma`nawiy ta`repten jarli`li`sti`ri`wg`a, oqi`mi`sli`, zi`yali`, xali`qti`n` hu`rmetine erisken adamlardi` joq qi`li`wg`a umti`lar edi. Basqi`nshi`li`q uri`slari` a`jdadlari`mi`z ta`repinen a`sirler dawami`nda toplap kelingen bay ma`nawiy miyrasqa u`lken zi`yan keltirdi. Olardi`n` a`jdadlari`mi`z miyrasi`n talan-taraj qi`li`wg`a qarati`lg`an siyasati` aqi`betinde en` a`yyemgi jazba dereklerden esaplang`an «Avesto»ni`n` bir bo`legi jog`ali`p ketti, ko`plegen kitapxanalar talan-

taraj qi`li`ni`p buzi`p taslandi`, ilim-pa`n rawaji`na u`lken u`les kosi`p ati`rg`an ulli` insanlar basqa ma`mleketlerge qashi`p ketiwge ma`jbu`r boldi`.

Basqi`nshi`lar qa`nshelli ha`reket qi`lsa da aymag`i`mi`z xali`qlari` o`z ma`deniyati` ha`m ma`nawiyati`n joqari`lati`wg`a umti`ldi`. Xorezmde iskerligin ali`p barg`an Mamun akademiyasi`, Temur ha`m temuriyler da`wirinde ali`p bari`lg`an abadanshi`li`q isleri, ilim-pa`nnin` rawajlani`p barg`anli`g`i` bug`an mi`sal boli` aladi`.

Ma`mleketimizdin` toli`q g`a`rezsizligin qolg`a kirgiziwi Islam Karimov ati` menen baylani`sli`. XX a`sir aqi`ri`na kelip SSSR i`di`ray basladi`. Ju`zege kelgen ju`da` awi`r sha`rayat siyasiy, ekonomikali`q, socialli`q qi`yi`nshi`li`qlarg`a, tu`rli tosqi`nli`qlarg`a qaramastan xalqi`mi`z I.A.Karimov basshi`li`g`i`nda o`zinin` a`sirler dawami`ndag`i` a`rmani`-O`zbekstanni`n` ma`mleket suvereniteti ha`m g`a`rezsizligi joli`ndag`i` ani`q ha`m bati`lli`q penen ha`reketler dawam etti. Aqi`r-aqi`bet, 1991-ji`l 31-avgusti`nda on ekinshi shaqi`ri`q O`zbekstan SSRi` Joqarg`i` Ken`esinin` VI sesiyasi`nda I.A.Karimov saltanatli` ra`wishte O`zbekstan Respublikasi`ni`n` g`a`rezsizligin ja`riya etti.[4]

G`a`rezsizlik arqali` milliy tikleniw milliy o`zlikti an`law, ruwxi`yli`q ma`selelerine u`lken itibar qarati`ldi`. Prezidentimiz o`z miynetlerinde g`a`rezsizlik qarsan`i`nda ma`deniyatti`n` awhali`n o`kinish penen to`mendegishe ta`riypleydi: «Ma`deniyatti`n` finansli`q bazasi`na na`zer salsaq, uyali`p jerge kirip ketkendey bolami`z. Elege shekem, ja`miyet ma`deniyatqa o`mirdin` basqa tarawlari`na qarata bir ti`yi`n sarplap ati`rg`an eken, pu`tkil denesinen joqari` ishki ma`deniyat nuri`nday tarali`p turg`an a`lemdi ta`rbiyalawi` mu`mkin be, bu`gin basi`p o`tken joli`mi`zg`a o`z-o`zin si`n ruwxi`nda na`zer taslap usi`ni` ani`q ta`n ali`wi`mi`z kerek, biz ma`deniyat mashqalalari`na keshirip bolmaytug`i`n ta`rizde az itibar qaratqan ekenbiz. Shi`g`i`p so`ylewler ha`m lekciyalarda ja`miyettin` ruwxi`y rawaji`nda ma`deniyatti`n` tutqan orni` haqqi`nda ju`da` ba`lentpa`rwaz ga`plerdi ko`p aytti`q. Lekin a`melde, yag`ni`y teatr ha`m kinoteatrlar quri`w

---

[4] И.А.Каримов Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў босағасында.-Т: «Өзбекстан» НМИУ , 2011., 401-402 бетлер

boyi`nsha ani`q wazi`ypalardi` sheshiwde, ulli` a`jdadlari`mi`zdan miyras boli`p qalg`an ten`siz sawlatli` imaratlardi` rekonstrukciyalawda, kitap baspag`a shi`g`ari`wdi` jaqsi`lawda, xali`q ko`rkem-o`nerin rawajlandi`ri`wda, biz o`zimizdin` ku`shli shaqi`ri`qlari`mi`z ha`m uranlari`mi`zdi` a`melge asi`ri`w boyi`nsha az g`ana is qi`ldi`q.

Ne ushi`n mo`lsherlengenligi belgili bolmag`an imaratlar ha`m ko`rkenli binalar quri`li`si`na million-million sum qarji`lardi` sari`plap jibere berip, xali`qti`n` ruwxi`y ha`m fizikali`q kamalati` ushi`n za`ru`r bolg`an klublar, kitapxanalar, sport inshaatlari` quri`wg`a qarji`lardi` ayadi`q».[5] Sonli`qtanda g`a`rezsizlikke eriskennen son` ma`mleketimizde ma`deniyat tarawi`na, ruwxi`y tikleniw ushi`n aji`rati`latug`i`n qarji`lar bir neshshe ma`rtebe artti` ha`m de buni`n` na`tiyjesi bu`gingi ku`nde ayqi`n ko`rinbekte.

## 1.4. G'a'rezsizliktin' jan'a da'wiri jetiskenlikleri h'a'm wazıypaları.

Watanımız h'a'm xalqımızdın' tariyxında a'h'miyetli orın tutqan birinshi da'wirde shın ma'nisinde tu'pkilikli o'zgerisler a'melge asırıldı, xalıqaralıq qatnasıqlardın' ten' h'uqıqlı subektine aylang'an, du'nya ju'zlik sherikleslikte o'zinin' ılayıqlı h'a'm bekkem ornına iye bolg'an - O'zbekstan dep atalg'an jan'a demokratiyalıq ma'mleket qurıldı. Bu'gin a'ne usı du'zilgen bekkem tiykar negizinde elimizde jedel reformala h'a'm modernizatsiyalawdın' jan'a da'wiri – Milliy progresimizdin' keyingi nızamlı basqıshı izbe-izlik penen dawam etpekte.

Bul basqıshtın' a'h'miyetli bag'darlamalıq wazıypaları-siyasiy h'a'm ekanomikalıq turmıs, ma'mleket h'a'm ja'miyetlik qurılıstın' barlıq salaların bunnan bılay da demokratiyalastırıw h'a'm erkinlestiriw, g'a'rezsiz sud sistemasın bekkemlew, insannın' h'uquqları menen erkinliklerin isenimli tu'rde qorg'aw, puqaralardın' siyasiy, ekanomikalıq belsendiligin arttırıw, puqaralıq ja'miyet tiykarların qa'liplestiriwden ibarat.

[5] Өзбекстан Республикасы Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў босағасында китабын үйрениў бойынша методик қолланба. «Уқитувчи» баспа дөретиўилик үйи., Ташкент 2012 83-бет

O’tiw da’wiri h’a’m milliy ma’mleketshilikti qurıw sharayatında obektiv za’ru’rlik bolg’an ku’shli ma’mleketten-ku’shli puqaralıq ja’miyetke izbe-izlik penen h’a’m basqıshpa-basqısh o’tiwge erisiw usı da’wirde ma’mleketlik sistemanı reformalawdın’ tiykarg’ı h’a’m sheshiwshi wazıypası bolıwı tiyis. Bul da’wirde ma’mleket h’a’m ja’miyetlik qurılıs salasında a’melge asırılıp atırg’an demokratiyalıq reformalar na’tiyjesinde elimizdin’ nızam shıg’arıwshı joqarı uyımı-O’zbekstan Respublikasının’ Oliy Ma’jilisi eki palatalı parlamentke aylandırıldı. Bul bag’dardag’ı tiykarg’ı wazıypa to’mengi palatanı-nızamshılıq palatasın turaqlı jumıs alıp baratug’ın professional uyımg’a aylandırıw, joqarg’ı palata-Senattı aymaqlardın’ ma’plerin ko’rsetetug’ın wa’killikli uyım sıpatında qa’liplestiriwden ibarat edi. Usılayınsha qabıl etilip atırg’an h’u’jjetlerdin’ sapalı h’a’m tiykarlı bolıwına erisiw menen bir qatarda, o’z-ara sa’ykeslikti h’a’m ten’ salmaqlılıqtı saqlaw boyınsha na’tiyjeli sistema jaratılmaqta, ulıwma ma’mlekettin’ h’a’m aymaqlardın’ ma’plerinin’ o’z-ara u’ylesikligi ta’miyinlebekte, xalıqtın’ elimizdin’ ja’miyetlik h’a’m siyasiy turmısındag’ı qatnası ko’lemin tag’ı da ken’eytiw mu’mkinshiligi tuwılmaqta.

Eki palatalı parlamentimizdin’ h’uquqların h’a’m wa’killiklerin ken’eytiw, nızam shıg’arıwshı h’a’m atqarıwshı h’a’kimiyat arsındag’ı wa’killiklerdin’ bunnan bılay da muwapıqlasıwın ta’miyinlew menen baylanıslı ma’selelerdi sheshiwde Prizidenttin’ wa’kiliklerinin’ bir bo’legin joqarg’ı palata-Senatqa o’tkeriw, sonday-aq, Bas ministirdin’ h’uquqları menen wa’killerin ku’sheytiw u’lken a’h’miyetke iye boldı.

O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyasındag’ı elimiz Prezidenti bir waqıttın’ o’zinde atqarıwshı h’a’kimiyat basshısı da ekenin belgileytug’ın normalardın’ o’zgertiliwi a’h’miyetli siyasiy-h’uquqıy qa’dem boldı. Bu’gingi ku’ni Konstitutsiyag’a muwapıq O’zbekstan Respublikasının’ Prezidenti Ma’mleket basshısı bolıp, ma’mleketlik h’a’kimiyat uyımlarının’ o’z-ara u’ylesikligi h’a’m birlikte jumıs ju’rgiziwin ta’miynleydi.

«Ma’mleketlik basqarıwdı jan’alaw h’a’m bunan bılay da demokratiyalastırıw, eldi modernizatsiyalawda siyasiy partiyalardın’ rolin ku’sheytiu h’aqqında» g’ı konstitutsiyalıq nızamnın’ qabıl etiliwi, demokratiyalıq reformalardı teren’lestiriwde tiykarg’ı h’a’m sheshiwshi rol atqarg’anına gu’man joq.

Ha’zirgi sharayatta siyasiy partiyalar puqaralardın’ siyasiy h’a’m ja’miyetlik belsendiligin arttırıw, xalıqtın’, a’sirese saylaw protsesinde o’zlerinin’ erk-ıqrarın h’a’m pikirin bildiriwi, orayda h’a’m orınlarda ma’mleketlik h’a’kimiyat uyımların qa’liplestiriwdin’ a’h’miyetli ta’sir ko’rsetiwshi quralına aylanıwı ayrıqsha a’h’miyetke iye boladı. Bul wazıypanı sheshiw maqsetinde parlamenttegi ko’pshilik h’a’m parlamenttegi oppozitsiya statusın nızamlı tu’rde belgilew, siyasiy partiyalar fraktsiyalarının’ basshıların Nızamshılıq palatası Spikerinin’ orınbasarı etip saylaw boyınsha sho’lkemlestiriwshilik h’uqıqıy ilajlar ko’rildi.

Qabıl etilgen usı h’uqıqıy mexanizmler siyasiy partiyalardın’ elimizdin’ parlamentinin’ jumısın sho’lkemlestiriwdegi, sonday-aq wa’killikli atqarıw h’a’kimiyatı uyımların qa’liplestiriw, olardın’ jumısın qadag’alawdag’ı rolin h’a’m a’h’miyetin tu’pkilikli ku’sheytti.

Atap aytqanda, Bas ministr lawazımına talaban boyınsha siyasıy partiyalar fraktsiyaları menen ma’sla’h’a’tlesiw ta’rtibi, onın’ parlament ta’repinen tastıyqlanıwının’ qatan’ belgilengen ta’rtibi h’a’m mexanizmnin’ engiziliwi ma’mleketlik qurılıs salasında demokratiyalıq reformalardı teren’lestiriw jolındag’ı a’h’miyetli qa’dem boladı.

Konstitutsiyalıq nızamg’a muwapıq siyasiy partiyalardın’ Nızamshılıq palatasındag’ı fraktsiyalarına Bas ministrdi otstavkag’a shıg’arıw, jergilikli ken’eslerdegi partiya toparlarına bolsa, wa’layat h’a’kimlerin otstavkag’a shıg’arıw h’aqqında baslama menen shıg’ıw h’uqıqının’ beriliwi de pu’tkilley u’lken a’h’miyetke iye boladı. Bulardın’ barlıg’ı siyasıy partiyalardın’ elimizdin’ turmısındag’ı orınının’ h’a’m ta’sirinin’ artıp baratırg’anlıg’ın ko’rsetedi.

Ma’mlekettin’ h’a’kimiyattın’ oraylıq uyımlarının’ bir qatar wa’killeri menen wazıypaların, ba’rinen burın ekonomikalıq h’a’m sotsiallıq ma’selelerdi sheshiw, byudjet sho’lkemlerin, komunallıq xojalıq h’a’m abadanlastırıw jumısların qarjılandırıw, adamlardı jumıs penen ta’miynlew h’a’m xalıqtın’ ma’plerin qorg’aw boyınsha wa’killerin jergilikli h’a’kimiyatqa, puxaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw uyımlarına ken’ imkaniyatlar jaratılıp, h’a’r ta’repleme qollap-quwatlanbaqta. Bunday ibratlı isler biyg’a’rez elimizdi o’zimiz maqset etkenimizdey ku’shli ma’mleketten ku’shli puqaralıq ja’miyetke qaray ilgeriletiwimizdin’ negizgi ku’shi bolıp xızmet etedi.

G’a’rezsizlik jıllarında erisilgen jen’isler, bar bolg’an mashqalalardı qalıs tu’rde sheshiw, tiyisli juwmaq ha’m de sabaqlar shıg’arıw-milliy ideyanın’ za’ru’rligi ha’m a’hmiyetinin’ barg’an sayın artıp barıwın ko’rsetpekte.

Ma’mleketimiz Birinshi Prezidenti İ.A.Karimov milliy g’a’rezsizlik ideyası ha’m ideologiyasın qa’liplestiriw za’ru’rligi haqqında g’a’rezsizliktin’ da’slepki jıllarınan-aq pikir ju’rgiziwi tosınnan bolg’an emes. Sebebi, «Milliy g’a’rezsiz ma’mleket bar eken, onın’ g’a’rezsizligine ha’m erkinligine, da’stu’r ha’m u’rp-a’detlerine qa’wip salatug’ın, onı o’z ta’sirine alıw, onın’ u’stinen hu’kimranlıq qılıw, onın’ baylıqlarınan o’z ma’pi jolında paydalanıwg’a qaratılg’an urınıwlar ha’m ha’reketler barhama qa’wip sıpatında saqlanıp qalıwı so’zsiz».

Demek milliy ideyanın’ za’ru’rligi, en’ aldı menen, ma’mleketimiz g’a’rezsizligin bekkemlew ushın za’ru’rli. Onın’ za’ru’rligi to’mendegi ma’selelerde a’melge asırıw menen baylanıslı halda ko’rinedi.

-aldımızg’a qoyılg’an joqarı maqsetlerimizge, yag’nıy azat ha’m abbat Watan, erkin pa’rawan turmıstı qurıw;

-eski ideologiyalıq illetlerden tolıq qutılıw;

-ideyalıq boslıq payda bolıwına jol qoymaw;

-uzaq da’wirler dawamında adamlar sanasına hukimran bolg’an o’zge ha’m jat ideyalardın’ ja’ne de qayta tikleniwine jol qoymaw;

-xalqımız ta'biyatına qayshı keletug'ın o'zge ideyalardan, a'sirese, jas a'wladtı qorg'aw;

-ha'r qanday agressiv ideyalarg'a qarsı tura alatug'ın, ha'r ta'repleme kamalg'a jetisken a'wladtı za'ru'rliginin' g'a'rezsizlikti bekkemlewdegi ornın an'lawı arqalı ha'reket da'stu'rine iye bolıw;

-g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' ha'r bir puqarasında Watan ta'g'diri ushın juwapkershilik sezimi bolıwı za'ru'r.

G'a'rezsizlikti bekkemlewde milliy ideyadan go'zlengen maqsetlerdin' ken' qamrawlı ilimiy-teoriyalıq ha'm a'meliy bag'darları Prezident İ.Karimovtın' miynetlerinde, bayanat ha'm lektsiyalarında o'zinin' anıq kontseptual ko'rinisin tapqan.

G'a'rezsizlik jıllarında ja'miyetimiz ag'zalarının' du'nyag'a ko'z-qarası, pikirlew ta'rizinde teren' o'zgerisler ju'z bermekte. A'ne, sonday sharayatta xalqımızdı birlestiretug'ın, do'retiwshilik iskerligine bag'darlaytug'ın, onın' ullı maqsetlerin o'zinde jıynag'an milliy ideya ha'm ideologiyanı jaratıw ja'miyetlik-siyasiy ha'm ruwxıy rawajlanıwımızdın' a'hmiyetli sha'rti sıpatında da za'ru'riyatqa aylandı.

G'a'rezsizlikti bekkemlewde milliy ideyanın' za'ru'rligi ha'm onın' a'hmiyeti de ishki ha'm sırtqı siyasatımız keleshegi, na'tiyjeliligi menen baylanıslı. Usı ko'z-qarastan milliy ideyanın' za'ru'rligi ja'miyetimizdi rawajlang'an demokratiyalıq ma'mleketlerdegi sıyaqlı erkin ha'm pa'rawan turmıstı payda qılıw menen baylanıslı. Demek, milliy ideyanın' negizindegi a'hmiyetli u'stem maqset-g'a'rezsizlikti bunnan da beter abaylap saqlaw, qorg'aw ha'm bekkemlew bolıp qala berer eken, onın' za'ru'rligi hesh bir da'wirde o'z a'hmiyetin jog'altpaydı.

Bizge belgili, g'a'rezsizlik sebepli basqa xalıqlar qatarı biz de o'z milliy ta'biyatımız ha'm mın' jıllıq da'stu'rlerimizge qayshı keletug'ın jalg'an kommunistlik ideyadan waz keshtik. Lekin, insaniyat tariyxı sol na'rseni qatan' ra'wishte da'liyllegen, ideologiya du'nyasında boslıqqa jol qoyıp bolmaydı eken.

Qay jerde sonday hal ju'z bergen ta'g'dirde bos qalg'an ideologiya maydanın bizge jat, arzıw-a'rmanlarımızg'a ulıwma jat ideyalardın' iyelewge urınıwı ha'm tariyxıy da'liyllengenligi gu'mansız. Egerde qorshag'an a'tirapımızdag'ı bolmısqa teren'irek na'zer taslaytug'ın bolsaq, ta'biyiy resurslarg'a bay, geosiyasiy ko'z-qarastan ju'da' qolay aymaqta jaylasqan jurtımızg'a ko'z alartqan, bizge ta'sirin o'tkeriwdi qa'leytug'ın tu'rli salamat bolmag'an ku'shler barlıg'ın inkar ete almaymız. «Olar,-dep aytadı İ.Karimov-o'z niyetlerin a'melge asırıw ushın hesh na'rseden qaytpaytug'ınlıg'ı bu'gingi ku'ni ayan bolıp qaldı. Bul ku'shler ko'p qarjı ha'm zamanago'y qural-jaraqlarg'a iye. Lekin olardın' en' jawız-milliy qa'diriyatlarımızg'a tuwrı kelmeytug'ın, en' jamanı, erten'ine ornımızdı iyeleytug'ın jas a'wladtın' qa'lbi ha'm pikirlewin za'ha'rleytug'ın buzg'ınshı ideologiya bolıp sanaladı.

Ha'zirgi waqıtta ju'z berip atırg'an ayırım unamsız halatlar, qolaysız ha'reketler, jawız isler, aldı menen ideologiyalıq boslıq sebepli bolmaqta».

Bu'gingi ku'nde adamzat belgili bir ma'mleketler ha'm siyasiy ku'shlerdin' ma'plerine g'ana xızmet qılatug'ın, alıs-jaqın dereklerden taralatug'ın, tu'rli ma'ni-mazmundag'ı ideologiyalıq ku'shlerdin' ta'sirin ba'rhama sezip jasawı. Axborot ta'siri, elektronika a'siri dep atap atırg'an XXI asir bu'gingi ku'ni de bul ta'sirlerden azat boldı dep ataw qıyın. Demek, bu'gingi ku'ni «ideologiya poligonları yadro poligonları»na qarag'anda da ko'birek ku'shke iye. Bul onın' o'zgesheliklerinen biri.

-Eger a'skeriy, ekonomikalıq, siyasiy agressiya bolsa, bunı seziw, ko'riw, aldın alıw mu'mkin. Lekin, ideyalıq agressiyanın', onın' tasirin ha'm aqıbetlerin tez bayqap alıw qıyın.

-Milliy ideya-millet pikirlewi ha'm sanasının' o'nimi. Lekin, ha'zirgi payıtta, siyasiy sana da'rejesi ha'r bir millettin' rawajlanıwın belgilep beretug'ın faktor bolıp esaplanadı. Demek, sananı, pikirlewdi o'zgertpesten turıp hesh bir ja'miyet o'zinin' ullı maqsetine erise almaydı. Biz ha'm adamlar sanası ha'm pikirlewin o'zgertpesten turıp azat ha'm abat ja'miyet qura almaymız.

Milliy g’a’rezsizlik ideyasın bekkemlewdi a’melge asırıw ushın ol o’zinde nelerdi toplawı ha’m qanday talaplarg’a juwap beriwi za’ru’r.

Milliy ideologiya-aldı menen, o’zligimizdi, muxaddes da’stu’rlerimizdi an’lawg’a ja’rdem beriw, xalqımızdın’ ko’p a’sirler dawamında qa’liplesken arzıw-a’rmanların, ja’miyetimiz aldına qoyg’an ullı maqset ha’m wazıypalardı qamtıp alıwı sha’rt.

-Jamiyetimizdi bu’gingi ku’ni bar bolg’an ha’r qıylı pikirler ha’m ideyalar, erkin ko’z-qaraslardan, ha’r qanday taypalar ha’m toparlardın’ umtılıwları ha’m u’mitlerinen, ha’r qanday insannın’ isenimi ha’m du’nya qarasına qaramastan, olardın’ barlıg’ın biriktirip milliy bayraq a’tirapında birlestiretug’ın, xalqımız ha’m ma’mleketimizdin’ erkinligin asıraytug’ın, el jurtımızdı en’ ullı maqsetlerge qaray shaqıratug’ın milliy g’a’rezsizlik ideyası-ideologiya bolıwı sha’rt.

-Milliy idologiya ha’r qanday agressiv milletshilik ha’m sog’an uqsag’an elementlerden, basqa elat ha’m xalıqlardı mensinbew, olardı kemsitiw keypiyatı ha’m ko’z-qaraslarınan absolyut azat bolıwı, qon’sı ma’mleket ha’m xalıqlar, ulıwma du’nya ja’miyetshiliginde, xalıq aralıq arenada o’zimizge mu’na’sip hu’rmet ha’m izzetke erisiwge tırnaq bolıwı lazım.

-Milliy ideya birinshi gezekte, jas a’wladlarımızdı watan su’yiwshilikke, el-jurtqa sadıklıq ruwxında ta’rbiyalaw, olardın’ qa’lbine milliy qa’diriyatımızg’a say insanıylıq ha’m insanıylıq pazıyletlerin sin’diriwdey joqarı islerimizde ma’detker bola aladı.

Milliy ideya Watanımızdın’ ataqlı o’tmishi ha’m ullı keleshegin tıg’ız baylanıstırıp turıwg’a, o’zimizdi ullı a’jdadlarımız ma’n’gi miyrasının’ mu’na’sip miyrasxorları dep seziw, sonın’ menen birge, ja’ha’n ha’m zamannın’ ulıwma tsivilizatsiyalıq jen’islerine erisiwge jol ashıp beretug’ın ha’m usı maqsetlerge u’zliksiz shaqırıwshı ideya.

Demek, milliy ideya, milliy maqtanısh ku'ndelikli mashaqatlı islerimizde ha'm do'retiwshilik iskerligimizde ku'shimizge-ku'sh, g'ayratımızg'a-g'ayrat qosıp haqıyqattan da ullı ma'mleket qurıp atırg'anımızg'a bekkem isenim bag'ıshlaydı.

G'a'rezsiz O'zbekstan ushın onın' rawajlanıwı ha'm ullı keleshegi ushın endi bir qansha a'hmiyetli wazıypa ha'm mashqalalardı sheshiw tiykarg'ı wazıypalardan biri bolıp qalmaqta. A'ne, sonday wazıypalardan biri milliy g'a'rezsizlik ideologiyasına isenimdi bekkemlewden ibarat. Milliy g'a'rezsizlik ideologiyasın bekkemlew za'ru'rligi, pikirimizshe bir qatar sha'rt-sharayatlardan kelip shıg'adı. Olar to'mendegilerden ibarat.

-O'zbekstan o'zinin' rawajlanıw jolına qa'dem qoyg'an da'slepki payıtlarda-eski, jalg'ız ideologiyadan pu'tkilley waz keshetug'ın, jan'a ideologiya bolsa ele islep shıg'ılmag'an, ilimiy tiykarlap berimlegenligi menen baylanıslı edi.

Ulıwma tsivilizatsiyalıq tariyxıy rawajlanıw analizi sonnı ko'rsetedi, hesh qanday ja'miyet ideologiyasız jasay almag'an. Du'nyadag'ı ha'r bir ja'miyettin', ha'r bir ma'mlekettin' o'zine ta'n, o'zine say keletug'ın, onın' ushın xızmet qılatug'ın, tu'pkilikli maqsetleri ha'm ma'plerin qorg'aytug'ın ideologiyası bolg'an. Demek, adamlar qaysı bir ja'miyette jasamasın negedur iseniwi, sıyınıwı, qanday da bir jetik ideyag'a, ta'limatqa tiykarlanıp is ko'riwi, iskerlik ko'rsetiwi tariyxıy za'ru'rlik bolıp sanaladı.

-G'a'rezsiz O'zbekstan ushın, milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' tariyxıy za'ru'rligi de sonda, demokratiyalıq ja'miyet qurıw ushın onın' ja'miyetlik-ekonomikalıq, siyasiy, huquqıy, ma'deniy-ruwxıy fundamentin jaratıw ha'm bekkemlew ushın o'zimizge say ha'm ta'n milliy ideologiya suw ha'm hawaday za'ru'r. Bunı bizge g'a'rezsizligimizdin' turmıslıq ta'jiriybesi anıq-ra'wshan ko'rsetip turıptı. Demek, milliy ideya-ja'miyet turmısının' barlıq tarawların o'zinde qamtıp aladı ha'm onın' ma'newiy negizinin' kriteriyasına aylanadı. Sol ko'z-qarastan qaralsa, adamlarg'a ma'newiy ta'sir etiwdin' tiykarg'ı usılı da bolıp sanaladı.

O’zbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.A.Karimov ken’ ja’ma’a’tshilikti, alımlar, shayırlar, jazıwshılardı ideologiya maselesine salmaqlı itibar qaratıwg’a shaqırıp, 1993-jılı, yag’nıy g’a’rezsizliktin’ daslepki jıllarında-aq «aldımızda turg’an en’ a’hmiyetli ma’sele, bul milliy g’a’rezsizlik ideologiyasın jaratıw ha’m turmısımızg’a engiziw» dep uqtırg’an edi.

Haqıyqatında da, g’a’rezsiz O’zbekstannın’ milliy g’a’rezsizlik ideologiyası aldında ullı maqsetler, ju’da’ aktual wazıypalar turıptı. Onın’ tiykarg’ı maqsetlerinen biri-O’zbekstan aymag’ında jasawshı ha’r bir puqaranı, ha’r bir millet ha’m elat adamların ka’mil insan etip ta’rbiyalaw, g’a’rezsizliktin’ sanalı pidayısına aydandırıwdan ibarat. Nege desen’iz, jamiyet rawajlanıwı g’a’rezsizlik penen baylanıslı bolg’an ullı wazıypalarda orınlawg’a massanı bag’darlawda milliy ideyasız elesletiw mumkin emes. İnsannın’ iskerligi onın’ aldıng’ı do’retiwshi, o’zimizge ta’n ha’m say milliy ideyag’a qatan’ a’mel qılıw ha’m iseniwine baylanıslı. Demek, g’a’rezsizlik ideologiyası pu’tkil O’zbekstan xalqının’ milliy ruwxın, ma’deniy miyrasın, sezimlerin, milliy maqtanısh ha’m ku’sh-qudiretin, arzıw-a’rmanların o’zinde ja’mlestiredi.

G’a’rezsizlikti bekkemlewde O’zbekstan ushın milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ tariyxıy za’ru’rligi ha’m onın’ demokratiyalıq ja’miyet qurıwdag’ı ornı ja’ne bir qatar bar bolg’an mashqalalardı sheshiw menen baylanıslı. Olar to’mendegilerden ibarat.

-birinshiden, milliy g’a’rezsizlik ideologiyası adamlarda milliy madeniyattın’, milliy sananın’, milliy maqtanıshtın’ o’siwi ha’m rawajlanıwın ta’miynlew faktorı sıpatında g’a’rezsizlikti bekkemlewde u’lken a’hmiyetke iye;

-ekinshiden, milliy g’a’rezsizlik ideologiyası adamlarda milliy birlik ha’m awızbirshilik sezimlerin qa’liplestiriw arqalı jaslardı watan su’yiwshilikti ta’rbiyalaydı ha’m g’a’rezsizlikti bekkemlewge xızmet qıladı;

-u’shinshiden, g’a’rezsiz O’zbekstan ushın milliy g’a’rezsizlik ideologiyası xalıqtı, miynetti su’yiw ha’m qa’dirlewge shaqırıw, mynetsiz ırısqı-nesiybe,

materiallıq-ruwxıy baylıq ha'm keleshek joq ekenligin, g'a'rezsizligimizdin' turaqlılıg'ı ha'm ta'g'diri ha'm og'an baylanıslılıg'ın adamlar sanası ha'm qa'lbine teren' sin'diredi.

Milliy g'a'rezsizlik ideologiyası bir millet-o'zbeklerdin' ma'pi menen g'ana baylanıslı emesligin o'z aldına belgilep o'tiwimiz kerek. O'zbekstanda jasap atırg'an o'zbekler, qaraqalpaqlar, qazaqlar, qırg'ızlar, ta'jikler, tu'rkmenler, ruslar, ukrainlar, evreyler, qullası, Respublikamızdı o'zinin' janajan watanı dep bilgen, onın' menen maqtanısh etetug'ın barlıq millet ha'm elatlardın' ten' huquqlıg'ın, milliy maqtanıshtın' ma'plerin qorg'aw ideologiyamız ma'nisinde tiykarg'ı orındı iyeleydi. Sonday-aq, milliy g'a'rezsizlik ideologiyası tiykarında ja'ha'ndegi barlıq rawajlang'an ma'mleketler, xalıklar ta'repinen itibarg'a alınatug'ın ulıwma insanıy qa'diriyatlardı, unamlı ta'jiriybelerdi de esapqa aladı ha'm tayanadı.

G'a'rezsiz O'zbekstan ushın milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' tariyxıy za'ru'rligi ha'm onın' demokratiyalıq qurıwdag'ı ornı-Birinshi Prezidentimiz İ.A.Karimov ta'repinen absolyut jan'a ideyalardın' islep shıg'ılıwı menen bir qatarda, bir qansha ma'mleketlerdin' ta'jiriybeleri u'yrenilmekte. Bunın' da'liyli sıpatında bir g'ana O'zbekstan Konstitutsiyası joybarın tayarlawda 30 g'a jakın shet el ma'mleketlerindegi nızamshılıq ta'jiriybeleri u'yrenilgenligin keltiriw orınlı. Na'tiyjede, kommunistlik ideologiyadan, qatlamlıqtan, partiyalılıqtan g'a'rezsiz bolg'an tiykarg'ı nızam jaratıldı.

G'a'rezsizlik sebepli birinshi ma'rtebe Konstitutsiyamızda ideologiyalar ha'm pikirlerdin' ha'r qıylılıg'ı qarar tabıwı ushın sha'rt-sharayat jaratıldı. Ma'selen, Konstitutsiyanın' 12-statyasında: «O'zbekstan Respublikasında ja'miyetlik turmıs siyasiy institutlar, ideologiyalar ha'm pikirlerdin' ha'm qıylılıgı tiykarında rawajlanadı. Hesh qaysı ideologiya ma'mleket ideologiyası sıpatında ornatılıwı mumkin emes», dep jazıp qoyılg'an. Bul qag'ıyda Respublikada jamiyetlik-siyasiy turaqlılıq ha'm g'a'rezsizlik ideologiyasın islep shıg'ıwda ha'm de g'a'rezsizlikti bekkemlewde u'lken a'hmiyetke iye bolmaqta.

Ma’mleketimiz siyasiy turmısının’ barlıq tarawların, ma’mleket ha’m ja’miyet qurılısın erkinlestiriw. Bunda ja’miyetimizde bar bolg’an tu’rli ma’pler, qarama-qarsı ku’shler ha’m ha’reketler ortasındag’ı ten’ salmaqlılıqta ta’miynleytug’ın na’tiyjeli mexanizmdi qa’liplestirsek, turmısımızdın’ turaqlı ha’m bekkem rawajlanıwın jetik kepillegen bolar edik. Milliy g’a’rezsizlik ideologiyası ha’m onın’ demokratiyalıq ja’miyet qurıwdag’ı ornı, en’ aldı menen, ma’mleketimiz siyasiy turmısında haqıyqıy ma’nidegi ko’ppartiyalıq ortalıg’ı qarar tabıwı menen baylanıslı. Bul barısta Birinshi Prezident İ.Karimov ekinshi shaqırıq O’zbekstan Respublikası Joqarı Ma’jilisinin’ birinshi sessiyasında islegen bayanatında to’mendegi wazıypanı qoydı: «Ha’r bir partiya belgili ja’miyetlik qatlamg’a tayang’an halda, a’ne usı taypa ma’plerinin’ qorg’awshısı sıpatında o’zinin’ anıq, ra’wshan ha’reket da’stu’rine iye bolıwı kerek. Onda ha’r qaysı partiyanın’ maqset ha’m wazıypaları ja’miyet rawajlanıwı barısındag’ı usınısları o’z ko’rinisin tabıwı kerek.

A’meldegi ko’p partiyalılıq-bul ha’r qıylı ko’z-qaras ha’m ideyalar ortasındag’ı tartıs-gu’rrin’, tu’rli partiyalar, ma’selen, oppozitsiya partiyalar ushın da siyasiy konkurentsiya maydanı degeni». Biraq, bizin’ pikirimizshe, o’tiw da’wirinde, ha’r qanday ja’miyette bolg’anınday oppozitsiya meyli ol ja’miyetti jan’alawdın’ sho’lkemlestiriwshisi bolıwg’a umtılıp atırsa da, xalıqtın’ belgili ja’miyetlik qatlamları ha’m toparlarının’ ma’pleri ha’m umtılıwlarının’ haqıyqıy sa’wlelendiriwshisi ha’m qorg’awshısı bolıwı lazım.

Oppozitsiya konstitutsiyalıq normalar shegarasında iskerlik ko’rsetip, anıq da’stu’riy hu’jjetke iye bolıwı kerek. Ane, usı da’stu’riy maqsetlerinen kelip shıg’ıp, xalıqtı, a’sirese, saylaw da’wirinde, o’zi usınıp atırg’an reformalar ha’m jan’alanıw jolı menen sharayatta ja’miyet ushın en’ tuwrı ha’m en’ maqul jol ekenligine isendiriw lazım.

Haqıyqıy oppozitsiyanın’ ju’zege keliwi ushın, onın’ ha’kimiyat penen ideyalıq ha’m a’meliy usınıslar kirgize beletug’ın, ja’miyetimizdin’ tu’rli siyasiy qatlamları ma’plerinin’ su’wretlewshisi sıpatında arenag’a shıg’a alatug’ın oppozitsiya bolıwı

ushın siyasiy jag’day ha’m turaqlılıqtı ta’miynlewshi mexanizm ha’m sistemalar ku’shli bolıwı kerek. Bu’gingi ku’ni barlıq salamat pikir ju’rgiziwshi, g’a’rezsizligimizdi bekkemlew ha’m Watanımızdın’ ullı keleshegi ushın gu’resip atırg’an adamlardın’ barlıg’ı siyasiy oppozitsiyanı, tap usınday haldag’ı oppozitsiyanı ko’riwdi qa’leydi. A’lbette, bunın’ ushın baspa so’l, xabar quralları demokratiyalıq printsiplerge tayanıp islewi lazım.

Sebebi ha’r bir ma’mleket, ja’miyet o’zi orınlap atırg’an tariyxıy wazıypanı tiykralawshı ha’m barlıq ja’miyetlik qatlamlar, milletler ha’m elatlar, diniy isenimler wa’killerin usı wazıypa a’tirapında birlestiriwshi, biriktiriwshi ulıwma milliy ideologiyag’a iye bolg’an.

İdeologiya xalqımız ta’riyxıy ma’deniyatın, filosofiyasın, moralın, siyasiy sanasın, ko’rkem sezimin, diniy da’stu’rlerin ha’m keleshekti anıq belgilep beriwi menen de o’z aldına ajıralıp turadı. «O’zbekstan Rossiyadan keltirilgen kommunistlik ideologiyanı qabıl qılmaydı, qabıl qıla almaydı ha’m Evropada tamır atıw mu’mkin bolg’an na’rse Shıg’ısta o’nip-o’se almaydı. Bunı ha’miyshe esapqa alıw kerek. Bul orında Shıg’ıstın’ turmıs ta’rizin, ruwxıylıg’ın, filosofiyasın, onın’ ullı islam dinin esapqa alıwı za’ru’r. Tiykarg’ı wazıypamız hesh qanday ja’miyet jarılıwlarısız, ashlıq, jarlılıqsız adamlarg’a zıyan jetpeytug’ın ta’rizde ja’miyetlik-ekonomikalıq rawajlanıwdın’ jan’a basqıshına o’tiwden ibarat. Bul ma’nide de O’zbekstannın’ o’z jolı bar».

Bul g’a’rezsizligimizdin’ o’zine ta’n fundamenti bolıp tabıladı. Sog’an tayang’an halda qurılıp atırg’an ja’miyet g’a’rezsiz ha’m bekkem boladı. Demek, g’a’rezsizlikti bekkemlewde O’zbekstan milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ ilimiy-teoriyalıq ta’repleri to’mendegi juwmaqlarda o’z ko’rinisin tawadı:

-İdeologiya O’zbekstan ja’miyeti turmısta ju’da’ za’ru’r, sebebi ideologiya bolmasa adam, ja’miyet, ma’mleket o’z jolın jog’altadı;

-O’z o’mirinin’ aqırına jetken XX a’sirde jasag’an zamanlaslarımızdın’ ko’p sınawlar, azap-aqıretler, qa’teler, tragediyalar, urıslar, quwdalawlardı basınan

keshiriwdin’ tiykarg’ı sebeplerinen biri ideyalıq gu’resler, milliy-ma’deniy miyras ha’m qa’diriyatlardı inkar etiw, o’zge ideyalardı zorlap kirgiziw tiykarında ju’z berdi. Bul haqıyqattı hesh qashan yadımızdan shıg’armawımız kerek.

İnsaniyat tariyxında informatsiya a’siri dep ta’n alınıp atırg’an, yag’nıy XXI asirde de, tu’rli ideologiyalardın’ o’z-ara gu’resi qashang’ıdan da qatan’ tu’s almaqta. Haqıyqatında da, ha’zirgi da’wirde du’nyada eki qarama-qarsı polyus o’mirin toqtatqan bolsa da, ha’r qıylı maqset ha’m ma’plerdi sa’wlelendiriwshi ideologiyalar tartısıwı toqtag’an joq. Na’tiyjede, bu’gingi ku’ni de bazı da bir-birine absolyut qarama-qarsı bolg’an du’nyag’a ko’z-qaraslar, siyasiy, milliy, diniy ag’ımlar, mazxab ha’m sektalar ortasındag’ı pikir alısıwları, geyde tartıs-sa’wbetlesiwler shegarasınan shıg’ıp qanlı soqlıg’ısıwlar, massalıq qorg’anlarg’a sebep bolmaqta. Bul g’a’rezsizlik ushın u’lken qa’wip-qater. Nege desen’iz, ideyalıq gu’res ha’m tartısıwlardan go’zlengen tiykarg’ı maqset-insan, en’ aldı menen jaslar qa’lbine iyelik qılıw, olardı o’z du’nya qaraslarına boysındırıw, ruwxıy ta’repten a’zzi ha’m qullıqqa tu’siriw,Birinshi Prezident İ.A.Karimov so’zi menen aytqanda, «pikir qullıg’ı, pikirlew qullıg’ı bolsa, ha’r qanday ekonomikalıq ha’m siyasiy qullıqtan da ko’re qorqınıshlı». Eger kerek bolsa aytıw mu’mkin, informatsiya ha’m elektronika a’siri dep atalıp atırg’an jan’a XXI asirde insan ha’r qashang’ıdan tu’rli ma’ni-mazmundag’ı ideologiyalıq ku’shlerdin’ ta’sirinen azat bolıwı derlik imkansız. Juwmaqlap aytqanda bu’gingi ku’ni ideologiya poligonları yadro poligonlarına qarag’anda da ko’birek ku’shke iye. Ekinshiden, ideologiyalıq gu’restin’ adamlardı ha’r dayım qırag’ı bolıwına iytermelewshi ta’repi sonda, eger a’skeriy, ekonomikalıq, siyasiy agressiya bolsa, bunı seziw, ko’riw, aldın alıw mu’mkin. Lekin ideyalıq agressiya, onın’ ta’siri ha’m aqıbetlerin tez bilip alıw ju’da’ qıyınlıg’ı menen ajıralıp turadı. Onın’ ilimiy teoriyalıq tiykarları haqqındag’ı ja’ne bir juwmaq bul ta’biyatta da ja’miyette de boslıq payda bolıwına hesh qanday jol qoymaw kerek. Bul g’a’rezsizlikti asırap abaylaw, bekkemlewdin’ a’hmiyetli sha’rti.

Juwmaqlap aytatug’ın bolsaq, milliy ideyanın’ za’ru’rligi XXI asir obası bolg’an xalıq aralıq terrorizm, ekstrimizm ha’m radikalızmg’e qarsı gu’reste de

u’lken a’hmiyet payda eteli. Ma’mleketimiz basshısının’ Joqarı ma’jilis Nızamshılıq Palatası ha’m Senatının’ qospa ma’jilisindegi bayanatında belgilegenindey, «islam dini siyasatqa aylandırıp atırg’an, jawızlıq ha’m terrorizm ideologiyasın jaratıp atırg’an ko’plep radikal ha’m ekstremistlik oraylardın’ birinshi gezekte, jaslar sanasın za’ha’rlep, zombige aylandırıp, olardan terrorshilar tayarlaw boyınsha konveyer payda etip atırg’an xalipatlıq du’ziwdey ha’r qıylı oylardı a’melge asırıwg’a urınıp atırg’an jawız ku’shlerdin’ tamırın qırqıp taslaw kerek». Demek, milliy ideyag’a isenim ha’m iyman qanshelli bekkem bolsa, ol insanlardın’ jeke, shan’araq turmısında da, ja’miyetlik turmıstın’ barlıq tarawları arqalı g’a’rezsizlikti bekkemlep beriwge xızmet qıladı.

## II-bap. G’a’rezsizlik jıllarındag’ı Watani`mi`zdın’ kelbeti

### II.1. Biyg’a’rez elimizdin’ ma’nawiy h’a’m ma’deniy qayta tikleniwleri

O’zbekstan Respublikası g’a’rezsizlikke eriskennen keyingi da’wirde a’h’miyetli ma’selelerdin’ biri - jan’a tariyxıy rawajlanıwg’a sa’ykes, ja’miyettin’ rawajlanıw talapların tu’singen h’a’m og’an juwap beretug’ın ozıq oylı ka’mil insanlardı ta’rbiyalaw baslı ma’sele boldı. Bul o’z gezeginde bir neshe jıllar dawamında jeterli da’rejede h’alıqqa belgili bolmag’an, klasslıq-partiyalıq ideologiya ta’repinen sheklengen h’alıqtın’ ruwxıy miyrasın tiklew h’a’m onın’ qa’liplesiwi ushın jag’day du’ziwden ibarat boldı.

Birinshi Prezidentimiz İ.A.Karimov o’zinin’ «O’zbekstannın’ o’z g’a’rezsiz h’a’m rawajlanıw jolı» atlı kitabında «O’zbekstannın’ milliy ma’deniyatının’ og’ada bay ekenligi, milliy o’zlikti an’law h’a’m ruwxıy qayta tikleniwdin’ ku’sheyiwi menen tıg’ız baylanısta ja’miyetti jan’alaw, onı ashıq ja’miyetke rawajlandırıwshı qu’diretli faktor bolıp xızmet etedi h’a’m respublikanın’ ja’h’a’n ja’ma’a’tshiligine qosılıw ushın qolay sha’riyatlardı ju’zege keltiredi[6]» dep ko’rsetkenindey bu’gingi O’zbekstan h’a’m Qaraqalpaqstan xalqı a’yyemgi da’wirden baslap shıg’ıs tsivilizatsiyasına u’les qosqan o’z tariyxı h’a’m ma’deniyatına iye xalıq sıpatında bu’gingi ku’ni de du’nyanın’ rawajlang’an ma’mleketleri menen o’z ma’deniyatın, ilimin, bilim beriwde du’nyanın’ rawajlang’an ma’mleketleri menen ten’dey qatnas jasap ma’deniy h’a’m ruwxıy tarawda birge islesip xalıq aralıq ma’deniy ruwxıy baylanıslardı ornatpaqta. Prezidentimizdin’ baslaması menen milliy ma’deniyatımız h’a’r ta’repleme reformalar tiykarında a’h’miyetli o’zgerisler, milliy qayta tikleniwler menen ko’zge tu’sedi. Bul arqalı burıng’ı imperiya da’wirindegi ruwxıy krizisten shıg’ıwg’a milliy miyras, u’rp-a’detler h’a’m milliy qa’diriyatlarımızdı qayta tiklewge jaslarımızg’a zaman talabı da’rejesinde ta’lim-ta’rbiya beriwge, en’ baslı maqset milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ bekkemleniwge jag’day du’zildi.

---

[6] Karimov İ.A. Ozbekistonning oz istiqlol va taraqqiet iyli. Toshkent «Ozbekiston»1992. 11-bet.

G’a’rezsizlik sharapatı menen ruwxıy ma’deniyat g’a’ziynelerin u’yreniw, milliy ma’deniyat miyrasların keleshekke inam etiw. Olardı keleshek a’wladlar sanasına sin’diriw bu’gingi h’a’r bir ja’ma’a’t ag’zalarının’ &atan aldındag’ı wazıypası bolıp tabıladı.

Respublikamız xalqının’ g’a’rezsizlikke erisiwi menen h’a’r bir millettin’ ruwxıy baylıg’ı bolg’an milliy h’a’m adamgershilik qa’diriyatları qayta tiklendi. Burıng’ı awqam tusındag’ı milliy ma’deniyattın’ rawajlanıwına shek qoyılg’an da’wirde milliy rawajlanıw h’aqqında so’z bolıwı mu’mkin emes edi. Sonın’ ushında O’zbekstannin’ Birinshi Prezidenti İ.A.Karimov 1992-jıl 12-iyulda bolıp o’tken birinshi shaqırıq Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Ken’esinin’ on ekinshi sessiyasında shıg’ıp so’ylegen so’zinde «G’a’rezsizlikke baylanıslı qaraqalpaq xalqı ko’plegen ruwxıy baylıqların qayta tiklew mu’mkinshiligine iye boldı. G’a’rezsizlik milliy ma’deniyattı h’a’m ruwxıylıqtı tastıyıqlaw qaraqalpaq xalqının’ klassik shayırı Berdaqtın’, A’jiniyazdın’ do’retiwshilik miyrasın tolıq qayta tiklew, olardın’ jarqın esteligin ma’n’gilik etiw ushın jol ashtı,»-[7] dep ko’rsetkenindey Qaraqalpaqstan Respublikası xalqı en’ qıyın jag’daylarda da o’zinin’ ruwxıy baylıg’ın joqarı bah’aladı h’a’m sonın’ menen birge saqlap qala bildi. Respublikanın’ ruwxıy turmısındag’ı en’ a’h’miyetli waqıyalar 1990-jıl 14-dekabrdegi Qaraqalpaqstan Respublikası Suvereniteti tuwralı Deklaratsiya qabıl etilgennen keyin, a’sirese, 1991-jılı 31-avgustta O’zbekstan Respublikası g’a’rezsizliginin’ ja’riyalanıwı na’tiyjesinde xalıqtın’ ruwxıy ma’deniyatında jan’a da’wir baslandı. Bul jan’a da’wir ma’deniyatının’ rawajlanıwındag’ı jetiskenlikler to’mendegilerden ibarat boldı:

Ha’r bir millettin’ milliy o’zgesheliginin’ tiykarın quraytug’ın ana tilimiz qayta tiklendi. Sonın’ ushında Qaraqalpaqstan Respublikasının’ 1-bap 4-statyasına sa’ykes, Qaraqalpaq tili h’a’m o’zbek tili Qaraqalpaqstan Respublikasnın’ Ma’mleketlik tili bolıp tabıladı».[8]

[7] İ.A. Karimov.«Jan’asha oylaw-da’wir talabı»,No’kis,«Qaraqalpaqstan»1992-jıl,9-bet
[8] Qaraqalpaqstan respublikasının’ Konstitutsiyası.No’kis,«Qaraqalpaqstan».1991-jıl,8-bet.

O’zinin’ on to’rt a’sirlik tariyxına iye bolg’an islam dinimizdi qa’dirlew sıyaqlı h’u’jdan h’a’m din erkinligi qarar taptı. Shıg’ıs filosofiyasına sa’ykes ulıwma adamgershilik qa’diriyatlarg’a sadıqlıq sezimleri payda boldı.

Ata-babalarımızdın’ diniy h’a’m ruwxıy g’a’ziynelerine su’yengen h’alda keleshek a’wladlarımızdı ta’rbiyalawg’a h’a’m ruwxıy turmısımızg’a jan’a ma’ni berildi. O’zbekstannın’ h’a’m Qaraqalpaqstannın’ g’a’rezsizliginin’ keleshegine g’amqorlıq etiwshi, watannın’ qa’dir-qımbatın ardaqlawshı milliy g’a’rezsizlik ideologiyası h’a’r bir insan ju’reginen orın aldı.

En’ a’h’miyetlisi watan tariyxın milliy xalıqlar, sonın’ ishinde Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxın u’yreniwge h’a’m onı mektep sabaqlıg’ı retinde qollanıwg’a itibar berilmedi. G’a’rezsizlik na’tiyjesinde ata-babalarımızdın’ ruwxıy g’a’ziynesinin’ tu’p-sag’ası bolg’an, Shıg’ıslıq Arabiy İslam filosofiyasının’ orta a’sirlik iliminin’ tırnag’ın qalag’an ullı alımlardın’, Ma’mleketlik siyasiy iskerlerdin’, diniy oyshıllardın’ Al Farabiy, Al Beruniy, İbn Sina, İmam Al Buxariy, Bah’awaddin Nakshband, Axmed Yassawii, Najmiddin Kubra, Amir Temur, Al Xorezmiy, Mırza Ulug’bek, Zah’iriddin Muxammed Babur, atları qayta tiklenip, olardın’ miynetleri jan’adan basıp shıg’arıldı.

Ata-babalarımızdan miyras bolıp kiyatırg’an da’stu’rlerimiz qayta tiklendi. A’yyemgi zamanlardan berli Shıg’ıs xalıqlarında jan’a jıldın’ baslanıwı h’a’m ta’biyattın’ oyanıwı sıpatında bayramlang’an Nawrız bayramına ata-babalarımızdın’ ulıwma xalıqlıq bayram bolıwı h’aqqında 1992-jıl iyul ayında O’zbekstan Parlamenti ta’repinen Nızam qabıllanıp, ra’smiy status berildi. Nawrız-bul tirishiliktin’ oyanıwı. A’sirese diyqan babalarımız ushın ayrıqsha saltanatlı bolg’an. Nawrızdı bayramlaw islam dini payda bolmastan burın baslanıp, xalıqlardın’ ruwxıy ma’deniyatında en’ a’h’miyetli orın iyelegen. Biraq, sovet da’wirindegi siyasiy u’stemlikke muwapıq Nawrızg’a diniy bayram dep a’h’miyet berilmedi. Tek g’a’rezsizlik na’tiyjesinde Nawrız ulıwma xalıqlıq bayram bolıp, og’an arnalıp ma’mleketlik a’h’miyettegi saltanatlı meresimler o’tkeriletug’ın boldı.

O'zbekstan h'a'm Qaraqalpaqstan Respublikasının' Ma'mleketlik simvolları bolg'an Ma'mleketlik Gerbi, Ma'mleketlik jalawı, Ma'mleketlik Gimni, Watanımız g'a'rezsizliginin' nıshanları sıpatında h'a'r bir insandı watan su'yiwshilik ruwxına ta'rbiyalawg'a xızmet etedi.

O'zbekstan xalıq shayırı İbrayım Yusupov so'zinde Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen ma'deniyat g'ayratkeri Najmatdiyin Muxammedinov namasına jazılg'an Qaraqalpaqstan Respublikasının' Ma'mleketlik Gimni h'aqqındag'ı Nızamın o'z ku'shine engiziw h'aqqındag'ı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Ken'esinin' qararı 1993-jıl,24-dekabrde[9] qabıllandı. Bul Ma'mlekeketlik Gimnge Respublikamızdın' h'a'r bir puqarası teren' h'u'rmet ko'rsetildi.

Qaraqalpaqstannın' ruwxıy turmısındag'ı sa'nelerdi belgilew, respublikamızda jasawshı barlıq tuwısqan xalıqlardın' bayramına aylandı. 1992-jıl 19-dekabrde Qaraqalpaqstannın' paytaxtı No'kis qalasının' 60 jılg'a tolg'an saltanatlı merekesi belgilendi. Bul saltanatlı meresim O'zbekstan Respublikasının' Birinshi Prezidenti İ.A.Karimovtın' qatnasıwında o'tkerilip, og'an Tu'rkmenstan h'a'm Qazaqstan Respublikasının' ra'smiy wa'killeri[10] qatnastı.

Bul sa'ne o'zbek h'a'm qaraqalpaq xalıqlarının' birligin, doslıg'ın belgileytug'ın u'lken bayramg'a aylandı. No'kis qalası o'zinin' 60 jıllıq merekesinde O'zbekstan Respublikasının' Hu'rmet jarlıg'ı menen sıylıqlandı.

Yubiley saltanatının' juwmag'ında Respublikamız Birinshi Prezidenti İ.A Karimov ta'repinen paytaxtımızdan 55 shaqırım uzaqlıqtag'ı Qarataw eteginen, To'rtku'l-No'kis tas jolı boyınan keleshektegi paytaxtımızdın' estelik irge tası qalandı. Bu'gingi ku'ni No'kis qalası u'lken ilim, h'a'm ma'deniyat orayı sıpatında ko'zge tu'sedi. O'ytkeni paytaxtımızda 9400 den aslam[11] jaslar bilim alatug'ın bes Joqarı oqıw orınları O'zbekstan ilimler Akademiyasının' Qaraqalpaqstan bo'limi.

---

[9] Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Ken'esinin' Ma'jlisleri. On ekinshi shaqırıq on to'rtinshi sessiya, 1993-jıl, 24-dekabr, stenografiyalıq esap, No'kis,«Qaraqalpaqstan».1996-jıl.
[10] Erkin Qaraqalpaqstan, 22-dekabr, 1992-jıl,№213
[11] Qaraqalapqstan Respublikası ekonomika h'a'm statistika Ministrligi. İlim h'a'm ma'deniyat bo'limi.1997j

Ma’mleketlik teatr h’a’m Jas tamashago’yler teatrı, bir neshshe ansambller, Baspa so’z, radioteleko’rsetiwler, h’a’m sport sarayları xızmet etedi.

1993-jıl 23-24-dekabr ku’nleri Qaraqalpaqstannın’ da’slepki paytaxtı To’rtku’l qalasının’ 120 jıllıq toyı saltanatlı tu’rde belgilendi. Toy saltanatı Birinshi Prezidentimiz İ.A.Karimovtın’ To’rtku’l qalası puqaralarına qutlıqlawı menen baslandı.[12] Yubiley saltanatında To’rtku’l qalası Qaraqalpaqstan Respublikası Ken’esinin’ Pa’rmanı menen «Hu’rmet jarlıg’ı» menen sıylıqlandı.[13] G’a’rezsizliktin’ qısqa da’wiri ishinde xalqımızdın’ tariyxıy turmısınan orın alg’an a’h’miyetli sa’nelerdi bayramlaw da’stu’rge aylandı.

O’zinin’ du’zilgen waqtınan baslap, qon’sılas u’sh wa’layat xalıqların elektr energiyası menen ta’miyinlep kelgen doslıq qalası Taqıyatas qalasının’ 50 jıllıq merekeleri bolıp o’tti.

1993-jılı 25-29-yanvar ku’nlerinde Tashkent qalasında Qaraqalpaqstan Respublikasının’ Ma’deniyat ku’nleri ashıldı.[14] Bul ma’deniyat ku’nlerinde Respublikamızdın’ a’debiyat h’a’m ko’rkem o’ner sheberleri paytaxtımız Tashkent qalasının’ ma’mleketlik teatr h’a’m u’lken kontsert zallarında bolıp, olar pu’tkil O’zbekstan xalıqlarının’ ma’deniyatın rawajlandırıwg’a u’lken u’les qostı. Na’tiyjede Oraylıq Aziya regionında joqarı abıroyg’a iye bolg’an qaraqalpaq ma’deniyatının’ g’ayratkerler eline O’zbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.Karimovtın’ 1993-jıl 28-yanvardag’ı Pa’rmanı menen O’zbekstan Respublikasının’ h’u’rmetli ataqları berilip, olardan T.Qayıpbergenov «O’zbekstan xalın’ jazıwshısı», G. Ayımbetova, M. Sapaeva, R. Saparova h’a’m B.Qayıpovlar «O’zbekstan Respublikasına miyneti sin’gen artist» atag’ın alıwg’a miyasar boldı. Qaraqalpaqstandag’ı en’ da’slepki jazıwshı h’ayal-qızlardın’ biri «Aral qızları» jurnalının’ bas redaktorı G.Esemupatovag’a «O’zbekstan Respublikasına miyneti sin’gen ma’deniyat xızmetkeri» atag’ı berildi.[15]

---

[12] Erkin Qaraqalpaqstan.№185. 25-noyabr, 1993j.
[13] Erkin Qaraqalpaqstan.№188. 28-noyabr,1993j.
[14] Erkin Qaraqalpaqstan.№187. 26-noyabr, 1993j.
[15] Erkin Qaraqalpaqstan,№34. 23-noyabr, 1993j.

Usı ma’deniyat ku’nlerine juwap retinde 1993-jıldın’ 17-noyabrinde Qaraqalpaqstanda to’rt ku’n dawam etken Tashkent qalasının’ ma’deniyat ku’nleri baslandı. 190 adamnan ibarat delegatsiya bir neshshe toparg’a bo’linip, respublikamız puqaraları menen ushırastı. Respublikamızdag’ı Tashkent qalasının’ ma’deniyat ku’nlerinde u’lken ko’rkem do’retiwshi ja’ma’a’tler bolg’an Mukarama Turg’ınbaeva atındag’ı O’zbekstan Ma’mleketlik «Ba’h’a’r» xalıq oyınshı qızlar ansambli, M.Karyakubov atındag’ı O’zbekstan Ma’mleketlik filarmoniyasının’ «Zarafshan» qosıq h’a’m ayaq oyın ansambli, Nawayı atındag’ı u’lken opera h’a’m balet teatrı solistleri olardag’ı su’yikli qosıqshılardan Artıq Atajanov, Almaxan Xayitova, G’ulamjan Yakubov, estrada qosıqshısı Farrux Zakirov, basshılıg’ındag’ı vokal instrumental ansambli «Baxor» ma’mleketlik ansambli solisti Xayrulla Lutfullaev sıyaqlı ko’rkem-o’ner sheberleri respublikamız tamashago’yleri kewlinen shıqtı. Joqarıdag’ı atı atalg’an ma’deniyat ku’nlerinin’ juwmag’ında Qaraqalpaqstan Joqarg’ı Ken’esi baslıg’ının’ Pa’rmanı menen «Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq artisti» ataqları menen Hu’rmet jarlıqların alıwg’a miyasar boldı.[16]

Bunday ma’deniyat ku’nlerinin’ doslıq ushırasıwları qon’sılas Qazaqstan Respublikasının’ Qızıl Orda wa’layatında h’a’m Tu’rkmenstan Respublikasında o’tkerilip, bu’gingi Qaraqalpaqstan ma’deniyatının’ ko’rkem-o’ner h’a’m a’debiyatının’ durdanaları Oraylın’ Aziyadag’ı tu’rk tilles xalıqlarg’a ken’nen tanıldı. Bul ushırasıwlar xalıqlar doslıg’ının’ bayramı boldı h’a’m g’a’rezsizlik da’wirinde Qaraqalpaqstan Respublikasının’ ma’deniyatının’ rawajlanıwın ko’rsetti. 1994-jılı BMSh(Birlesken Milletler Sho’lkem) janındag’ı xalıq aralıq YuNESKO sho’lkemi ta’repinen Oraylıq Aziyanın’ rawajlanıwın u’yreniw, qayta tiklew h’a’m ken’nen en- jaydırıwg’a u’lken itibar berildi.

Sonlıqtan, «Jipek jolı» - «ushırasıw jolı» dep atalg’an u’lken ekspeditsiyada izertleude Oraylık. Aziyag’a birinshi da’rejeli a’h’miyet berildi. Sonlık.tan «Ullı jipek jolı» ekspeditsiyası» Qaraqalpaqstanda da o’tkerildi. Milliy ma’deniyatımızdın’ rawajlanıwındag’ı ruwxıy qayta tikleniwler bu’gingi

[16] Erkin Qaraqalpaqstan, №34. 23-noyabr, 1993j.

Qaraqalpaqstan tariyxın h'a'p ku'n sayın jan'alıqlapg'a toltıradı. 1993-jılı mart ayında Moynaq rayonı Tallıq boyınan tabılg'an, Qaraqalpaq a'debiyatının' maqtanıshı, qosıq mu'lkinin' sultanı A'jiniyaz babamızdın' qa'birine qulpı tas qoyıw ma'pesimi boldı. 1994-jıl avgust ayında O'zbekstan Respublikası g'a'rezsiz-liginin' u'sh jıllıg'ı h'u'rmetine bag'ıshlanıp, o'tkerilip atıpg'an doslıq ku'nlerinde Qon'ırat rayonında A'jiniyaz Qosıbay ulının' 170 jıllıg'ına arnap estelik ornatıldı. Usı jılı No'kic qalasında A'jiniyaz atındag'ı orta mektepte babamız A'jiniyaz shayır esteligi ashıldı.[17] 1993-jılı No'kis Ma'mleketlik Pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq xalqının' ullı oyshıllarının' biri, ko'rnekli so'z zergeri A'jiniyaz Qosıbay ulının' 170 jıllıq yubileyi respublikada saltanatlı jag'dayda bolıp o'tti. Shayırdın' 170 jıllıq yubileyin o'tkeriw h'u'rmetine bag'ıshlanıp, No'kis Ma'mleketlik pedagogikalıq institutı aldına estelik ornatıldı.

A'jiniyaz shayırdın' 170 jıllıq yubileyin belgilew meresimindey a'h'miyetli ma'deniy waqıyalar ju'zege keldi. Shayır shıg'armaları A.Mamedov ta'repinen tu'rkmen tiline audarıldı. Qaraqalpaqstan ma'deniyat ministrligi ta'repinen shayırdın' nama qosıqları ushın konkurslar sho'lkemlestirilip, A'jiniyaz so'zine jazılg'an. K.Za'retdinovtın' «Bozatawlı nazelim» shıg'arması birinshi, Z. Lepesovtın' «Yosh menin'» shıg'arması ekinshi, S. Mameshovtın' «A'y dunya sennen» shıg'arması u'shinshi orındı iyeledi. 1994-jılı A'jiniyazdın' tan'lamalı qosıqlar jıynag'ı h'a'm «Ellerim bardı» qosıqlar toplamı basılıp shıqtı. Sonday-aq Qaraqalpaq xalqının' oyshılları Jiyen Tag'ay ulına estelik ornatıldı.

1993-jılı oktyabrde Birinshi Prezidentimiz İ.A.Karimovtın' Frantsiyag'a saparı waqtında, 1993-jılı 29-oktyabrde YuNESKO nın' Parijdegi Rezidentsiyasında O'zbekstandı YuNESKO g'a ag'zalıqqa qabıl etiw meresimi boldı. Usı ku'ni Oraylıq Aziyadag'ı ullı alım, ag'artıwshı Ulug'bek Muxammed Tarag'aydın' 600 jıllıg'ın belgilew YuNESKO nın' bag'darlamasına kirgizildi. Usıg'an baylanıslı 1994-jılı oktyabrde Parijde Ulug'bek h'a'pteligi o'tkerilip atırg'an bir waqıtta paytaxtımızdag'ı O'zbekstan İlimler Akademiyasının' Qaraqalpaqstan bo'limi bas

[17] Erkin Qaraqalpaqstan.№90.30-mart. 1999-jıl.

imaratı aldınan Ulug'bektin' skulpturalıq esteligin ashıwdın' saltanatlı ma'jlisi bolıp o'tti. 1996-jılı Qaraqalpaqstan ma'mleketlik g'ayratkerleri A. Dosnazarovtın, 100 jıllıq merekesi belgilendi. Og'an Qarao'zek rayonınan estelik ornatıldı.

Qaraqalpaqstannın' milliy ma'mleketlik g'a'rezsizliginin' qolg'a kirgiziliwi menen xalqımızdın' ruwxıy turmısın jan'adan qa'liplestiretug'ın teatr ko'rkem o'ner tarawında jan'a mazmundag'ı o'zgerisler boldı.

Ma'mleketlik teatr saxnasında dramanın' rauajlanıwı menen qatar milliy operalar juzege keldi. 1993-jıl yanvar ayında Tashkent konservratoriyasının' u'lken zalında qaraqalpaq kompozitorları jazg'an balladalar, qosıq namaları, bulardı bas dirijer, respublikag'a miyneti sin'gen ko'rkem-o'ner g'ayratkeri Q. Zaretdinov basshılıg'ında Qarqalpaqstannın' simfoniyalı orkestri atqardı. Tun'g'ısh qaraqalpaq milliy «A'jiniyaz» operası 1993-jılı yanvar ayında Tashkent konservatoriyasının' u'lken kontsert zalınan orın aldı. Bul opera eki tuwısqan xalıqtın' kompozitorları menen sazendelerinin' do'retiwshilik jemisine aylandı. Operanın' Tashkent qalasında qoyılıwında O'zbekstang'a h'a'm Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen ko'rkem-o'ner g'ayratkerleri G.To'legenov birinshi milliy «A'jiniyaz»operasının' postanovshigi boldı.[18] Sonın' menen qatar Tashkentte Hamza atındag'ı teatr saxnasında Berdaq atındag'ı Qaraqalpaq Ma'mleketlik muzıkalı teatr ja'ma'a'ti ta'repinen «Sha'ryar» spektakli qoyıldı.

Qaraqalpaq ma'mleketlik teatr saxnasında qoyılg'an ekinshi opera Hamza Ha'kimzada Niyaziydin' shıg'arması tiykarında Sabır Abdulla Muzaffar Muxammedovlar ta'repinen jazılg'an o'zbek klassikalıq operalarının' biri Sulayman Yudakovtın' «Maysaranın' h'iylesi» atlı h'a'zil operası boldı. Operanın' ko'rkemlik jaqtan basshısı h'a'm dirijerı O'zbekstang'a xızmet ko'rsetken h'a'm Qaraqalpaqstan xalıq artisti S. Palwanov, operanı O'zbekstan h'a'm Qaraqlpastan xalıq artisti Berdaq atındag'ı respublikalıq sıylıqtın' lawreatı, rejisser N.An'satbaev saxnalastırdı. Olardag'ı Maysara rolinde talantlı aktrisa M. Sapaeva, Mollados

[18] Erkin Qaraqalpaqstan.№16-17,30-yanvar, 1993-jıl.

rolinde jas artist K.Nag’ımbaev, Qazı rolinde M.Xojaniyazovlar oynadı.

1997-jılı fevralda "Nawrız-97" teatr-ko’rkem o’neri festivalı bolıp o’tip, og’an respublikamızda atı shıqqan teatr ja’ma’a’tlerinen tısqarı Oraylıq Aziya Respublikalarındag’ı a’n’ teatr qatnastı. Solardın’ biri O’zbekstan xalıq artisti, Berdaq atındag’ı sıylıqtın’ lawreatı N.An’satbaev ta’repinen saxnalastırılg’an O’zbekstan xalıq shayırı A. Aripovtın’ «Saqıpqıran» atlı eki bo’limli tariyxıy draması boldı. Bul dramada «Amir Temur» rolin O’zbekstan Respublikasına xızmet ko’rsetken artist B.Uzaqbergenov atqarıp, 1997-jılı «Nawrız-97»festival juwmag’ında a’-orındı alıwg’a miyasar boldı.

Berdaq atındarı Qaraqalpaq Ma’mleketlik muzıkalı h’a’m dramalı teatrı ja’ma’a’tshiligi ta’repinen do’retilgen bul «Saqıpqıran» draması 1996-jıldın’ oktyabr ayında A’mir Temur obrazın en’ jaqsı do’retken teatrlar arasında O’zbekstan ko’leminde ja’mi 11 teatrdın’ (sonın’ ishinde Qazaq, Qırg’ız teatrları) qatnasıwında o’tkerilgen festivalda «Saqıpqıran» draması ekinshi orındı alıwg’a eristi[19] h’a’m usı jılı birinshi qaraqalpaq milliy baleti «Ayjamal» Qaraqalpaqstang’a miyneti sin’gen ko’rkem-o’ner g’ayratkeri T. Qojasov ta’repinen saxnalastırıldı.[20]

O’zbekstan g’a’rezsizliginin’ u’sh jıllıg’ına bag’ıshlanıp o’tkerilgen Qaraqalpaq Ma’mleketlik muzıkalı teatrında rayonlar h’a’m qalalar aralıq ma’deniyat ku’nleri juwmag’ında No’kic rayonı «Xoshades» folklorlıq etnografiyalıq ansambli, To’rtku’l rayonının’ «Feruz» qosıqshılar h’a’m ayaq oyın ansambli, xojelishi Jumanazar Seytmuratov, Qarao’zekli Quwatbay O’tegenov, Kenimexli (Buxara wa’layatınan) Nargul Bazarbaevalar jen’impaz boldı.[21]

1994-jılı Xamza atındag’ı o’zbek ma’mleketlik Akademiyalıq teatrda jazıwshı M.Nızanovtın’ «Eki dunyanın’ a’weresi» komediyası «Noeb nusqa» degen at penen o’zbek tilinde saxnag’a shıqtı.[22] Bul Qaraqalpaq dramaturgiyası tariyxında

[19] Erkin Qaraqalpaqstan..№24. 22-fevral, 1997-jıl.

[20] Sonda: №31. ll-Mart, 1997-jıl. .

[21] Sonda:№82. 28-avgust, 1994-jıl.

[22] Sonda:.№79 30-iyul, 1994-jıl.

akademiyalıq teatr saxnasına shıqqan birinshi drama boldı.

Qaraqalpaqstan xudojnikler awqamı 1996-jılda Amir Temurdın' 660 jıllıg'ı h'u'rmetine xudojniklerdin' a'jayıp shıg'armalar tsikli konkursı respublika Ministrler Ken'esi ta'repinen sho'lkemlestirilip, bul konkurs juwmag'ında 3 xudojnik Barlıqbay Aytmuratov, İslam Alibekov Jollıbay İzentaevlar jen'impaz boldı. Olar A. Dosnazarovtın' 100 jıllıq merekesine arnalg'an kartinalar menen portretler jarattı. Nawrız bayramına arnap, Muxaddes bayram ko'gizbelerin sho'lkemlestirdi.[23] Son'g'ı jılları aramızdan ketken belgili saxna sheberlerinin' talantlı artistler, rejisserlar, kompozitorlar, h'u'rmetine respublikalıq konkurslar sho'lkemlestiriw milliy ko'rkem-o'ner, qa'diriyatların qayta tiklewdin' jan'a u'lgisi sıpatında ko'zge tu'sti h'a'm da'stu'rge aynaldı.

En' baslısı bazar ekonomikası jag'dayında usınday yubileylik konkurslardı, eslew merekelerin o'tkeriwde qa'wendershiler (sponsorlar) arqalı qosımsha qarajetler tabıw, xalqımızdın' milliy ma'deniyatın qa'sterlewdin' joqarı u'lgisi boldı.

## II. 2. Biyg'a'rez elimizdegi erkin rawajlanıwlar h'a'm do'retiwshilikler

Erkin na'pes, aydın jol, biyg'a'rez Watan a'sirler boyı xalqımızdın' arzıw-a'rmanı bolıp kelgen. Endi jıl o'tken sayın waqıt betlenip qalıp baratırg'an g'a'rezsizligimiz tariyxına tallap na'zer taslaymız. O'tmish penen salıstıramız, ta'rezige salamız, h'a'r qa'demdegi artıqmashılıqlarg'a quwanıp ko'kiregimizdi burıng'ıdan da ko'terin'kirep, ja'ne de alg'a nıq qa'dem taslaymız.

Bayram bosag'asındag'ı Qaraqalpaqstan h'aqqında ga'p kozg'asaq, bu'gin bul ullı jurttın' erisken jetiskenlikleri de, abroyı da, ja'h'a'n arenasındag'ı ko'riniwi de du'nya na'zerinde. Jeke menshik iyeleri qa'liplesip, kishi h'a'm orta biznes rawajlanıw jolına tu'sken respublikamızda kishi h'a'm jeke isbilermenlik subektlerinin' sanı ku'n sayın artıp barmaqta.

[23] Erkin Karaqalpakstan..№34 21-mart, 1997-jıl.

G’a’rezsizlik jılları Qaraqalpaqstanda birneshe ju’zlegen jan’a o’ndiris orınları ashıldı, jan’a tarawlar payda boldı. Respublikamızdın’ ulıwma sanaat o’nimlerin islep shıg’arıwdın’ ko’leminin’ asırılıwına erisken «U’stirtgaz» din iske tu’siwi menen jurtımızda janar may o’ndirisine jol ashıldı. Duz islep shıg’arıw rawajlanıw jolına tu’sti. 2006-jılı bolsa, qara metallurgiya tarawı payda boldı.

Sonday-aq g’a’rezsizlik jılları ishinde iske qosılg’an qospa ka’rxanalar h’a’m olar ta’repinen islep shıg’arılg’an o’nimler ko’rsetkishi a’dewir joqarıladı. Bir neshe qospa ka’rxanalar jumıs islemekte. Jan’adan islep shıg’arılg’an o’nim tu’rleri ko’beydi. Xalqımızg’a qurılıs materialları, tu’rli suwsınlar, sarı may, margarin, yodlang’an duz, kerosin, ta’biyg’y gaz sıyaqlı ko’p g’ana o’nimler jetkerilip berile basladı. Ha’zir janılg’ı, ximiya, nefteximiya, tog’ay h’a’m ag’ashtı qayta islew qurılıs materialları, jen’il h’a’m azıq-awqat o’ndirisi rawajlanıp atır. Awqamlas ma’mleketlerden tısqarı Ullıbritaniya, İtaliya, Shvetsiya, Germaniya, Qıtay, İran usag’an eller menen baylanıslar, sawda-satıq qatnasıqları ku’sheydi.

Ma’mleket ko’leminde tu’rli tarawlarda alıp barılıp atırg’an reformalar respublikamızda qanshelli da’rejede turmısımızg’a engizilip atırg’anın ko’riw maqsetinde tsifrlarg’a na’zer taslayıq. Transport tarmag’ı burın ko’rilmegen da’rejege ken’eydi. Avtomobil jollarının’ h’a’m temir jollardın’ uzınlıg’ı bir neshe shaqırımg’a uzaydı. G’a’rezsizlik jılları ishinde h’a’r qıylı zamanago’y tiptegi turaq jaylar paydalanıwg’a tapsırıldı. Paytaxtımızda h’a’m basqa da qalalar menen rayon oraylarında ken’ ko’lemli qurılıs, abadanlastırıw jumısları pitkerildi. Oraylıq maydanlar rekonstruktsiya islendi, ashıq teatrlar muzeyler, tennis kortları, avtovokzallar, stadionlar, sport maydanshaları qurılıp, iske tu’sirildi.

Bilimlendiriw tarawında tu’pkilikli o’zgerisler ju’z berdi. a’99a’-jıldan berli respublikamızda 59,7 mın’ oqıwshı orınlıq mektepleri jan’adan qurıldı. Son’g’ı jıllar ishinde akademiyalıq litseyler, ka’sip-o’ner kolledjleri

rekonstruktsiya islendi h’a’m bir qanshası jan’adan qurılıp, paydalanıwg’a tapsırıldı. Ha’zirgi waqıtta Qaraqalpaqstanda 761 ulıwma bilim beretug’ın mektep, 7 akademiyalıq litsey h’a’m 76 ka’sip-o’ner kolledji keleshek a’wladlarg’a bilim h’a’m ka’sip sırların u’yretip atır. Jaslarımızg’a 5 joqarı oqıw ornı bilim bermekte.

Densawlıqtı saqlaw tarawında ju’rgizilgen reformalar o’z jemisin berip kiyatır. Emlew-profilaktika ma’mleketleri imaratların qurıwg’a, rekonstruktsiyalawg’a, zamanago’y meditsinalıq a’sbap-u’skeneler menen ta’miynlewge burın ko’rilmegen da’rejede dıqqat awdarıldı. Tek o’tken jıldın’ o’zinde respublikalıq narkologiya dispanserinde V.Vah’idov atındag’ı qa’nigelestirilgen xirurgiya orayının’ No’kis filialında, respublikalıq «Salamatlıq» institutı No’kis filialı imaratında, Na’ respublikalıq emlewxanada, Beruniy, shımbay, Kegeyli, Taxtako’pir, Qarao’zek rayonlıq oraylastırılg’an emlewxanalarında an’law jumısları alıp barıldı.

Qıstawlı meditsinalıq ja’rdem İlimiy orayı No’kis filialı imaratında iri on’law jumısları a’melge asırıldı. Awıllıq-uchastkalıq emlewxanalr awıllıq-shıpakerlik punktlerine aylandırılıp, qayta sho’lkemlestirildi. Olardın’ statsionar bo’limleri rayonlıq oraylasqan emleuxana filiallarına aylandırıldı. Bul emlew ma’kemelerinin’ ba’ri tolıg’ı menen zamango’y a’sbap-u’skeneler menen ta’miynlendi. Respublikamızdın’ emlew-profilaktikalıq ma’kemelerinde 3504 shıpaker, 15654 orta buwındag’ı meditsina xızmetkerleri xızmet etip atır. Bulardın’ ba’ri xalqımızdın’ densawlıg’ın bekkemlewge unamlı ta’sir ko’rsetpekte. Ulıwmalastırıp aytatug’ın bolsaq, Qaraqalpaqstan rawajlanıw jolınan batıl qa’demler menen baratır. Bunı xalqımızdın’ pa’rauan turmısı, barlıq tarawlardag’ı alg’a ilgerlewler, ilimli, bilimli jaslarımız, du’nya ta’n alıp atırg’an ko’rkem o’nerimiz, milliy ma’deniyatımız da’lillep atır.

Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov qaraqalpaq xalqi`ni`n` og`ada bay ma`nawiyati`n qayta tiklewge O`zbekstan basshi`li`g`i`na kelgen da`slepki ku`nlerine-aq ayri`qsha itibar berdi. Ol sol da`slepki da`wirlerden-aq, men tek

o`zbek xalqi`ni`n` g`ana emes, al qaraqalpaq xalqi`ni`n` perzentimen, dep ashi`qtan ashi`q ja`riyaladi`, al No`kis qalasi`ni`n` 60 ji`lli`q bayrami`nda «O`zbekstan ta`g`diri-bul Qaraqalpaqstan ta`g`diri, o`zbek xalqi`ni`n` ta`g`diri-bul qaraqalpaq xalqi`ni`n` keleshegi»- degen edi.

G`a`rezsizlik qaraqalpaq milliy ma`nawiyati`, oni`n` ulli` oyshi`llari`ni`n` do`retiwshilik miyrasi`n qayta tiklewge jol ashti`. «Qaraqalpaq xalqi`-degen edi Islam Karimov,-a`yyemgi bay tariyxqa iye. Ol o`zinin` milliy ma`deniyati`, o`zine ta`n ko`rkem o`neri, klassikali`q a`debiyati`, ma`nawiy bayli`qlari`, u`rip-a`detleri ha`m da`stu`rleri menen pu`tkil du`n`yag`a belgili. G`a`rezsizligimiz arqali` karaqalpaq xalqi` ko`plegen ma`nawiy bayli`qlari`n qayta tiklew mu`mkinshiligine iye boldi`». [24]

Birinshi Prezidentimizdin` arnawli` pa`rmani` tiykari`nda qaraqalpaq xalqi`ni`n` ulli` oyshi`li` Berdaqti`n` 170 ji`lli`q yubileyi joqari` da`rejede o`tkerildi. No`kis qalasi`nda shi`g`i`sli`q arxitekturali`q stil tiykari`nda Berdaq muzeyinin` ko`rkem imarati` sali`ndi`. Tashkent qalasi`nda oni`n` sawlatli` ha`ykeli ornati`ldi`. Ja`ne de ulli` klassik shayi`r babami`z A`jiniyaz Qosi`bay uli`ni`n` 170 ji`lli`q yubileyi teren` ideyali`q-ko`rkem ila`jlar menen belgilendi. No`kis dem ali`s bag`i`na oni`n` monumental ha`ykeli ornati`ldi`.

Berdaq babami`zdi`n` sawlatli` ha`m ko`rkem monumental ha`ykelinin` No`kis qalasi`ni`n` orayi` bolg`an g`a`rezsizlik maydani`na ornati`li`wi`, ol jerde Joqari` Ken`estin` jan`a ko`rkem imarati`ni`n` sali`ni`wi` ha`m abadanlasti`ri`w islerinin` a`melge asi`ri`li`wi` ha`mmede ruwxi`y ko`terinkilik ha`m quwani`sh sezimin payda etti.

G`a`rezsizlik ji`llari`nda I.Savickiy ati`ndag`i` Qaraqalpaqstan ko`rkem-o`ner muzeyinin` jan`a imarati` sali`ndi`, al tariyxi`y u`lketani`w muzeyi jan`a eksponatlari` menen bayi`di`, olardag`i` a`jayi`p shi`g`armalarg`a shet ellerden keliwshi turistlerdin` de qi`zi`g`i`wshi`li`g`i` artpaqta. Ma`nawiy-ta`rbiyali`q ta`repten roli og`ada u`lken bolg`an muzeyler rayonlarda da du`zildi. Beruniy

[24] М.Якубов, С.Абаев «Мәнаўият ҳам идеология-күш-қуўат дереги». Нөкис «Қарақалпақстан»,2011 43-бет

qalasi`ndag`i` ulli` babami`z A`biw Rayxan Beruniy muzeyi, Ellikqaladag`i` S.P.Tolstov ati`ndag`i` tariyxi`y-arxeologiya muzeyi ha`m basqalar jaslari`mi`zdi`n` du`n`yag`a ko`z-qarasi`n qa`liplestiriwge xi`zmet etpekte. Muzeylerimizdin` dan`qi` pu`tkil a`lemge jayi`lmaqta.

G`a`rezsizlik ji`llari`nda a`sirler dawami`nda Qaraqalpaqstan xali`qlari` a`zizlep kelgen, biraq sovetlik totalitarli`q ha`kimshilik ji`llari`nda estelikleri buzi`lg`an, qorlang`an, atlari` tariyxtan o`shiriwge ha`reket etilgen a`wliye ha`m ulamalardi`n` atlari` qayta tiklendi. Xoja Axmet Yassawiydin` sha`kirti, ati` pu`tkil islam du`n`yasi`na beligili  Ha`kim ata- Sulayman Baqi`rg`aniydin` yubileyi jurti`mi`zda ken` tu`rde belgilendi. Babami`z tuwi`lg`an Qon`i`rat rayoni`nda respublika ja`miyetshiliginin` qatnasi`nda ilimiy-teoriyali`q konferenciya boli`p o`tti, oni`n` «Baqi`rg`an» kitabi` Tashkentte baspadan shi`g`ari`ldi`.

Qaraqalpaq xalqi`ni`n` a`debiyati` o`z aldi`na u`lken bir tariyxqa iye. Sebebi ondag`i` da`stanlardi`n` o`zin ali`p qarag`ani`mi`zda buni`n` gu`wasi` bolami`z. Xalqi`mi`z do`retken da`stanlardi`n` bizin` ruwxi`yati`mi`zdi`n` to`rkini boli`wi`ni`n` sebebi: olarda dosli`q, watanpa`rwarli`q, aqi`lli`li`q, ma`rtlik, opadarli`q, miymandosli`q, a`dalat, tati`wli`q, muhabbat ha`m tag`i` basqa da insan ta`rbiyasi`na za`ru`rli ruwxi`y ha`m a`depliliktin` a`jayi`p da`rejede su`wretlegenligi, soni`n` menen qatar bul pazi`yletlerge jat-satqi`nli`qti`, qorqaqli`qti`, nadanli`qti`, a`depsizlikti qaralag`anli`g`i`, da`stanlarda xali`q muratlari`-qaharmanli`q, bahadi`rli`q, palwanli`q, da`wju`reklik, bati`rli`q, ma`rtlik, sheshenlik si`yaqli` milliy tuyg`i`lar sheberlik penen da`lilli tu`rde si`patlang`anlag`i`[25] menen baylani`sli`.  Qaraqalpaq a`debiyati` ha`m ko`rkem-o`nerinin` barli`q janrlari` ushi`n erkin rawajlani`w joli` ashi`li`wi`nda da g`a`rezsizligimizdin` orni` ayri`qsha  boldi`. O`zbekstan Qaharmanlari` shayi`r Ibrayi`m Yusupov ha`m jazi`wshi` To`lepbergen Qayi`pbergenovlardi`n` do`retpeleri pu`tkil O`zbekstan ma`deniyati`nda u`lken ori`ng`a iye bolmaqta. Qaraqalpaq xalqi`ni`n` og`ada bay ma`nawiy miyrasi` bolg`an fol`klordi`n` 100 tomli`g`i` toplandi`. Qaraqalpaq xalqi`ni`n` ma`nawiy du`n`yasi` ha`m xali`qli`q

[25] Ж.Базарбаев «Миллий идея-жол көрсетиўши жулдыз» Нөкис., «Қарақалпақстан», 2011 26-бет

filosofiyasi`ni`n` g`a`ziynesi, milliy ma`deniyattti`n` ko`rinisi bolg`an «Qaraqalpaq fol`klori`» kitabi` 2010-ji`lda Rossiyada o`tkerilgen «Kitap iskusstvosi`» xali`q arali`q tan`lawi`nda «Dosli`q awqami`» nominaciyasi` boyi`nsha birinshi ori`ng`a miyassar boldi`.

G`a`rezsizlik ji`llari`nda Qaraqalpaqstanda bilimlendiriw sistemasi`nda qabi`l etilgen uli`wmamilliy bag`darlamalar negizinde pu`tkilley jan`a basqi`shqa ko`terilmekte. Oni`n` materialli`q texnikali`q bazasi` jan`ardi`. Orta arnawli` bilimlendiriw ori`nlari` bolg`an licey ha`m kolledjlerdin` sawlatli` imaratlari` quri`ldi`. Prezidentimiz tikkeley ko`rsetpesi menen Tashkent agrar universitetinin`, Tashkent pediatriya instituti`ni`n`, Tashkent xabar texnologiyalari` universitetinin`, Tashkent ko`rkem-o`ner instituti`ni`n` No`kiste filiallari` ashi`ldi`.

Qaraqalpaq ali`mlari` da bu`gingi ku`nde u`lken jetiskenliklerge erispekte. Buri`ng`i` O`zbekstan ilimler akademiyasi`ni`n` Qaraqalpaqstan bo`limi qayta sho`lkemlestirildi, jan`adan eki ilimiy izzertlew instituti` du`zildi. Ilimiy izleniwler joqari` oqi`w ori`nlari`nda da tabi`sli` ali`p bari`lmaqta.

O`zbekstandag`i`, soni`n` ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi`nda milliy-ma`nawiy miyraslari`mi`zdi` tiklew boyi`nsha erisilgen tabi`slar Prezidentimizdin` milliy-ma`nawiy rawajlani`w koncepciyasi`ni`n` duri`sli`g`i`ni`n`, ilimiy obe`ktiv tiykarg`a iye ekenliginin` ha`m a`melge asi`wi`ni`n` ko`rinisi, g`a`rezsizliktin` real ju`zege shi`g`i`wi` desek boladi`.

## 2.3 Watanimizda milliy-ruwxi`y tikleniw boyi`nsha a`melge asi`ri`lg`an iygilikli isler.

O`zbekstan oni`n` qurami`nda suveren Qaraqalpaqstan g`a`rezsizlikke erisken da`slepki ku`nlerden baslap-aq, xalki`mi`zdi`n` mi`n` ji`llar dawami`nda toplag`an biybaha ma`nawiyati`n, milliy miyraslari`mi`zdi`, milliy qa`diriyatlari`mi`zdi` qayta tiklew, olardi` zamang`a i`layi`q mazmun menen bayi`ti`w isi jolg`a qoyi`ldi`. O`ytkeni milliy ma`nawiyati`mi`zdi`, milliy o`zligimizdi, milliy tariyxi`mi`zdi` qayta tiklemey, olardi`n` ma`nis - mazmuni`n,

a`hmiyetin toli`q an`g`ari`p almay g`a`rezsizlik ortag`a qoyg`an a`diwli maqsetlerge erisiw mu`mkin emes edi. Buni` jaqsi` tu`singen Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov: «Materialli`q reformalar, ekonomikali`q reformalar o`z joli`na, olardi` sheshiw mu`mkin. Xali`qti`n` ta`miynati`n da a`mellep turi`w mu`mkin. Biraq ma`nawiy reformalar-qulli`q ha`m bag`i`ni`shli`li`q iskenjesinen azat boli`p, qa`ddimizdi ba`lent tuti`p, ata-babalari`mi`zdi`n` u`rip-a`detlerin tiklep, olarg`a i`layi`qli` miyrasxor boli`w-bunnan go`re awi`r, bunnan go`re a`diwli wazi`ypa jok bul du`n`yada».[26]-degen edi.

Jurtbasi`mi`z bir qatar shi`g`armalari`nda, bayanat ha`m sa`wbetlerinde ma`nawiy-ma`deniy qa`diriyatlari`mi`zdi`n` ma`nis-mazmuni`, olardi` tiklew za`ru`rligi menen birge, ta`ribiyali`q-ideologiyali`q jumi`slardi` tabi`sli` ju`rgiziwdin` jollari` da ko`rsetip berildi. Bul jerde jurtbasshi`mi`zdi`n` «Joqari` ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh» atli` fundamental miynetinde ortag`a qoyi`lg`an pikirlerdin` a`hmiyetin tag`i` bir ma`rtebe atap o`tiw ori`nli`.

XXI a`sir basi`nda a`melge asi`p ati`rg`an globallasi`w processleri, ilim ha`m texnikani`n` tabi`slari`, soni`n` ishinde internet dizimi xali`qarali`q birge islesiwge ha`m integraciyani`n` rawajlani`wi`na ken` jol ashi`p berip ati`rg`ani` ha`mmege ma`lim. Usi`ni`n` menen birge, adamzatti`n` bul tabi`slari`nan ayi`ri`m siyasiy ku`shler g`a`rezli maqsetlerin a`melge asi`ri`w ushi`n ideologiyali`q qural si`pati`nda paydalani`wg`a uri`ni`p ati`rg`anli`g`i`ni`n` da gu`wasi` bolmaqtami`z. Adamlardi`n` ba`rinen buri`n jaslardi`n` oy-pikirin, qa`lbin ha`m sanasi`n buzi`wg`a , olardi` adamzatqa jat zi`yanli` ideyalar menen tolti`ri`wg`a, olardi` joldan azdi`ri`wg`a ha`reket qi`lmaqta.

Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov son`g`i` da`wirde jazg`an miynetlerinde de, atap aytqanda, «En` tiykarg`i` o`lshem-turmi`s haqi`yqatli`g`i`n sa`wlelendiriwden ibarat» (2009) atli` shi`g`armasi`nda bul ma`selege ayri`qsha itibar qaratti`.

[26] И.А.Каримов Ғәрезсизлик ҳәм руўхыйлық .Нөкис., «Қарақалпақстан», 1994 жыл 88-бет

Birinshi Prezidentimizdin` 1994-ji`li` 23-aprel`degi Pa`rmani` ha`m sol ji`li` 8-iyun`dag`i` O`zbekstan Respublikasi` Ministrler Kabinetinin` qarari` menen O`zbekstan Respublikasi` «Ma`nawiyat ha`m ma`ripat» ja`miyetshilik orayi` du`zildi ha`m usi` oraydi`n` Qaraqalpaqstan Respublikasi` ha`m wa`layatlardag`i`, rayon ha`m qalalardag`i` bo`limleri sho`lkemlestirildi. Bunday oray g`a`rezsiz ma`mleketler dosli`q awqami` (G`MDA) ellerinin` ishinde tek O`zbekstanda g`ana du`zilgen. Qaraqalpaqstan Respublikasi` Ministrler Ken`esinin` 1994-ji`li` 27-iyul`dag`i` qarari` menen Qaraqalpaqstan Respublikasi`nda «Ruwxi`y ma`deniyat ha`m ag`arti`wshi`li`q» ja`ma`a`tlik orayi`, son`i`nan kala ha`m rayonlarda oni`n` bo`limleri du`zildi. Oray 2000-ji`ldan baslap Qaraqalpaqstan Respublikasi`nda «Ruwxi`yli`q ha`m ag`arti`wshi`li`q» orayi`, al 2008-ji`ldan baslap «Ruwxi`y u`git-na`siyat» orayi` dep atalmaqta. Qaraqalpaqstanda Oraydi`n` turmi`si`ni`n` jolg`a qoyi`li`wi`nda O`zbekstan Qaharmani`, shayi`r Ibrayi`m Yusupovti`n`, son`i`nan bul wazi`ypani` atqarg`an belgili shayi`r ha`m ma`mleketlik g`ayratker Ulmambet Xojanazarovti`n` xi`zmetleri u`lken boldi`. Birinshi Prezidentimizdin` «Ma`nawiyat ha`m ma`ripat» ja`a`ma`tshilik orayi`ni`n` jumi`si`n bunnan bi`lay da jetilistiriw ha`m na`tiyjeliligin asi`ri`w haqqi`nda»g`i` 1996-ji`li` 9-sentya`brdegi Pa`rmani`nda ma`nawiy-ma`ripiy reformalardi` a`melge asi`ri`w ma`mleketimiz siyasati`ni`n` tiykarg`i` u`stinlikke iye bag`dari` dep ja`riyalandi`, ori`nlarda bul isti a`melge asi`ri`wdi`n` pu`tkil juwapkershiligi birinshi da`rejeli basshi`larg`a ju`klendi, birinshi da`rejeli basshi`lardi`n` ma`nawiyat ha`m ma`ripat isleri boyi`nsha ori`nbasarlari` lawazi`mi` engizildi.

Respublika Joqari` ha`m Orta arnawli` bilimlendiriw ministrligi ta`repinen 1997-ji`ldan baslap barli`q oqi`w ori`nlari`nda «Ma`nawiyat ha`m ma`ripat tiykarlari`» arnawli` kursi` engizildi, oni`n` bag`darlamalari` ha`m oqi`w qollanbalari` islep shi`g`i`ldi`.

G`a`rezsizlik ji`llari`nda ja`ha`n civilizaciyasi`n rawajlandi`ri`wg`a u`lken u`les qosqan ma`nawiy miyraslari`mi`zdi`n` ulli` do`retiwshilerinin` atlari` qayta tiklendi, olardi`n` do`retken biybaha miyraslari` xalqi`mi`zg`a qaytari`ldi`, yubiley

sa`neleri ma`mleket ha`m xali`qarali`q ko`lemde ken` tu`rde belgilendi, shi`g`armalari` basi`p shi`g`ari`ldi`.

1994-ji`li` YuNESKO ta`repinen Mi`rza Ulug`bek ji`li` dep ja`riyalandi` ha`m oni`n` 600 ji`lli`q yubileyi belgilendi. No`kis qalasi`nda oni`n` monumental ha`ykeli ornati`ldi`. 1996-ji`li` Amir Temur ji`li` dep ja`riyalandi`, ulli` babami`zdi`n` 660 ji`lli`q yubileyi xali`qarali`q ko`lemde joqari` da`rejeli saltanatlar menen boli`p o`tti. 1997-ji`li` Buxara ha`m Xiywa qalalari`ni`n` 2500 ji`lli`g`i`, ulli` qaraqalpaq shayi`ri` ha`m oyshi`li` Berdaqti`n` 170 ji`lli`g`i`, 1998-ji`li` Ha`dis iliminin` sultani` Imam A`l-Buxariydin` tuwi`lg`an ku`ninin` 1225 ji`lli`g`i`, ulli` astronom Axmet A`l-Ferganiydin` 1200 ji`lli`g`i` belgilendi. 1999-ji`li` Jalalatdin Manguberdinin` 800 ji`lli`g`i`, Alpami`s xali`q eposi`ni`n` 1000 ji`lli`q yubileyleri joqari` tayarli`qlar menen o`tkerildi. 2000-ji`li` Imam Motrudiydin` tuwi`lg`ani`ni`n` 1130 ji`lli`g`i`, 2001-ji`li` «Avesto» kitabi`ni`n` 2700 ji`lli`g`i`, 2002-ji`li` Termiz qalasi`ni`n` 2500 ji`lli`g`i`, 2006-ji`li` Qarshi` qalasi`ni`n` 2700 ji`lli`g`i` ha`m Xorezm Mamun akademiyasi`ni`n` 1000 ji`lli`g`i`, 2007-ji`li` Marg`ulan qalasi`ni`n` 2000 ji`lli`g`i` ham Samarqand qalasi`ni`n` 2750 ji`lli`g`i`, 2009-ji`li` Tashkent qalasi`ni`n` 2200 ji`lli`g`i` du`n`yali`q awqam menen birgelikte joqari` da`rejedegi saltanatlar menen ken` tu`rde belgilendi.

Bul yubileylerdin` ko`pshiligine YuNESKO g`amxorli`q etti, ja`ne de bul saltanatlardi`n` derlik barli`g`i`ni`n` juwmaqlawshi` a`njumanlari`nda Prezidentimizdin` o`zi qatnasti`. Hu`kimetimiz qarari`na muwapi`q ma`mleketimizdin` barli`q jerlerinde unamli` ma`nawiy-ma`pipiy ila`jlar o`tkerildi, estelikler ornati`ldi`.

A`yyemnen kiyati`rg`an milliy bayrami`mi`z «Nawri`z» qayta tiklendi, ol ma`nawiy-ma`deniy turmi`si`mi`zdi`n` aji`ralmas bo`legine aylandi`. 1993-ji`li` «Nawri`z - uli`wma xali`qli`q bayram» - dep ja`riyalaw haqqi`nda qarar shi`qti` ha`m sonnan berli ha`r ji`li` o`tkerilip kelmekte.

Birinshi Prezidentimiz basshi`li`g`i`nda g`a`rezsizlik ji`llari`nda milliy ma`nawiyati`mi`zdi`n` aji`ralmas bo`legi bolg`an diniy qa`diriyatlari`mi`z qayta tiklendi, islam ma`deniyati`n rawajlandi`ri`wg`a , hu`jdan ha`m diniy isenim erkinligin ta`miynlewge qarati`lg`an ila`jlar a`melge asi`ri`ldi`. 1991-ji`li`, keyninen jan`a redakciyada 1998-ji`li` 1-mayda «Hu`jdan erkinligi ha`m diniy sho`lkemler haqqi`nda» O`zbekstan Respublikasi` Ni`zami` qabi`l etildi. Oraza ha`m Qurban haytlari` uli`wma xali`qli`q bayram-dem ali`s ku`nleri dep dag`azalandi`. G`a`rezsizlik sharapati` menen qayta on`lang`an yaki jan`adan quri`lg`an 2000 nan arti`q meshitler mo`min-musi`lmanlarg`a xi`zmet etpekte. Ha`r ji`li` 4-5 mi`n`nan aslam Watanlaslari`mi`z Haj ha`m Umra zi`yarati`n ori`nlaw mu`mkinshiligine iye boldi`. YuNESKO Sho`lkemi menen birlikte islam ma`deniyati`nda ulli` iz qaldi`rg`an qalalardi`n` ha`m oyshi`llardi`n` yubileylerin o`tkeriw bari`si`nda olardi`n` estelikleri, arxitekturali`q kompleksleri qaytadan quri`li`p ken` ja`miyetshiliktin`, shet elli miymanlardi`n` zi`yaratlaytug`i`n ruwxi`y ta`rbiya ori`nlari`na aylandi`ri`ldi`. Olardan atap o`tetug`i`n bolsaq Buxarada Abduxoliq G`ijdiwaniy ha`m Bahawiddin Naxshbandiy, Samarqandta Imam Buxariy ha`m Imam Matrudiy, Marg`ulanda Burhaniddin Marg`inaniy, Tashkent qalasi`nda Ha`zireti Imam estelik kompleksi, Kukaldash, Abulqasi`m, Ha`zireti Imam, Barakxan medreseleri, Xoja Axrar Ualiy, Shayx Zayniddin meshitleri da`slepki hali`na keltirilip, puqaralar ma`nawiyati`n qa`liplestiriw oshaqlari`na aylandi`ri`ldi`. Qurani` Karim ha`m Ha`disler o`zbek tiline awdari`li`p, ko`p nusqada basi`p shi`g`ari`ldi`. Imam Buxariydin` 4 tomli`q «Al-Jome` as-sahiyh» atli` kitabi`, At-Termiziydin «Sunnayiy Termiziy» atli` ha`disler toplami`, Xoja Ahmet Yassawiydin` «Hikmetleri», Marg`inoniydin` «Hidoya»si`, Xa`kim ata Sulayman Baqi`rg`aniydin` «Baqi`rg`an kitabi`» ha`m basqada ko`plegen shi`g`armalar basi`p shi`g`ari`ldi`.

Islam du`n`yasi`ndag`i` abi`royli` sho`lkemlerinen bolg`an «Aysesko» ta`repinen 2007-ji`li` Tashkent - islam ma`deniyati`ni`n` paytaxti` dep ja`riyalandi`. Prezidentimiz «Turkiston - press» ma`mleketlik emes ma`limleme agentliginin` xabarshi`si`na bergen interv`yuinde, bul ba`rinen buri`n

babalari`mi`zdi`n` teberik isimlerine ha`m qaldi`rg`an miyrasi`na, xalqi`mi`zdi`n` islam ma`deniyati`n rawajlandi`ri`wg`a qosqan u`lesine berilgen baha, dep atap ko`rsetti. Tashkent qalasi`na berilgen bul joqari` baha  O`zbekstan Respublikasi` Prezidenti ha`m hu`kimetinin` elimizde islam ma`nawiyati`n ja`ne de ma`deniyati`n qorg`aw ha`m rawajlandi`ri`w, islami`y ma`nawiyatti` ha`r qi`yli` ekstremistik ko`z qaraslardan qorg`aw siyasati`ni`n` islam a`leminde g`ana emes, al pu`tkil du`n`ya ta`n ali`wi` boli`p esaplanadi`, -degen edi.

Miliy ma`nawiy tikleniwde ana tilinin` roli ulli` ekenligi so`zsiz. Sonli`qtanda «o`zlikti an`law, milliy sana ha`m oy-pikirdin` su`wretleniwi, a`wladlar ortasi`ndag`i` ruwxi`y-ma`nawiy baylani`s til arqali` ju`zege shi`g`adi`... Ana tili-bul millettin` ruwxi` esaplanadi`»[27],-degen edi Prezidentimiz  I.Karimov. 1989-ji`li` 21-oktya`brde o`zbek tiline, sol ji`ldi`n`  1-dekabrinde qaraqalpaq tiline ma`mleketlik til biyligi berildi. Ma`mlekette  basqari`w  tarawi`nda  is  ju`ritiw, jaslarg`a bilim ha`m ta`rbiya beriw ana tilimizde ju`rgizilmekte.

[27] И.А.Каримов. «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш».Нөкис «Қарақалпақстан» 2008-ж, 83-бет

# Juwmaq

Bıyıl O'zbekstan Respublikası o'z g'a'rezsizligin qolg'a kirgizgenine sarras jigirma bes jıl tolmaqta. Usı tariyxıy qısqa waqıt ishinde elimizde a'sirlerge tatırlıq ullı isler islendi h'a'm islenbekte. Bunday jetiskenliklerge erisiwimizdin' en' da'slepki tiykarı ma'mleketimizde alıp barılıp atırg'an a'dil siyasat, jurtbasshımızdın' uzaqtı go'zlep is tutıwı, eli, xalqı ushın pidayılıq penen jan ku'ydiriwi h'a'm usınday sawaplı isleri menen pu'tkil elge, h'a'tteki shet ma'mleketlerge de ibrat ko'rsete alıwı boldı. So'zi menen isi bir dana jurtbasshımızdın' ko'regenli isleri, a'dil siyasat ju'ritiwinin' arqasında bu'gingi du'nya ma'mleketlerinde ju'z berip atırg'an ekonomikalıq krizis jag'daylarınan o'z xalqın saqlaw, olardın' turmısında krizislik jag'daylardı boldırmawg'a tırısıw, shın ıqlası menen jan ku'ydiriwinin' arqasında biz bu'gin g'a'rezsizligimizdin' jigirma bes jıllıq toyın ullı jetiskenlikler menen ku'tip aldi`k.

Bul jetiskenliklerdi ja'ne de alg'a su'rip, biyik shoqqılarg'a qaray qa'dem qoyıwdın' en' utımlı usılı h'a'm jolı sıpatında Birinshi Prezidentimiz 2010 jıl 12-noyabrde O'zbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası h'a'm Senatının' qospa ma'jilisindegi «Ma'mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja'nede teren'lestiriw h'a'm puqaralıq ja'miyetin rawajlandırıw kontseptsiyası» atlı bayanatı tiykarında ja'miyetimizdegi tarawlardı reformalastırıw h'a'm da'wir talabına iykemlestiriwdin' a'h'miyetin ken'nen bayan etip, keleshek islerimizdin' de sa'tli bolıwlarına tiykar jaratıp berdi. Bul kontseptsiya da du'nya ellerin tan'landırıp, olarda da u'lken qızıg'ıwshılıq oyatpaqta.

G'a'rezsizlik da'wirinde bizin' elimizdin' o'zimiz go'zlegenimizdey rawajlanıwına mine usınday uzıqtı go'zlegen, ilim-bilimge h'a'm joqarı ma'nawiyatqa tayang'an a'dil siyasatı basshılıq etpekte. Biz o`z g`a`rezsizligimizdi qolg`a kirgizip, jan`a rawajlani`w joli`na qa`dem qoyg`ani`mi`zda en` a`hmiyetlisi, xalqi`mi`zdi`n` turmi`s qa`lpi, milliy da`stu`r ha`m qa`diriyatlari`mi`zdi`, xali`qti`n` ruwxi` ha`m keypiyati`n da ha`r ta`repleme esapqa aldi`q. Bul bolsa buri`ng`i` awqam da`wirinde esapqa ali`nbaytug`i`n edi.

Sonli`qtanda milliy-ruwxi`y tikleniw bag`dari`nda aldi`mi`zg`a qoyg`an maqsetlerimizge qaray elede izshil ha`reketlerimizdi dawam ettiriwimiz kerek.

**Paydalanılg'an a'debiyatlar:**

1.Karimov.I.A.G`a`rezsizlik ha`m ruwxi`yli`q .No`kis., «Qaraqalpaqstan», 1994.
2.Karimov I.A. Joqari` ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh. «Ma`naviyat» 2008 ji`l.
3.Karimov.I.A.O`zbekstan g`a`rezsizlikke erisiw bosag`asi`nda.-T: «O`zbekstan» NMIU , 2011.
4.İ.A.Karimov «O'zbekstan XXI a'sir bosag'asında: qa'wipsizlikke qa'wip barqararlıq sha'rtleri» T., 1997j.

5.İ.A. Karimov.«Jan'asha oylaw-da'wir talabı», No'kis, «Qaraqalpaqstan» 1997j.
6.İ.A.Karimov «Ozod h'am taraqqiyot kafolatlari» T., 1997j.

7.İ.A.Karimov «Biz tan'lag'an jol demokratiyalıq taraqquot marifiy du'nya menen h'amkarlık jolı» T., 2003j.

8.İ.A.Karimov «Tiykarg'ı maqsetimiz elimizde erkin h'a'm abat parawan turmıs qurıw jolın buljıtpay dawam ettiriw» Erkin Qaraqalpaqstan, 11 dekabr 2007 j.

9.İ.A.Karimov «Uzbekistonning uz istiqlol va taraqqiyot yuli». Toshkent «Uzbekiston»1992j.
10.J.Bazarbaev «Milliy ideya-jol ko`rsetiwshi juldi`z» No`kis., «Qaraqalpaqstan», 2011.
11.J.Bazarbaev. « O`zlikti an'law - ma`nawiyat o`zegi». No`kis., «Qaraqalpaqstan», 2016.
12.Yakubov.M.A, Abaev.S.A Ma`nawiyat ha`m ideologiya ku`sh-quwat deregi. No`kis «Qaraqalpaqstan» 2011.
13.M.Imomnazarov «Milliy ma`naviyatimiz asoslari» (uquv qullanma). O`zbekiston faylasuflar milliy jamiyati nashriyoti.,Toshkent 2006
14.«Inson xotirasi – boqiy, qadr-qimmati - ulug`», «Wzbekiston ovozi» gazetasi №58 (31490), 10 may 2012 yil.

15.O`zbekstan Respublikasi` Prezident Islam Karimovti`n` O`zbekstan g`a`rezsizlikke erisiw bosag`asi`nda kitabi`n u`yreniw boyi`nsha metodik qollanba. «Wqituvchi» baspa do`retiwilik u`yi., Tashkent 2012
16.Qaraqalpaqstan respublikasının’ Konstitutsiyası. No’kis, «Qaraqalpaqstan». 1993j.
17. S. Ochil. Mustaqillik va manaviy tarbiya masalalari. T. 1996j.
18. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Ken’esinin’ Ma’jlisleri. On ekinshi shaqırıq on to’rtinshi sessiya, 1993-jıl, 24-dekabr, stenografiyalıq esap, No’kis,«Qaraqalpaqstan».1996-jıl.
19. Erkin Qaraqalpaqstan, 22-dekabr, 1992-jıl,№213
20. Qaraqalapqstan Respublikası ekonomika h’a’m statistika Ministrligi. İlim h’a’m ma’deniyat bo’limi.1997j.
21. Erkin Qaraqalpaqstan.№189. 25-noyabr, 1993j.
22. Erkin Qaraqalpaqstan.№188. 28-noyabr,1993j.

A`jiniyaz atindag`i NMPI tariyx fakul`teti «Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi» ta`lim bag`dari pitkeriwshi Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi «G’arezsizlik – O’zbekstan xalqinin tarixiy jenisi » temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisinin’

## ANNOTATSIYASI

Temanın` aktuallıg`ı. Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov 2012 ji`li` 9 mayda Eslew ha`m qa`dirlew ku`nine bag`i`shlap o`tkerilgen ma`resimde o`sip kiyati`rg`an jas a`wlad g`a`rezsizligimiz tariyxi`n teren` u`yreniwi, bunday ku`nlerge an`satli`q penen erisilmegenin tu`sinip an`lap jetiwi za`ru`rligin ayri`qsha ko`rsetip o`tken edi. Birinshi Prizidentimiz elimizdi rawajlandi`ri`u, xalqi`mi`zdi`n` bu`gingi ha`m erten`gi turmi`si` ti`ni`shli`q ha`m turaqli`li`qti` saqlaw, regioni`mi`z ha`m du`n`ya ju`zindegi jag`dayg`a baylani`sli`li`g`i` haqqi`nda, usi` pikirlerdi ba`rinen buri`n jaslardi`n` qa`lbi ha`m sanasi`na sin`diriw bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli ma`selelerinen ekenine ayri`qsha itibar qaratti`.

Ja`ne de ruwxi`yli`q ma`selelerine toqtali`p o`ter eken Jurtbasshi`mi`z o`zinin` «Joqari` ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh» degen miynetinde: «Babalari`mi`zdi`n` oy-pikiri ha`m danali`g`i` menen jarati`lg`an en` ertedegi tas jazi`wlar ha`m bitikler, xali`q awi`zeki do`retiwshilik u`lgilerinen tarti`p, bu`gingi ku`nde kitapxanalari`mi`zdi`n` g`a`ziynelerinde saqlani`p ati`rg`an mi`n`-mi`n`lag`an qol jazbalar bizin` ulli` ma`nawiy bayli`g`i`mi`zdur. Bunshali`q u`lken miyrasqa iye bolg`an xali`q du`n`yada kemnen-kem tabi`ladi`»[28] degen edi. Solay eken bunday biybaha miyraslari`mi`zdi` asi`rap-abaylawi`mi`z ha`m keleshek a`wladlarg`a jetkiziwimiz lazi`m.

Ma`mleketimizde ruwxi`y tikleniw tarawi`nda islenip ati`rg`an jumi`slardi`n`, reformalardi`n` barli`g`i` tikkeley g`a`rezsizligimiz benen baylani`sli`. O`z gezeginde g`a`rezsizligimizdi bekkemlew ushi`n da ruwxi`y ta`repten bay, ku`shli ma`mleket du`ziwimiz kerek. Sonli`qtanda g`a`rezsizligimiz ha`m ruwxi`y tikleniw bu`gingi ku`nde ha`r qashang`i`dan ha`m aktual ma`sele boli`p tabi`ladi`.

---

[28] И.А.Каримов. «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш».Нөкис «Қарақалпақстан» 2008-ж, 41-бет

Pitkeriw qa`nigelik jumısının` maqseti ha`m wazıypaları: Ma`mleketmizde milliy-ruwxi`y tikleniw boyi`nsha a`melge asi`ri`li`p ati`rg`an reformalar, iygilikli islerde g`a`rezsizligimizdin` a`hmiyeti. Sonday-aq xalqi`mi`zdi`n` sanasi`nda jan`asha oylaw, ko`z-qaraslardi` qa`liplestiriw, g`a`rezsizligimizdin` bizge jarati`p bergen u`lken imkaniyatlari`nan aqi`lg`a ug`ras paydalana ali`w, a`sirese jaslardi`n` ha`r ta`repleme ka`mil insan boli`p ka`liplesiwin ha`m de ruwxi`y ba`rkamal insandi` ta`rbiyalaw boli`p esaplanadi`. Ja`miyettin` ruwxi`y turmi`si`ni`n` ma`mleket rawajlani`wi`nda qa`nshelli da`rejede a`hmiyetke iye ekenligin ko`rsetip beriw.

Diplom jumi`si`ni`n` predmeti. O`zbekstanni`n` g`a`rezsizlikke erisiwi, milliy ruwxi`y tikleniwde ma`mleketimiz ta`repinen ali`p bari`lg`an reformalar, ja`ne de olardi`n` na`tiyjelerinin` a`hmiyeti.

Pitkeriw qa`nigelik jumısının` ilimiy ha,m a,meliy ahmiyeti: Bizin’ pitkeriw qa’nigelik jumısımızdın’ ayırmashılıg’ı, onın’ ullı sa’nege bag’ıshlanıwında h’a’m o’zinin’ tiykarg’ı maqsetin g’a’rezsizlik jıllarındag’ı jetiskenliklerimizdi analiz etip, jaqın h’a’m qayırlı isler menen tolı o’tmishimizdi analiz etiwden ibarat.

Pitkeriw qa`nigelik jumısının` du`zilisi. Pitkeriw qa`nigelik jumısı kirisiw, 2 bap, 7 paragraf, juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

Pitkeriwshi: Nietbaeva S.

Ilimiy basshi: doc. Seitova Z.P.

A`jiniyaz atindag`i NMPI tariyx fakul`teti «Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi» ta`lim bag`dari pitkeriwshi Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi «Garezsizliq – O’zbekstan xalqinin’ tariyxiy jen’isi» temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisina

**BAHALAW**

Pitkeriw qa’nigelik jumisi temasi ju’da’ tan’lang’an ha’m usi temanin’ mazmunin aship beretug’in da’rejede baplarg’a bo’lingen. Jigirma bes jıl. Watanımızdın’ tariyxında bul jıllar g’a’rezsizligimizdin’ bekkemlengeni menen de a’h’miyetli bolıp tabıladı. Bul jıllar o’zinin’ mazmunına bola, demokratiyalıq printsipler h’a’m bazar ekonomikası tiykarlarına su’yengen jan’a ja’miyet, jan’a ma’mleket qurıw jolındag’ı a’sirlerge ten’ jıllar sıpatında elimizdin’ tariyx betlerine altın h’a’ripler menen mo’rlenedi. G’a’rezsizlik xalqımızdın’ a’sirler dawamında a’rmanı, ko’p jıllıq gu’reslerdin’ na’tiyjesinde qolg’a kirgizilgen ullı tariyxıy jen’is bolıp tabıladı. Jigirma bes jıldan berli elimiz o’z ta’g’dirin o’z qolına alıp, elimizdin’ jan’a turmıs, jan’a ja’miyet qurıw ushın, pida’kerlik penen miynet etpekte. G’a’rezsizlik jılları Birinshi Prezidentimiz İslam Karimovtın’ basshılıg’ında mine usı iygilikli maqset jolında erisilgen salmaqlı tabıs h’a’m na’tiyjeler, ken’ ko’lemli o’zgerisler, sheksiz imkaniyatlar menen xalqımız bu’gin qanshelli maqtansada arzıydı. Nietbaeva Sanobar oz pitkeriu kaniygelik jumi`si`nda mamlekettin siyasati` elimizdin garezsizligi bizin aldi`mi`zga ulken imkaniyatlar esigin ashi`p, xalki`mi`z ushi`n erkin, parauan turmi`s kuri`u, dun`ya xali`klari` arasi`nda munasip ori`n iyeleudegi jokari` maksetler joli`na bekkem fundament sali`uga xi`zmet etkenligin tariyplep berdi.

Juwmaqlap aytqanda Nietbaeva Sanobar Qoshqarbay qizi «G’arezsizlik–O’zbekstan xalqinin tariyxiy jen’isi» atli bakalavr pitkeriw qa`niygelik jumisina qoyilatugin talaplarg`a juwap beretug`in ha`m joqari bahalawg`a ilayiq jumis dep esaplayman.

Ilimiy basshi: dos. Seytova Z.P.

A`jiniyaz atindag`i NMPI tariyx fakul`teti «Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi» ta`lim bag`dari pitkeriwshi Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi «G`arezsizlik – O`zbekstan xalqinin` tariyxiy jen`isi» temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisina

## PİKİR

Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizinin' pitkeriw qa'nigelik temasi aktual ma'selege qurilg'an, sebebi Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov 2012-ji`li` 9-mayda Eslew ha`m qa`dirlew ku`nine bag`i`shlap o`tkerilgen ma`resimde o`sip kiyati`rg`an jas a`wlad g`a`rezsizligimiz tariyxi`n teren` u`yreniwi, bunday ku`nlerge an`satli`q penen erisilmegenin tu`sinip an`lap jetiwi za`ru`rligin ayri`qsha ko`rsetip o`tken edi. Elbasshi`mi`z elimizdi rawajlandi`ri`u, xalqi`mi`zdi`n` bu`gingi ha`m erten`gi turmi`si` ti`ni`shli`q ha`m turaqli`li`qti` saqlaw, regioni`mi`z ha`m du`n`ya ju`zindegi jag`dayg`a baylani`sli`li`g`i` haqqi`nda, usi` pikirlerdi ba`rinen buri`n jaslardi`n` qa`lbi ha`m sanasi`na sin`diriw bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli ma`selelerinen ekenine ayri`qsha itibar qaratti`.

Ja`ne de ruwxi`yli`q ma`selelerine toqtali`p o`ter eken Jurtbasshi`mi`z o`zinin` «Joqari` ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh» degen miynetinde: «Babalari`mi`zdi`n` oy-pikiri ha`m danali`g`i` menen jarati`lg`an en` ertedegi tas jazi`wlar ha`m bitikler, xali`q awi`zeki do`retiwshilik u`lgilerinen tarti`p, bu`gingi ku`nde kitapxanalari`mi`zdi`n` g`a`ziynelerinde saqlani`p ati`rg`an mi`n`-mi`n`lag`an qol jazbalar bizin` ulli` ma`nawiy bayli`g`i`mi`zdur. Bunshali`q u`lken miyrasqa iye bolg`an xali`q du`n`yada kemnen-kem tabi`ladi`» degen edi. Solay eken bunday biybaha miyraslari`mi`zdi` asi`rap-abaylawi`mi`z ha`m keleshek a`wladlarg`a jetkiziwimiz lazi`m. Ma`mleketimizde ruwxi`y tikleniw tarawi`nda islenip ati`rg`an jumi`slardi`n`, reformalardi`n` barli`g`i` tikkeley g`a`rezsizligimiz benen baylani`sli`. O`z gezeginde g`a`rezsizligimizdi bekkemlew ushi`n da ruwxi`y ta`repten bay, ku`shli ma`mleket du`ziwimiz kerek. Sonli`qtanda g`a`rezsizligimiz ha`m ruwxi`y tikleniw bu`gingi ku`nde ha`r qashang`i`dan ha`m aktual ma`sele boli`p tabi`ladi`.

Ulıwma alg'anda pitkeriwshi Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi «G'arezsizlik – O'zbekstan xalqinin' tariyxiy jen'isi» temasindag`i atlı bakalavr pitkeriw qa'niygelik jumısına qoyılatug'ın talaplarg'a juwap beredi. Ol tamamlang'an, orınlang'an xarakterge iye,sonlıqtanda onı jaqlawg'a usınıs etemen h'a'm joqarı bah'alawg'a ılayıq dep esaplayman.

Pikir bildiriwshi: prof. Bazarbaev B.

A`jiniyaz atindag`i NMPI tariyx fakul`teti «Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi» ta`lim bag`dari pitkeriwshi Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi «G'arezsizlik – O'zbekstan xalqinin tariyxiy jen'isi» temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisina

# PİKİR

Pitkeriw qa'nigelik jumisi temasi ju'da' tan'lang'an ha'm usi temanin' mazmunin ashіp beretug'in da'rejede baplarg'a bo'lingen. Jumista talaba G`a`rezsizlik-bul insan ushi`n joqari` o`nim. Tek g`ana g`a`rezsizlik arqali` xali`q o`z azatli`g`i`na, erkinligine, o`z ta`g`dirin, o`z turmi`si`n o`zi quri`w imkani`na iye bola aladi`. G`a`rezsizlik ha`r qandi`y xali`q , elat ha`m millettin` ta`biyiy, ni`zamli` za`ru`rligi, joqari` maqseti esaplanadi`. Xali`q ushi`n g`a`rezsizlikten ko`re arti`qi`raq joqari` baxi`t, quwani`sh joq ha`m bolg`an emes. G`a`rezsizlik ha`r bir insan, ha`r bir milletin` hesh na`rse menen sheklenbegen erkinligi. O`zbekstanda G`a`rezsizlikti qolg`a kiritiw ha`m oni` saqlap qali`wda Birinshi Prezident I.Karimovti`n` xi`zmetleri u`lken. G`a`rezsizlik ji`llari`nda ma`mleketimizde a`melge asi`ri`li`p ati`rg`an reformalardan go`zlengen tiykarg`i` maqset rawajlani`p barati`rg`an bazar ekonomikasi`na tiykarlang`an erkin demokratik ja`miyet quri`w. Mine usi` maqset joli`nda barli`q tarawlar si`yaqli` ma`nawiy tarawda ha`m bay ma`nawiy miyrasi`mi`zdi` u`yreniw, asi`rap-abaylaw, ilim-pa`n jetiskenliklerin a`meliy isler menen bayi`ti`p bari`w, o`zligimizdi teren`irek an`law, milliy ideologiya princplerin xalqi`mi`z qa`lbi ha`m sanasi`na sin`diriw, muqaddes dinimiz ha`m tariyxi`mi`zdi` qa`lbekilestiriw, olardan siyasiy maqsetlerde paydalani`wg`a jol qoymaw tiykarg`i` wazi`ypalardan esaplanadi`. G`a`rezsizlik ji`llari`nda ja`ha`n civilizaciyasi`n rawajlandi`ri`wg`a u`lken u`les qosqan ma`nawiy miyraslari`mi`zdi`n` ulli` do`retiwshilerinin` atlari` qayta tiklendi, olardi`n` do`retken biybaha miyraslari` xalqi`mi`zg`a qaytari`ldi`, yubiley sa`neleri ma`mleket ha`m xali`qarali`q ko`lemde ken` tu`rde belgilendi, shi`g`armalari` basi`p shi`g`ari`ldi`.

Juwmaqlastırıp aytqanda Nietbaeva Sanavar Qoshqarbay qizi «G'arezsizlik –O'zbekstan xalqinin tariyxiy jen'isi» temasındag'ı pitkeriw qa'niygelik jumısı talaplarg'a tolıq juwap bere aladı, tamamlang'an,aldına qoyg'an maqsetine jetken dep oylayman h'a'm jaqlawg'a usınıs etip joqarı bah'alawg'a ılayıq dep esaplayman.

Pikir bildiriwshi: Berdaq atındag'ı QMU

«Social panler» кafedrası: doc. Maksetova M.К.

A`jiniyaz atindag`i NMPI tariyx fakul`teti «Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi» ta`lim bag`dari pitkeriwshi Perdebaeva Nurjamal Saparbaevnani`n «I.A.Karimovtin` hayal-qizlarga joqari` ruwxi`yli`gi`n qaliplestiriw koncepciyasi`» temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisina

**PİKİR**

Pitkeriwshi o'z jumi`si`nda ma`mleketimiz oz g`arezsizligine eriskennen keyingi ji`llarda Birinshi Prezidentimizdin` baslamasi` menen hayal-qi`zlardi`n` ma`mleket ha`m ja`miyet quri`li`si`ndag`i` rolin asi`ri`w boyi`nsha ayri`qsha sistema islenip shi`gi`li`p, bul bag`dardag`i` jumi`slardi`n` natiyjeliligin ja`ne de artti`ri`w maqsetinde bir qatar pa`rmanlar menen qararlar qabi`l etildi ha`m olardi`n` turmi`sqa engiziliu`inde de ken ko`lemli is-ilajlar amelge asi`ri`li`p kelinbekte.Asirese, Birinshi Prezidentimizdin` 2004-ji`l 25-mayda «O`zbekstan hayal-qi`zlar komitetinin` jumi`si`n qollap-quwatlaw boyi`nsha qosi`msha is-ilajlar haqqi`nda»gi` 3434-sanli` Pa`rmani` ha`m 2014-ji`l 1-avgusttagi` «2014-2018-ji`llarda O`zbekstanda xali`qti`n` reproduktiv salamatli`g`i`n bekkemlew, analar, balalar ha`m jas ospirmderdin densauli`g`i`n qorg`aw boyi`nsha Ma`mleketlik bag`darlamasi` haqqi`nda»gi` 2221-sanli` qararlari`ni`n` qabi`l etilgenligin ayri`qsha atap o`tiwmiz ori`nli`. Bul a`hmiyetli xujjetler tiykari`nda elimizde hayal-qi`zlar komitetlerinin` jumi`slari`n ja`ne de joqari` baski`shka ko`teriwge ayri`qsha itibar qarati`li`wi` menen birgelikte xalqi`mi`zdi`n` reproduktiv salamatli`g`i`n, ha`m ana-bala den sauli`g`i`n bekkemlew, olar arasi`nda xar ki`yli` jukpali` keselliklerdin` aldi`n ali`w ma`selesi ayri`qsha ori`n tutudi`. O`zbekstan Respublikasi` oz g`arezsizligin qolg`a kirgizgen ji`llardan baslap, elimizde hayal-qi`zlardi` ayri`qsha hurmet etiw, socialli`q jaqtan qorg`aw, ja`miyettegi abi`rayi`n ko`teriw bag`dari`nda qabi`l etilgen Prezident parmanlari`,barli`q a`hmiyetli ma`mleketlik xujjetleri analiz etip shi`gi`lgan.

Ulıwma alg'anda pitkeriwshi Perdebaeva Nurjamal Saparbaevnani`n «I.A.Karimovti`n xayal-ki`zlarga jokari` ruuxi`yli`gi`n qa'liplestiriw koncepciyasi`» atlı bakalavr pitkeriw qa'niygelik jumısına qoyılatug'ın talaplarg'a juwap beredi. Ol tamamlang'an, orınlang'an xarakterge iye,sonlıqtanda onı jaqlawg'a usınıs etemen h'a'm joqarı bah'alawg'a ılayıq dep esaplayman.

Pikir bildiriwshi «Milliy ideya,

ruwxiyliq tiykarlari ha`m

huqiq ta`limi» kafedra basli`gi`: f.i.k. Embergenov A.

A`jiniyaz atindag`i NMPI tariyx fakul`teti «Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi» ta`lim bag`dari pitkeriwshi Perdebaeva Nurjamal Saparbaevnani`n «I.A.Karimovtin` hayal-qizlarga joqari` ruwhi`yli`gi`n qaliplestiriw koncepciyasi`» temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisina

**PİKİR**

Pitkeriw qa’nigelik jumisi temasi ju’da’ tan’lang’an ha’m usi temanin’ mazmunin aship beretug’in da’rejede baplarg’a bo’lingen. Perdebaeva Nurjamal pitkeriw qa’nigelik temasi en aktual ma’selerdin biri. Turmi`si`mi`zdi`n` kaysi` tarawi`n ali`p qaramayi`k, ma`mleket ha`m ja`miyet quri`li`si`nda, ilim, bilimlendiriw, madeniyat, sport, isbilermenlik, onermentshilik ma`mleketlik siyasat, kullasi`, barli`q tarawlarda hayal-qi`zlari`mi`z munasip ori`n iyelep, u`lken jetiskenliklerge erispekte.

Ma`mleketimizde g`arezsizlik ji`llari`nda hayal-qi`zlarg`a g`amxorli`q korsetiw, olardi` socialli`q-xukuki`y ta`repten qollap-quwatlaw, ni`zamli` maplerin ta`miyinlew, siyasiy iskerligin asi`ri`w, kasiplik, fizikali`q, ruwhi`y ha`m intellektual kabiletin rawajlandi`ri`w, shan`araq, anali`q ha`m de balali`qti` qorg`aw, salamat shan`araqli`kti` qorg`aw, salamat shan`araqti` qa`liplestiriw ma`seleleri ma`mleket siyasati` da`rejesine ko`terildi. Bul bag`dardag`i` is-hareketler natiyjesin bugin olardi`n` maxalleleri, shan`araqlardi` mexir-aki`bet ortali`g`i`n bekkemlew perzentlerimizdi barkamal insanlar etip tarbiyalau menen birge, elimiz turmi`si`ndag`i` jan`alani`wlar bari`si`nda belsene qatnasi`p kiyati`rg`an

Son`day-ak, demokratiyali`q processlerdi teren`lestiriwdin jan`a da`wirinde hayal-qi`zlar ha`m balalardi`n` ja`miyettegi orni` ha`m rolin asi`ri`w maqsetinde Respublika Prezidenti, Oliy Majlis, Ministrler kabineti, Sud, Proquratura, Ishki isler xi`zmeti mekemeleri ta`repinen Pa`rmanlar, ni`zam ha`m rejeler qabi`l etilip, hayallarg`a, balalarg`a, mayi`p ha`m pensionerlerge ayi`ri`m jen`illikler beriliwi dawam etti.

Juwmaqlastırıp aytqanda Perdebaeva Nurjamal Saparbaevnani`n «I.A.Karimovtin` hayal-qizlarga joqari` ruwhi`yli`gi`n qaliplestiriw koncepciyasi`» temasındag’ı pitkeriw qa’niygelik jumısı talaplarg’a tolıq juwap bere aladı, tamamlang’an,aldına qoyg’an maqsetine jetken dep oylayman h’a’m jaqlawg’a usınıs etip joqarı bah’alawg’a ılayıq dep esaplayman.

Pikir bildiriwshi: prof. Bazarbaev B.